**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

*Қол жазба ҳуқықында*

**УДК:________**

**МАМБЕТНАЗАРОВ ГЕНЖЕМУРАТ ДЖУМАБАЕВИЧ**

# Ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўдиң конституциялық тийкарлары

5А240101 – Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў (конституциялық ҳуқық; ҳәкимшилик ҳәм финанс ҳуқықы; мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматы)

**Магистр академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған**

**ДИССЕРТАЦИЯ**

МАК да жақлаўға рухсат
Магистратура бөлими баслығы

___________доц. А.Б.Гулимов

**Илимий басшы:** **ю.и.к. доц., Б.А.Дауменов**

**Кафедра баслығы:** **ю.и.к. доц., О.Д.Утегенов**

**Нөкис -2015**

# МАЗМУНЫ

**КИРИСИЎ…………………………………………………………………..2**

**I Бап. ҲУҚЫҚЫЙ МӘМЛЕКЕТТИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ ТИЙКАРЛАРЫ……………………………………………………………11**

§1. Ҳуқықый мәмлекеттиң тийкарғы белгилери ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў тийкарлары……………………………...………11

§2. Демократиялық процесслер ҳәм суд ҳуқық реформалары………..16

**II Бап. ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ПУҚАРАЛЫҚ ЖӘМИЙЕТТИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДИҢ КОНСТИТУЦИЯЛЫҚ ҲУҚЫҚЫЙ ТИЙКАРЛАРЫ …………………..………………………..28**

§1. Өзбекистан пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў жолында……29

§2. Өзин - өзи басқарыў уйымларының роли…………………………37

§3. Сиясий партиялардың пуқаралық жәмийетинде тутқан роли……46

**III Бап. ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ҲУҚЫҚЫЙ МӘМЛЕКЕТ ҲӘМ ПУҚАРАЛЫҚ ЖӘМИЙЕТИН ҚУРЫЎДА ЖӘМИЙЕТЛИК ҚАДАҒАЛАЎДЫҢ ОРНЫ ҲӘМ ӘҲМИЙЕТИ...….61**

§1. Жәмийетлик қадағалаў - ҳәкимшилик реформалардың тийкары...61

§2. Жәмийетлик қадағалаў түсиниги ҳәм оның мазмуны……..……...69

§3. Жәмийетлик қадағалаўдың мақсети ҳәм ўазыйпалары…..………82

**ЖУЎМАҚЛАЎ……………………………………………………...100**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ…………………105**

# КИРИСИЎ

**Изертлеў темасының актуаллығы**. Өзбекистан мәмлекети өз ғәрезсизлигин қолға киритиўи менен базар қатнасықларына тийкарланған ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўди өзиниң алдына баслы мақсет етип қойды, бул жолда жүдә қурамалы тәжирийбели басқышларды басынан өткизди ҳәм бул процесс еле даўам етпекте.

Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Президенти лаўазымына кирисиў салтанатлы мәресимине бағышланған Олий Мажлис Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисинде: «Бул бойынша әмелге асырып атырған ислеримиз қатарында турмысымызды кескин өзгерттирип атырған демократиялық реформаларды тезлестириў, олардың нәтийжесин асырыў бүгунги күнде, ҳеш гүмансыз, ең әҳмийетли ўазыйпамызға айланбақта, десем, қәтелеспеген боламан»[1] деген еди.

Сондай-ақ, Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың Олий Мажлис Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги «Бизиң бас мақсетимиз – жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизация ҳәм реформалаў» атлы баянатында мәмлекет раўажланыўының баслы бағдарлары ҳәм стратегиялық ўазыйпалары, ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириўдиң ең әҳмийетли мәселелери тийкарлап берилген[2].

Айтып өтиў керек, баянатта алға қойылған анық мақсет ҳәм идеялар, әмелий усыныс ҳәм пикирлер тек ғана елимизде емес, бәлки дүнья жәмәәтшилигинде ҳәм үлкен қызығыў оятты. Себеби бул темада ҳәр тәреплеме терең тийкарлап берилген жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизация ҳәм реформалаў жоллары

[1] Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Президенти лавозимига киришиш тантанали маросимига бағишланган Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи// http://www.gov.uz/uz/news/view/1336.

[2] Ислом Каримов. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. «Халқ сўзи», 2005 йил 29 январь.

халқымыздың көп әсирлик мәмлекетшилик дәстүрлери, бүгинги раўажланған мәмлекетлердеги алдыңғы тәжирийбелер тийкарында ислеп шығылған жаңа бир раўажланыў концепциясы екенин бүгинги өмирдиң өзи дәлиллеп турыпты.

Президентимиз өз баянатында ең дәслеп елимизде ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў процессине, бул барыста реформалардың өзине тийисли тәреплерине баҳа берди. Ғәрезсизлик жылларында Өзбекистан халқымыздың мийнети ҳәм ис ҳәрекети менен дүнья жәмийетинде мүнәсип орын ийеледи. Қысқа ўақыт ишинде социал – экономикалық қатнасықлардың тийкарлары халық ҳәкимияты системасын дүзип беккемленбекте, жәмийет турмысында социал әдалат принциплери ҳәм демократиялық қәдириятлар терең тамыр атыўы нәтийжесинде адамлардың санасы да раўажланып бармақта.

Әмелге асырылып атырған реформалар мәмлекетимиздиң дүнья жәмийетине толық интеграцияласыўы ҳәм халықаралық сиясаттың актив қатнасыўшысына айланыўына кең имканиятлар жаратпақта. Өткен жыллар даўамында Өзбекистан халқының бай тарийхы, дәстүрлери, үрп - әдетлери, өзине тән менталитети ҳәм психологиясының улыўма инсаныйлық қәдириятлар менен уйғынласыўы тийкарында раўажланып баратуғын демократиялық системаның миллий модели қәлиплестирилди.

Диссертация темасы ҳәм концепциясының әҳмийетлилиги менен байланыслы тийкарғы белгилерден екеўин айрықша көрсетиў лазым.

Биринши «Күшли мәмлекеттен күшли пуқаралық жәмийетке қарай», деп белгиленген миллий сиясий қурылыс дәстүриниң ислеп шығылғаны ҳәм оның әмелде енгизилгенлиги болды.

Екиншиси мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын еркинлестириў, басқаша айтқанда, «мәмлекет қурылысы ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў процесслерин еркинлестириў»[1], деп аталыўы мүмкин.

[1] Каримов.И.А Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т. 7-т. Ўзбекистон. 1999. 380-б.

«Өзбекистандағы реформалар ҳәм жаңаланыў процесслерине баҳа берер екенбиз, соны айтып өтиўди қәлер едим, - дейди Республика Президенти «Өзбекистан XXI әсирге умтылмақта» шығармасында, турмысымыздың барлық тараўларын еркинлестириў жолы өз мазмун итибарына көре мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған барлық өзгерислердиң тийкарғы байланыстырыўшы буўынына айланады»[1].

Еркинлестириў процесслерине, жәмийетти демократияластырыў ҳәрекетиниң биринши нәтийжелерине бул жолда ерисилген дәслепки басқыш сыпатында қараў лазымлығын айтқан Президентимиз, еркинлестириў принципин кеңейттириўдиң тийкарғы бағдарларын белгилеп, тийкарғы ўазыйпаларды тайынлады. Сиясий тараўды еркинлестириў, жәмийетте мәплер ҳәм қарама-қарсы күшлер ортасында аралықты тәмийнлейтуғын күшли механизмлерди қәлиплестириў, демократиялық ҳуқықый мәмлекеттиң зәрүр принципи сайлаў ҳуқықын, адамлар өз қәлеўлерин еркин сәўлелендириў өз мәплерин жүзеге шығарыў ҳәм қорғаў ҳуқықын тәмийнлеў ушын нызамлы ҳуқықый тийкарын жаратып бериў лазым болады.

Ислам Каримовтың сиясий-ҳуқықый тәлийматында демократиялық ҳуқықый мәмлекетшилик тәлийматы ҳәм әмелиятына қосылған үлеслер арқасында мәмлекет қурылысы процесслерин еркинлестириў, конституциялық принциплердиң әмелдеги шығыўы, мәмлекет басқарыўы системасын раўажланған демократиялық ҳуқықый мәмлекетлер тәжрийбеси тийкарында жетилистириў пуқаралық жәмийети, суд ҳуқық тараўы реформалары менен байланыслы идеялар айрықша илимий теориялық, илимий-әмелий әҳмийетти ийелейди. Әне усы да және басқа теориялық - әмелий машқалалар биринши мәрте бирдей жағдайда усы жумыста үйренилип атырғанлығы ҳәм улыўмаластырылып атырғаны изертлеў темасының әҳмийетлилигин тәмийнлеген тийкарғы факторлардан болды.

---

[1] Каримов.И.А Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. Т.Ўзбекистон. 1999. 21-б.

Басқышлардың ишки раўажланыў процесслерин Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыўдың теориялық-әмелий арқасында илимий үйрениў ҳәм улыўмаластырыў арқалы дүньялық мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын жәнеде жетилистириў ҳәмде еркинлестириў, миллий ҳуқықый системада Конституцияның орны ҳәм абыройын, демократиялық ҳуқықый мәмлекеттиң конституциялық тийкарларын беккемлеў, инсан ҳуқықлары ҳәмде еркинликлери қорғаўы менен байланыслы жаңа идеялар банкиниң усынылғанлығы изертлеў темасы ҳәм концепциясының әҳмийетлилигин белгилеўши жәнe бир фактор болып есапланады.

Диссертация темасының әҳмийетлилигин тәмийнлеўши салмақлы илимий тийкар-мәмлекет тәлийматында бирдей жағдайда Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет дүзиўдиң теориялық-әмелий машқалалары тиккелей Президент Ислам Каримовтың сиясий-ҳуқықый тәлийматы негизинде үйренилгени болып табылады.

Президент тәлийматында демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийети тәлийматы ҳәмде әмелияты миллий шәраят, қәдириятлар, дәстүрлер, мәмлекетшилигимиз тарийхы ҳәм жәҳән дүньялық мәмлекетшилиги тәжирийбелериниң уйғынлығы арқасында миллий менталитет белгилеринен келип шығылған ҳалда жыйындысы концептуал ислеп шығылды.

Ҳәзирги шәраятта «мәмлекеттиң күш құдирети,-дейди И.А.Каримов – алдын ала, демократиялық институтлардың ғәрезсиз искерлик көрсетиў ушын шәрт шәраят жаратыў, пуқаралар ҳәм жәмийеттиң барлық сиясий, социаллық тәрепин жүзеге шығарыў менен өлшенеди».[1] Усы ўазыйпаларды әмелге асырыўдың сиясий ҳуқықый тийкарлары жаратылғаны, тема әҳмийетлилигин белгилеўши концептуал негиз есапланады.

---

[1] Каримов.И.А Озод ва обод Ватан, эркин ва фарован ҳаёт-пировард мақсадимиз. Т. Ўзбекистон.2000.6-б.

Тема мазмуны ҳәм концепциясының әҳмийетлиги Өзбекистанда пуқаралық жәмийет ҳәм демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыў менен байланыслы «өзбек модели»ниң абзаллықлары, зәрүрлиги, раўажланған дүньялық мәмлекетлер тәжрийбелери, бағынышлы болған үлке орнында демократиялық мәмлекет қурыўдың ҳуқықый тийкарлары биринши мәрте типологиялық биргеликте арнаўлы илимий изертленгени ҳәм теориялық улыўмаластырғанлығында да көринеди.

**Теманың үйренилиў дәрежеси**. Өзбекистан ҳуқықтаныў илиминде, сиясий-ҳуқықый тәлийматында демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың теориялық тийкарларын үйрениў өз бағдарында даўам етпекте.

Бириншиден, Ислам Каримовтың сиясий-ҳуқықый тәлиматында демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың теориялық-әмелий тийкарлары концептуал бирдейлик ҳәм биргеликте үйренилмекте, илимий-әмелий тәрептен улыўмаластырылмақта.

Тиккелей Президент басламасы ҳәм басшылығында таярланып, қабыл қылынған тийкарғы нызамымыздағы «инсанпарўар демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў» идеясы ҳәм Республика Президенти аты менен байланыслы. Сондай ақ Ислам Каримовтың дерлик барлық шығармаларында, сөзлеринде Өзбекистанда пуқаралық жәмийет ҳәм демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыўдың теориялық-әмелий машқалалары өз саўлелениўин таппақта.

Екинши бағдар-монографиялық ҳәм диссертацион бағдардағы арнаўлы изертлениўлер, қоланбалардың пайда болыўы менен байланыслы. Олар арасында академик Ш.З.Уразаевтың «Ғәрезсиз Өзбекистан Конституциясы», профессор А.А.Аъзамхўжаевтың «Өзбекистан Республикасы мәмлекет ғәрезсизлигиниң ҳуқықый тийкарлары», профессор А.Х.Саидовтың «Жәҳән конституциялық тәжрийбеси ҳәм Өзбекистан Республикасы конституциясының концептуал ориентирлери», профессор Ҳ.Б.Бобоевтың «Амир Темур ҳәм темурийлар салтанаты»,

К.Норматов авторлары менен биргеликте жазылған «Миллий мәмлекетшилик ҳаққында», профессор З.М.Исламовтың 2 томлы «Общество. Государство. Право», «Мәмлекет ҳәм ҳуқық: улыўма теориялық машқаллалары» монография ҳәм жумыслары ажыралып турады.

Үшинши бағдар Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың мәселлелерине бағышлап мәмлекетимизде ҳәмде сырт елде басылған арнаўлы илимий теориялық топламлар, мақалаллар ҳәм илимий изертлеў ислери болды.

**Изертлениўдиң мақсети ҳәм ўазыйпалары.**

**Мақсет** - Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың теориялық-әмелий машқалаларын үйрениў қуралында миллий мәмлекетшилигимиз раўажланыўын ҳәм реформалық нызамлылықларын анықлаў, демократиялық раўажланыўдың келешекли стратегиялык бағдарлары алдынырақ жүзеге келген ҳәм бар болған теориялық-әмелий талап-мүтәжликлерди қандырыўға қаратылған конституциялық кепилликтиң жаңа машқалалардың илимий әмелий шешимин табыўға умтылыўдан ибарат.

Изертлениўдиң мақсети мазмунынан келип шыққан ҳалда төмендеги илимий теориялық мәселелерди үйрениўди өз алдымызға бас **ўазыйпа** етип қойдық:

- Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың объектив тарийхый зәрүрлигин көрсетип бериў, ески бюрократиялық, ҳәкимшилик буйрықбазлық системасынан социаллық әдалат салтанатына тийкарланған жаңа сыпат-ағартыўшылық дүньялық системасына өтиў шәраятында демократиялық ҳуқықый мәмлекетшиликтиң өзине тән белгилерин анықлаў;

-ҳәкимияттың бөлиниў принциплерин ҳәм мәмлекет органлары ўәкилликлерин бөлистириў, ўәкилликлер шеңберин анық белгилеў

концепциясы тийкарында нызам шығарыўшы, атқарыўшы, суд ҳәкимияты органларының искерлик формалары ҳәм усылларын көрсетип бериў:

- Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың теориялық-әмелий машқалаларын Ислам Каримовтын сиясий ҳуқықый тәлийматы арқасында бирдей уйрениў ҳәм теориялық улыўмаластырыў.

**Изертлеў объекти** - Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин дузиў процесслери ҳәм бул жолда арттырылған тажрийбениң теориялық әмелий нызамшылыклары машқалалары ҳәмде олардың шешимлеринен ибарат.

**Изертлеў предметин** Өзбекистан Республикасында демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў процесслери ҳәм басқышлары, олардың ғәрезсиз ҳәм раўажланыў жолының арқасында өзине тән реформалық белгилери, Президент Ислам Каримовтың сиясий ҳуқықый тәлийматының бирдей концепциясы менен байланыслы әҳмийетти қурайды.

**Изертлеўдиң усыллары.** Изертлеўди әмелге асырыўда системалылық, машқалалы-мақсетли, салыстырмалы-ҳуқықый, әмелият нәтийжелерин улыўмаластырып, формал-юридикалық, логикалық жандасыў ҳәм илимий билиўдиң басқа усылларынан пайдаланылды.

Изертлеўдиң теориялық тийкарларын Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўдиң роли ҳәм шәртлери ҳаққындағы пикирлери, усыныслары ҳәм усы теманың ҳәр қыйлы тәреплери бойынша изленислер алып барып атырған мәмлекетимиз ҳәм сырт елли алымлардың мийнетлери қурайды.

**Диссертацияның илимий жаңалығы.** Өзбекистан Республикасы мысалында демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў ҳәм оның раўажланыўын тәмийнлеў менен байланыслы теориялық-әмелий машқалалары шешимин излеп табыўда, олардың илимий

тийкарланғанлығында көринеди. Сол себептен ҳәм диссертацияда Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыўдың конституциялық тийкарлары ҳәм оның әмелий мәселелери бириншилер қатарында көрсетилген. Ҳәзирги ўақытта, мәмлекет қурылысы тараўындағы реформалар жаңалықлар ҳәм жетискенликлер, тийкарғы нызамның экономикалық, социаллық ҳәм руўхый раўажланыўында, еркинлестириў сиясаты талапларына, ерисилген жетискенликлеринде анық көринип атырғанлығы, қабыл қылынған жаңа нызамлар додалаўында оларды илимий машқалалар алып кириў арқалы изертлеў базасын байытқанлығында ҳәм диссертацияның илимий жаңалығы көзге тасланады.

**Изертлеўдиң әмелий әҳмийети**, ең дәслеп диссертацияда өз көринисин мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматының жаңаша қағыйдаларына тийкарланған идея ҳәм шешимлер республиканың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд органлары искерлигин жәнеде жетилистириўге хызмет қылады. Изертлеў жумысы жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында оқытылатуғын лекцияларда пайдаланыў мүмкин.

**Изертлеў нәтийжелериниң сынақтан өткенлиги**. Диссертация Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекет университетиниң «Ҳуқықтаныў» кафедрасында додаланды.

**Диссертацияның дүзилиси ҳәм сыпатламасы**. Диссертация кирисиў, үш бап, сегиз параграф, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

Жумыстың биринши бабында

II бапта

III бапта

# I Бап. ҲУҚЫҚЫЙ МӘМЛЕКЕТТИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ ТИЙКАРЛАРЫ

## §1. Ҳуқықый мәмлекеттиң тийкарғы белгилери ҳәм пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў тийкарлары

Өзбекистан ғәрезсизликке ерискеннен кейин өзине тән болған раўажланыў жолын, яғный базар экономикасы принциплерине тийкарланған еркин, ашық демократиялық мәмлекет қурыў ўазыйпасын тийкарғы мақсет етип белгилеп алды. Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов атап өткениндей: «Биз тек демократиялық жәмийет емес, демократиялық әдил жәмийет қурмақшымыз... Әдиллик ҳәм ҳақыйқат идеясы жәмийетлик турмысымыздың барлық тараўларын өз ишине алыўы дәркар. Әдиллик ҳәм ҳақыйқатлық идеясы нызамшылық жумысларымыздың негизи, бас бағдары болыўы шәрт»[1]. Әлбетте, Өзбекистанның ҳәр бир пуқарасы ҳуқықый мәмлекеттиң төмендеги сиясий ҳәм тийкарғы белгилерин билиўи шәрт.

1. Өзбекистан-суверен демократиялық мәмлекет болып онда қандайда бир класс, сиясий партия, ҳәм топардың мәплерин басқарыўшы диктатура болмастан, барлық пуқаралардың мәплерин сәўлелендиреди. Бул ҳаққында Конституцияның 13-статьясында: «Өзбекистан Республикасында демократия улыўма инсаныйлық принциплерге тийкарланады, оларға көре инсан, оның өмири еркинлиги, абыройы, қәдир-қымбаты ҳәм басқа қол қатылмас ҳуқықлары жоқары қәдирият есапланады.

Демократиялық ҳуқық ҳәм еркинликлер Конституция ҳәм нызамлар менен қорғалады»[2], деп жазып қойылған.

2. Ҳуқықый мәмлекеттиң ең әҳмийетли белгиси бул-жәмийетте нызамның үстинлиги принципи, мәмлекет, оның органлары лаўазымлы

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистоннинг сиёсий, ижтимоий ва иқтисодий истиқболининг асосий тамойиллари. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг биринчи сессиясидаги маъруза. 1995 йил 23 февраль. «Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир» китобида, 3-жилд. - Т.: «Ўзбекистон», 1996, 10-бет.

[2] Қараң: Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.: «Ўзбекистон», 2014.

шахслары, жәмәәт бирлеспелери, пуқаралар өз искерлигинде Конституция ҳәм Нызамларга әмел етиўи.

3. Конституциямыздың 56-статьясында көрсетилгениндей, мәмлекет ҳәм жәмийет ислери ушын Өзбекистан Республикасында нызамлы тәризде кәсиплик аўқамлар, партиялар, түрли жәмийетлер, ҳаял-қызлар, пуқаралар ҳәм жаслар шөлкемлери, ғалабалық ҳәрекетлер ҳәм пуқаралардың басқа шөлкемлери, жәмаат бирлеспелери дүзилиўине жол қойылады ҳәм олар мәмлекетти бақлаўда актив қатнасады[1].

4. Мәмлекет ҳәкимиятын демократиялық тийкарда дүзиў ҳәм оны алып барыў ушын ҳәмде ҳәкимиятты өз мақсети жолында пайдаланыўға жол қоймаў ушын Конституцияның 11-статьясында белгиленгениндей Өзбекистан Республикасы мәмлекет ҳәкимиятының системасы - ҳәкимияттың нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятына бөлиниўи принциплерине тийкарланған ҳалда ҳәр бири ғәрезсиз өз ўакалаты шеңберинде әмел қылады[2].

5. Инсан жасаў ҳәм пуқаралардың еркинлигине қол катылмаслыққа ҳәм қәўипсизликке ийе болыў тийкарғы ҳуқықлары жуўапкершилик ҳәм ўазыйпалары халық аралык ҳуқық нормаларына муўапықластырылған ҳалда әмелге асырылады.

6. Мәмлекет органларына сайлаў системасы улыўма тең, туўрыдан-туўры, еркин сайлаў тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен өткизиледи, 18 жаска толған пуқаралар сайлаў ҳуқықына ийе болады.

Өзбекистанда мәмлекет халық күшин сәўлелелендирип, оның мәплери ушын хызмет қылады, мәмлекет пенен пуқаралар бир-бири алдында жуўапкер.

7. Ҳуқықый мәмлекеттиң әҳийметли белгилеринен бири, базар қатнасықларын раўажландырыўға қаратылған экономиканың негизин

---

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.: «Ўзбекистон», 2014.
[2] Сол жерде.

қураўшы түрли формадағы мүлк бөлиниў болады. Мүлкдар өз мүлкине ийелик қылады, оннан пайдаланыў ҳәм оны басқарыў ҳуқықына ийе болады. Мәмлекет тутыныўшылары мәпин есапқа алыў экономикалық искерлик, исбилерменлик ҳәм мийнет етиў еркинлигин, жеке мүлк ҳәм басқа барлық мүлк формаларын тең ҳуқықлығын тәмийнлейди[1].

Соның ушын, Өзбекистанда демократиялық ҳуқықый мәмлекет жаратылыўы Президентимиз И.А.Каримов тийкарлап берген бес принципке бағдарланады:

-Экономиканың сиясаттан үстинлиги, экономикалық реформалар ҳеш қандай идеяга бойсынбаслығы;

-Мәмлекет тийкарғы бас реформатор болып, оның басқарыў системасы қолдан шығармаслық, бир тарептен халықты қорғап, екинши тәрептен оларды реформаларға таярлап, жақсы өзгерислер қылып жәмийетти жаңалаў, халықтың тынышлығын тәмийинлеп, оны беккемлеў;

-Конституция ҳәм нызамларға ҳәмме теңдей әмел етиўи, ҳәмме нәрседен үстин турыўы ҳәм ҳәмме ушын мәжбүрий болыўы, мәмлекет, оның органлары, лаўазымлы шахслар жәмаат бирлеспелери ҳәм барлық пуқаралар нызамларга тийкарланып ис тутыўы;

-Күшли социаллық сиясат жургизиў, әсиресе, халықтың кем тәмийинленген қатламын, яғный көп балалы шаңарақлар, пенсионерлер, балалар ҳәм басқа кем дәраматлы кисилерге жәрдем берип, ашлық ҳәм мүтәжликке жол қоймаў;

-Базар экономикасына асықпастан, басқышпа-басқыш өтиў, ҳәр бир басқышта адамлар санасын таярлап, жаңа дүзимниң абзаллықларына исеним пайда етиў.

Яғный, ғәрезсиз «өзбек модели» раўажланыў жолымыз бенен улыўма инсаныйлық қәдириятларды тиклеў, инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлери үстинлигин тән алыў тийкарында халық аралык ҳәм Шығыс миллий

---

[1] Миршоҳид Мирҳамидов. Ўзбекистон: демократик ҳуқуқий давлат ва фуқаролик жамияти қуриш йўлида. Тошкент, «Университет», 2003.

мәмлекетшилик тәжирийбелеринен пайдаланып, демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыў мақсетине еристик,  десек адаспаймыз. Солай етип, материаллық тийкарсыз, жетерли дәрежеде жоқары улыўма сиясий ҳәм ҳуқықый мәдениятқа ериспей турып, халық күшиниң барлық формаларын жүзеге келтирместен ҳуқықый мәмлекетти көз алдымызға келтириў қыйын. Бул ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириў ушын зәрүр болған биринши қәдем екенлигин еслетип өтиўимиз лазым.

Әсиресе, СССРде бириншилерден 1990 жыл 24 мартта Өзбекистанда Президентлик ҳәкимияты дүзилмеси жаратылыўы менен ўәкиллик уйымлары ролин асырыў мәмлекетимиз Тийкарғы Нызамы Конституцияның қабыл қылыныўы тийкарында жаратылған нызамлардың енгизилиўин бақлаўды  жетилистириў сиясий-ҳуқықый реформалар барысында ҳәм бир қанша қәдемлер болды. Олар  ҳуқықый мәмлекетти жетилистириўдиң екинши элементи.

Президентимиз И.А.Каримов ғәрезсизликтиң биринши күнлери-ақ мәмлекетимизде демократиялық өзгерислерди жәнеде тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийет тийкарларын қәлиплестириўдиң жети баслы бағдардағы ўазыйпаларды атап көрсетти:

- ғәрезсизликти асырап-абайлап, қорғаў ҳәм беккемлеў;

- мәмлекетимиздиң қәўипсизлик ҳәм парахатшылығын, мәмлекетимиздиң территориялық бирлигин, шегараларымыздың беккемлигин, пуқараларымыздың теңлиги менен тынышлығын тәмийнлеў;

- базар реформаларын жәнеде тереңлестириў, күшли базар инфраструктурасын жаратыў, еркин экономика принциплерин енгизиў;

- инсан хуқықлары ҳәм еркинликлерин, сөз ҳәм баспасөз еркинлигин реал әмелге асырыў;

- жәмийет турмысында мәмлекетлик емес ҳәм жәмәәтлик шөлкемлердиң орны ҳәм әҳмийетин кескин күшейтиў, «күшли мәмлекеттен – күшли пуқаралық жәмийетке қарай» деген принципти әмелге асырыў;

- суд-ҳуқық тараўындағы реформаларды избе-излик пенен әмелге асырыў, олардың ис жүзинде ғәрезсиз искерлигин тәмийнлеў;

- инсан факторын ҳәм критериясын, демографиялық ҳәм миллий өзгешеликлерди есапқа алған халда күшли социаллық сиясат жүргизиў.

Өзбекистанда демократиялық жәмийет қурыўда еки әҳмийетли тәрепке дыққат аўдарылады:

бириншиден, демократиялық жәмийет қурыўдың улыўма жәҳан мойынлаған принциплерди тән алыў;

екиншиден, демократияның миллий мәдений мийрас пенен байланыслы миллий өзгешеликлерге тийкарланыўдан ибарат.

Солай етип, Өзбекистанда базар экономикасына тийкарланған демократиялық жәмийет қурыўдың теориялық негизлери төмендеги бағдарларды өз ишине алады:

- ғәрезсизликтиң ҳуқықый-өлшемлик тийкарларын Өзбекистан Республикасы Конституциясы негизинде ислеп шығыў;

- демократиялық сиясий системаны пайда етиў;

- инсан ҳуқықларын ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў;

- ҳәкимиятлар бөлиниўи принципине әмел қылыў;

- миллетлер ара татыўлықты тәмийинлеў;

- миллий қәўипсизлик концепциясын ислеп шығыў;

- экономикалық реформалардың «өзбек модели»н жаратыў;

- Өзбекистанда мәнәўий-руўхый пәклениў, миллий қәдриятларды тиклеў, миллий мийрас асырап-абайлаў;

- миллий ғәрезсизликтиң мәнисин ҳәм ғәрезсизлик идеяларын аңлатыў;

- ғәрезсиз Өзбекистанды жәҳән шериклигиниң тең ҳуқықлы ҳәм актив субъектине айландырыў ҳәм де мәмлекетимиздиң сыртқы сиясат принциплерин ислеп шығыў.

## §2. Демократиялық процесслер ҳәм суд ҳуқық реформалары

Президентимиз И.А.Кәримовтың атап өткениндей, «судлар шын мәнисте бийғәрез болған жағдайда ғана нызамлардың қатаң орынланыўы, олардың ҳақыйқый үстинлиги тәмийинленеди. Қай жерде суд бийғәрез болмас екен, сол жерде нызам талаплары ҳәм әдиллик бузылыўы сөзсиз»[1]. Шынында да, нызам үстинлигин, инсанның ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўды тәмийинлеместен турып демократиялық ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыў туўралы сөз етиўге ҳеш қандай тийкар қалмайды. Бунда әлбетте суд ҳуқық реформалары айрықша әҳмийетке ийе.

Мәмлекетимизде суд-ҳуқык тараўындағы реформалар жеделлик пенен алып барылмақта. Бул тараўдагы реформалар демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыўдың замангөй стратегиясын қәлиплестириўге хызмет қылмақта.

Өзбекистан әмелге асырып атырған демократиялық реформалар жәмийетлик, сиясий ҳәм мәмлекет-ҳуқыкый турмыстың барлық тараўларын өз ишине алады ҳәм ҳуқықый мәмлекетшиликти дүзиўге болған усы реформалар Республиканың суд системасын өз ишине алады. Суд реформасы ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти улыўма жүзеге келиў процессиниң ажыралмас бөлеги. Суд-ҳуқық реформасы мәмлекетте нызам шығарыўшы атқарыўшы ҳәкимият тармақлары менен тең, ғәрезсиз, күшли суд ҳәкимиятын жүзеге келтириўдиң әҳийметли принципи.

Сол көз-қарастан қарағанда суд реформасын тереңлестириў, ҳәкимияттың үшинши, ғәрезсиз ҳәм бағыныңқы болмаған тармағы

---

[1] Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий Дуне билан ҳамкорилк йўли. 11-жилд. – Т.: «Ўзбекистон», 2003, 31-бет.

сыпатында пүткил әдил судлаў системасын демократияластырыў ҳуқықый мәмлекетти беккемлеўдиң және бир бағдары.

Суд ҳәкимияты тек ғана үш ҳәкимияттың бири емес, бәлким оның жоқары ҳуқықый ҳалаты, жәмийет ҳәм мәмлекет турмысында инсан ҳуқықлары демократия ҳәм нызамшылық турақлы болыўына тийкарғы шәрти. Себеби, суд ҳәкимиятының ҳәм ўазыпасы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, мәмлекет конституциялық дүзимин қорғаў нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимияты ҳужжетлериниң Конституцияға муўапықлығын тәмийинлеў, нызамларды ҳәм басқа норматив ҳужжетлерге орынлаў ҳәм қолланыўда нызамшылық ҳәмде әдиллик ушын гүресиўден ибарат.

Ғәрезсиз Өзбекистан мәмлекет ҳәкимиятын болистирилиўиниң әмелде енгизилиўи менен суд ҳәкимиятының қарар табыўына жол ашылды. Бул орында жүдә әҳмийетли нәрсе – судтың мәмлекет ҳәкимиятының бир бөлими сыпатында тийисли қатаң ўәкилликлердиң ийеси екенлигин тән алыў. Суд ҳәкимияты жәмийеттиң социаллық санасын суд ҳәкимиятын шөлкемлестириўши, бирлестириўши, жәмийет турмысының арнаўлы тараўын басқарыўшы ҳәкимият болып есапланады. Суд ҳәкимияты мәмлекеттиң белгили судлаў сиясатын қәлиплестиреди ҳәм әмелге асырады. Судлаў сиясатының тийкарлары нызамда өз сәўлелениўин табады ҳәм суд уйымлары арқалы турмысқа еңгизиледи.

Суд – мәмлекет ҳәкимиятының үшинши тармағы болып есапланады. Мәмлекеттиң абыройы, жәмийеттиң абыройы. Суд уйымлары ҳәм судьялардың нызам шеңберлерине қаншелли әмел қылыўына, олар қабыл еткен қарарлардың әдәлат шеңберинде қаншелли мас келиўине үзликсиз байланыслы болып есапланады.

Мәлим болғанындай, алдыңғы тоталитар шәраятта суд ҳәкимшилик – буйрықбазлық дизиминиң соқпағына айландырылған еди. Адамлар өз санасында суд жазалаўшы, қаралаўшы, азатлықтан айырыўшы уйым сыпатында қаралатуғын еди. Ендиги реформалардың бас ўазыйпасы болса,

судты әдалат ҳәм ҳақыйқат пасбанына айландырыўдан ибарат. Негизинде судқа қарата мүнәсибет түптен өзгерип, оған ҳүрмет қәлиплесиўи тийис.

Президент И.А.Каримовтың төмендеги сөзлери әҳмийетли методологиялық, бағдарландырыўшы күшке ийе. «Халық судын тек ғана адамларды қаралайтуғын, жазалайтуғын уйым деп емес, керисинше олардың хақ – ҳуқықлары ҳәм мәплерин қорғайтуғын уйым деп билиўи керек. Бул өте әҳмийетли. Жәнe қайталайман, адамлар суд уйымларын өзлериниң қорғаўшысы, әдиллик пасбаны деп билиўи керек». Буның ушын жүдә үлкен ислер ислениўи керек. Судлар нызамнан өтпей турып ис тутып, пуқаралардың мәплерин қорғап, олардың бузылған ҳуқықларын тиклеп, бул жолдан туўры барып, машақатлы мийнет етип, қайтадан халықтың исенимин қазаныўы керек болады.

Суд реформаларын тереңлестириў, пүткил әдил судлаў системасын демократияластырыў – ҳуқықый мәмлекетти беккемлеўдиң жәнe бир әҳмийетли бағдары. Социаллық турмысымыздың демократиялық институты сыпатында судтың әҳмийети өсип бармақта. Реформалар даўамында суд жазалаўшы органнан әпиўайы адамлардың ҳуқықларын ҳәм мәплерин қорғаўшы органға айланып, хақыйқаттан ҳәм беккем болып келмекте. Республикада өткерилип атырған суд реформалары басқышпа – басқыш ҳәм изшиллик пенен әмелге асырылып келмекте. Бул бағдарда бир қатар нызамлардың қабыл етилиўи өзиниң унамлы нәтийжелерин берип келмекте.

Өзбекистан Республикасы Конституциясы қабыл етилгеннен кейин тийкарғы нызамда өзиниң сүўретлемесин тапқан суд ҳәкимияты ҳаққындағы қабыл етилген нызам ҳәм ҳуқықый нормалар суд ҳәкимиятын беккемлеўге, оны жетилистириўге қаратылған.

1992 йил 8- декабрда «Өзбекистан Республикасы Конституциясын әмелеге киритиў тәртиби ҳаққында» ғы Нызамда, сондай-ақ, Өзбекистан Республикасы Конституциялық қадағалаў комитети, «Өзбекистан Республикасы Конституциялық суды ҳаққында» ғы Нызамын қабыл етип,

Конституциялық суд сайланғанға шекем өз ўәкилликлери сақланып қалыўы көрсетилген еди. Конституцияның өзинде де Конституциялық судтың статусы, қурамы, судьялардың қол қатылмаслығы, ғәрезсизлиги ҳәм ўәкилликлери көрсетилген еди. Өзбекистан Республикасының «Конституциялық суды ҳаққында» ғы нызам 1993 – жыл 6 – майда қабыл етилди. Бул суд тараўында қабыл етилген дәслепки нызамлардан бири болып, Конституциялық суд искерлигиниң ҳәмме шәртлерин өз ишине алған. Бул нызамның 1995 – жыл 30 – августта қабыл етилген екинши баспасы Конституциялық судтың искерлигин тийисли дәрежеде қурамаластырады. 1993 – жыл 2 – сентябрда Өзбекистан Республикасының «Судлар ҳаққында» ғы нызамының қабыл етилиўи менен суд – ҳуқық реформаларының шөлкемлестириўши ҳуқықый механизмин қәлиплестириў процесси басланды. Нызам бойынша жаңа суд дүзилмелери, атап айтқанда әскерий судлар, жоқары судта болса әскерий кеңес шөлкемлестирилди, ҳәкимшилик ислери менен шуғылланыўшы судьялар лаўазымлары енгизилиўи көзде тутылды. Буннан тысқары усы нызамда «айыпсызлық презумпциясы», қорғаныў ҳуқықы, тартысыў, әшкаралық сыяқлы принциплер, судьялардың статусы, қол қатылмаслығы ҳәм ғәрезсизлигин тәмийинлеўши нормалар өз сыпатламасын тапқан.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1992 – жыл 28 – февралдағы «Әскерий трибуналлар ҳәм әскерий прокуратура уйымлары ҳаққында» ғы Пәрманы менен ески Түркистан Әскерий округи әскерий трибуналы орнында Өзбекистан Республикасы Қураллы Күшлериниң Әскерий суды шөлкемлестирилген. 1992 – жыл 3 – июлде болса Өзбекистан Республикасы Жоқары судының қурамында Әскерий кеңес дүзилген. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1990 – жыл 23 – сентябрдеги «Өзбекистан Республикасы Әскерий судын шөлкемлестириў ҳаққында» ғы Пәрманы менен болса, Өзбекистан Республикасы Қураллы күшлеринде алып барылып атырған реформаларды ҳәмде Айрықша Жағдайлар Министрлиги, Мәмлекетлик шегераны қорғаў комитети, Ишки

Ислер Министрлиги ҳәм Ишки Қараўыл күшлери Бас басқармасы ҳәмде Қорғаныў Министрлигиниң әскерий округлары дүзилиўи мүнәсебети менен, әскерий судлардың әдил судлаўды әмелге асырыў искерлигиндеги пайдалылығын арттырыў, Қураллы күшлерде, әскерий мекемелерде ҳәм Өзбекистан Республикасы нызамларына муўапық шөлкемлестирилип атырған басқа әскерий дүзилмелерде нызамшылық ҳәм ҳуқық – тәртибатты беккемлеў мақсетинде Қураллы күшлер тийкарында әскерий суды шөлкемлестирилди.

Өзбекистан Республикасы «Төрешилик суды ҳәм Хожалық даўаларын шешиў тәртиби ҳаққында» ғы нызамы (1991 – жыл 20 – ноябрьда қ.е. 1992 – жыл 1 – январьдан ҳәрекетке киритилген) на муўапық Өзбекистан Республикасы Министрликлери, мәмлекет комитетлери ҳәм мекемелериндеги төрешликлер сапластырылып, төрешлер судлары шөлкемлестирилди. Төрешлер судлары системасы - Өзбекистан Республикасы Жоқары Төрешлер Суды, Қарақалпақстан Республикасы Төрешлер Суды ҳәм ўәлаятлардың төрешлер судларынан ибарат еди.

Нызамға муўапық, төрешлер суды исбилерменлик искерлиги процессинде пайда болатуғын пуқаралық ҳуқықый мүнәсебетлери (Экономикалақ келиспеўшиликлер)нен ямаса басқарыў тараўындағы ҳуқықый мүнәсебетлерден келип шығыўшы келиспеўшиликлерди шешти.

«Өзбекистан Республикасының Конституциясын әмелге киритиў тәртиби ҳаққында» ғы 1992 – жыл 8 – декабрьдеги нызамда Өзбекистан Республикасы ҳәм ўәлаятлардың төрешлер судлары тийисли түрде Өзбекистан Республикасы Жоқары Хожалық Суды, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм ўәлаятлар хожалық судлары сыпатында қайта шөлкемлестирилиўи көрсетилген.

Хожалық судларының статусы кейин бул қабыл етилген нызамлар менен, атап айтқанда Өзбекистан Республикасы Конституциясы, 1993 – жыл 2 – сентябрьде ҳәм 2000 – жыл 14 – декабрьде жаңа баспада қабыл етилген. «Судлар ҳаққында» ғы нызамы ҳәм 1997 – жыл 30 – августта жаңа

баспада қабыл етилген Хожалық – процессуал кодекси менен беккемленген.

Хожалық судларының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1996 – жыл 25 – июльдағы «Өзбекистан Республикасы Хожалық судларының қурамын жетилистириў ҳаққында» ғы сондай – ақ, хожалық судларына экономика тараўындағы нызамшылықты беккемлеў ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў барысында қосымша ўәкилликлер берген 1998 – жыл 4 – марттағы «Хожалық жүритиўши субъектлердиң экономикалық иләжсызлығы ҳәм шәртнама миннетлемелериниң орынланыўы ушын лаўазымлы шахслардың жуўўапкершилигин күшейттириў ҳаққында» ғы пәрманлары үлкен әҳмийетке ийе.

Суд уйымлары искерлигиниң ҳуқықый тийкарын басқышпа - басқыш дүзетип барыў тийис. Бул ҳуқықый тийкар суд ҳәм судьяларды ҳәкимияттың басқа барлық тармақларынан ҳақыйқый ғәрезсизлигин, суд карарларын қабыл етиўде тек ғана нызамға бойсыныўын тәмийнлеў зәрүр. Бул ҳуқыйқый тийкар демократияны, бийтәрепликти, судтың әшкара болыўын, судтың шеңбериниң кеңейиўин тәмийинлеў тийис.

Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң VI сессиясында (1996 – жыл 29 - август) суд – ҳуқық реформаларының барысына және де жуўапкершиликли итибар қаратылды. Атап айтқанда, мәмлекетимиз басшысы төмендеги сөзлерди айтты: «Суд реформаларын тереңлестириў, ҳәкимияттың үшинши, ғәрезсиз ҳәм бағынышлы болмаған тармағы сыпатында пүткил әдил судлаў системасын демократияластырыў – ҳуқықый мәмлекетти беккемлеўдиң әҳмийетли бағдары. Социаллық турмысымыздың демократиялық институты сыпатында судтың әҳмийети асырылыўы, пуқаралардың нызамлы ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў судлардың ҳәм ҳуқық - тәртибатты қорғаў уйымлары искерлигиниң тийкарғы мазмунына айланыўы тийис».

1997 – жыл сентябрь айында Өзбекистан Судьялар Ассоциациясы шөлкемлестирилди. Шөлкемлестириў Мажлиси Ассоциацияның уставын қабыл етти. Бирлеспе Уставы 1997 – жылы 4 -декабрьде Өзбекистан Республикасы Әдиллик Министрлиги тәрепинен дизимге алынды. Өзбекистан Судьялар Ассоциациясы Өзбекистан Республикасы судьяларының ықтыярлы жәмийетлик бирлеспеси болып есапланады.

Ассоциацияның тийкарғы мақсети ҳәм ўазыйпалары – суд ҳуқық реформаларын өткериўде актив қатнасыў, әдил судлаўды әмелге асырыўда нызам үстинлигин тәмийнлеў барысында судьяларды қоллап – қуўатлаў, оларды түрли тәсирлерден қорғаў, судьяларды тайынлаў (сайлаў) мәселелери үстинде усыныс киритиў, судьяларды социаллық қорғаў, материаллық тәмийнлеўди жақсылаў ҳәм хошаметлеў мәселелери үстинде ўәкилликли уйымларға усыныс киритиў ҳәм тағы басқлардан ибарат.

Ассоциация суд искерлигине араласыўының ҳәр қандай жағдайларына қарсы гүресиўи, судлардың материаллық – техникалық базасын жақсылаў ҳаққында ҳүкиметке тийисли усыныслар менен шығыўы, кадрларды таярлаў ҳәм оларды орын – орнына қойыў ислеринде тек ғана демократия көз - қарасынан емес, бәлким бул шөлкемлескенлик мәселени шешиўдиң әҳмийетли буўыны сыпатында қатнасыўы лазым.

Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов елимиз ғәрезсизлигиниң дәслепки жылларынан – ақ жәмийетимиз алдында әмелдеги судты реформалаў ўазыйпасын қойды. Усы орында суд реформасы мәселеси мәмлекетимиз басшысының итибарында екенлигин айрықша айтып өтиў лазым.

Парламентимиздиң 1994 – жылы 14 – апрельде болып өткен XIV – сессиясында мәмлекеттеги суд – ҳуқық реформаларын тереңлестириў мәселелери анализ етилди. Тийкарғы итибар суд процессинде адвокатлардың ўәкилликлери ҳәм статусын прокуратура статусына теңлестириў ушын нызамшылық базасын жетилистириўге қаратылды.

Сессияда алға қойылған ўазыйпаларды тез ҳәм нәтийжели шешиў, суд реформаларын тереңлестириўге қаратылған усыныслар ислеп шығыў ушын Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси кеңесиниң қарары менен суд – ҳуқық системасын реформалаў ҳаққындағы усынысларды таярлаў бойынша комиссия шөлкемлестирилди. Бул Комиссия әсиресе, судларды қәнигелестириў ҳәм де судта аппеляция тәртибинде ис көриў ҳаққында усынservлар киритилген қосымшалар да өз әмелин тапты.

Жәмийетти реформалаўдың әўмети көбинше суд системасын реформалаўға байланыслы. Суд ҳәкимияты инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаўдың қүдиретли шахс ҳәм жәмийет қәўипсизлигиниң кепили.

Мәлим болғанындай, 1993 – жыл 2 – сентябрьде қабыл етилген «Судлар ҳаққында» ғы нызамға муўапық Әдиллик уйымлары судларының шөлкемлестириў ислерин тексереди, олардың есабатларын тыңлайды, әдил судлаўға баҳа беретуғын еди.

Буннан тысқары, әдиллик басқармаларының баслықларына судьяларға қарата интизамый ис қозғаўдан баслап, оның ўәкиллигин тоқтатыў, ҳәттеки лаўазымынан босатыў мәселесин қойыў ҳуқықы берилген еди.

Бул жағдайлар судьялардың ғәрезсизлиги ҳаққындағы конституциялық принципке қарсы еди.

Бирақ ҳәр қандай нызам ҳүжжети социаллық турмыстың өзгерип баратырған шәраятларына муўапық түрде жетилисип барды.

2000 – жыл 14 – декабрьде қабыл етилген Өзбекистан Республикасының «Судлар ҳаққында» ғы нызамының жаңа баспасында (63 - статья) ўәлаят судлары, районлар, район (қала) судьялары, әскерий судлар судьялары Өзбекистан Республикасы Президенти жанындағы Судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныс етиў бойынша жоқары тәжрийбе комиссиясы усынысына көре, хожалық судлары судьялары болса Өзбекистан Республикасы Жоқары Хожалық Суды баслығының

усынысына көре Өзбекистан Республикасы Президенти тәрепинен тайынланыўы белгиленген.

Суд системасының демократиялық тийкарларын реформалаў ҳәм және де тереңлестириў, суд ислериниң әдалатлы ҳәм өз ўақтында көрип шығылыўын тәмийинлеў, пуқаралардың жеке, сиясий, социаллық ҳуқық ҳәм еркинликлкерин қорғаў кепилликлерин және де күшейттириў ҳәмде судлардың қәнигелестирилиўин әмелге асырыў мақсетинде улыўма юрисдикция судлары негизинде 2001 – жыл 1 – январьдан айрықша пуқаралық ҳәм жынаят ислер бойынша судлар шөлкемлестирилди.

Жаңа баспада қабыл етилген Өзбекистан Республикасының «Судлар ҳаққында» ғы нызамның әмелге киритилиўи менен суд кадрларды таңлаў ҳәм тәмийинлеўдиң әҳмийетли, демократиялық ҳуқықый механизми жаратылды, суд ислерин көрип шығыўдың аппеляция тәртиби ислеп шығылды.

Республика Президентиниң 2001 – жыл 19 – марттағы «Өзбекистан Республикасы Президенти жанындағы судьяларды таңлаў ҳәм лаўазымларға усыныс етиў бойынша Жоқары тәжрийбе комиссиясын дүзиў ҳаққында» ғы Пәрманы, «Өзбекистан Республикасы судлары искерлигин және де жетилистириў шара – иләжлары ҳаққында»ғы Қарары менен судьялық лаўазымларына кандидатураларды усыныў, олардың ўәкилликлерин тоқтатыў ҳәм мүддетинен алдын тоқтатыў ҳаққында усынyслар киритиў мәселелери Әдиллик Министрлиги ўәкиллигинен шығарылып, Жоқары тәжрийбе комиссиясы ҳәм орынлардағы тәжрийбе кеңеси ўәкиллигине киритилди.

Нызамға киритилген жаңалықлардан және бири - Әдиллик министрлиги жанында судлар искерлигин шөлкемлестириўши, материаллық – техникалық ҳәм қаржы тәрепинен тәмийнлеў бойынша департамент дүзилди. Департамент баслығы өз лаўазымына көре, Өзбекистан Республикасы Әдиллик Министрлигиниң орынбасары болып есапланады.

Инсан жәмийетлик қатнасқа кирискенде, олар ортасында келиспеўшиликлер болып турыўы тәбиий. Оларды шешиў ушын демократиялық мәмлекетлерде күшли ҳәм ғәрезсиз суд системасы жаратылған.

Судлар келиспеўшиликлерди шешиўде нызамларға тийкарланғанлығы ушын искерлиги мәмлекет нызам шығарыўшы ҳәкимиятқа байланыслы. Суд хақыйқый мәнисте әдил болыўы ушын, алдын ала ол таянатуғын нызамлар әдалатлы болыўы керек.

Республикамыз Олий Мажлисиниң екинши шақырық алтыншы сессиясы суд – ҳуқық реформаларының нәўбетдеги басқышын баслап бериўши таяныш ноқаты болды.

Бул сессияда жынайый жазалардың либералласыўы мүнәсебети менен Өзбекистан Республикасы Жынаят, Жынаят – процессуал кодекси ҳәм Ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодексине өзгерислер ҳәм қосымшлар киритиў ҳаққында нызамның қабыл етилиўи суд – ҳуқық системасын еркинлестириў ҳәм демократияластырыў барысында қойылған әҳмийетли қәдем болды.

Нызамға көре Жынаят кодексиндеги улыўма жазаларға қарата жәмийетлик қәўипи үлкен болмаған жынаят түрлериниң үлеси 42,8 % ке өскенлиги (алдын бул көрсеткиш 18,7 % болған), мал – мүлкти конфискация қылыў сыяқлы  қосымша жаза түри шығарылып тасланғанлығы, Жынаят кодекси ҳаялларға, ер жетпегенлерге ҳәм 60 жастан өткен еркеклерге қарата және де адамгершилик пенен жандасыўды көзде тутатуғын бөлимлер менен толтырылғанлығы,  Жынаят – процессуал кодексине инсан мәплери, Шығысқа тән кеширимлилик қәдриятларын толығы менен әмелге асырыўға имканият бериўши жарастырыў ислери бойынша айрықша баптың киритилгенлиги бир қатар өзгерислер адамгершилик мәмлекетимиздиң социаллық сиясаттағы орайлық принцип екенлигин және де кеңлеў көрсетип берди.

Ел басшымыз айтқанындай: «Бүгин бизлердиң ҳуқықый доктринамыз улыўма жаңаша демократиялық принциплерге тийкарланған. Ол алдын ала, Өзбекистан Конституциясы талапларына көре инсан ҳуқықларының үстинлигин тәмийинлейди. Нызам ҳүжжетлериниң демократияластырылғанлығы ҳәм либералластырылғанлығы пуқараларды жәмийеттен ажратып қойыўшы реҳимсиз жазалардан ўаз кешилип атырғанлығының гезектеги дәлили болып есапланады. Жынаятларға қарсы нәтийжели гүрес алып барыў жазалардың аўырлығы емес, бәлким нызамды бузыўға жол қойған шахстың жаза аўыр екенлиги саналы рәўиште түсинип жетиўге байланыслы».

Мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған тараўдағы реформалар белгили мүддетке арналған ўазыйпалар болмастан, бәлким социаллық турмыс ҳәм мәмлекет қурылысының демократиялық өзгерислери жолындағы басқышпа – басқыш орынланатуғын үзликсиз процесс болып есапланады.

Олий Мажлис жанында дүзилген суд – ҳуқық системасын реформалаў ҳаққындағы усынıслар таярлаў комиссиясының ағзалары ҳәр түрли идеяларды алға сүрип, өз пикирлерин билдирип бәсеки жүритти. Пикирлердиң ҳәр түрлилиги жүдә зәрүр. Себеби, хақыйқат әне сондай бәсекиде анықланады.

Пикиримизше, суд – ҳуқық тараўындағы реформаларды әмелге асырыўға, ғәрезсиз суд ҳәкимиятының қәлиплесиўине кесент бериўши себеплер де бар.

Бундай ҳәкимшилик пенен улыўма келисип болмайды. Негизинде болса, бундай шахслар судлардың үстинен ҳүкмранлық ўәкиллигин қолдан бериўди қәлемей атыр, ғәрезсиз суд болса тек ғана нызамға бойсынады.

Теориялық жақтан ойлап көрилиўи ҳәм әмелий тәрептен шешилиўи керек болған басқа мәселелерде бар. Атап айтқанда, қәнигелестирилиўди және де жетилистириў мақсетинде жаңа баспадағы «Судлар ҳаққында» ғы нызамда (36 - статья) белгиленген ҳәкимшилик ислер бойынша судьялар

мәселесин сондай – ақ, салық, транспорт ҳәм басқа тараўлардың қәнигелестирилген судларын шөлкемлестириў мәселелери шешилиўи тийис.

Суд ғәрезсизлигин тәмийнлеўде коллегиялық, яғный халық мәсләҳәтшилерин таңлаў ҳәм оларды суд кеңесиндеги қатнасыўшылар менен байланыслы машқала бар. Сыр емес, халық мәсләҳәтшилери жынаят исиниң суд кеңесинде судьяның қәлеўи бойынша шөлкемлестириледи. Айырым халық мәсләҳәтшилери пүткил сайланған ўәкиллик мүддети даўамында санаўлы исте қатнасады ямаса улыўма қатнаспайды. Айырымлары болса, судьяның «турақлы» мәсләҳәтшисине айланып қалады. Себеби, қайсы мәсләҳәтшилерди усыныў субъекттиң қәлеўине байланыслы.

Халық мәсләҳәтшилери жынаят ислери бойынша судлаў процессинде судья менен тең қатнасса да бирақ олар ис нәтийжеси бойынша ҳеш қандай жуўапкер болмайды. Халық мәсләҳәтшилери институтын тоқтатыў ямаса оны әҳмийетлилик тәрепинен жаңалаў керек деп есаплаймыз.

Судлар тәрепинен әдалатлы ҳүкм шығарыўға ерисиўде және әҳмийетли мәселе – суд процессинде тәреплердиң ҳуқық ҳәм миннетлерин теңлестириў арқалы тартысыў ҳәм бәсекениң болыўын тәмийнлейди. Атап айтқанда, суд процессинде прокурор ҳәм адвокатлардың ҳуқықлары ҳәм миннетлери теңлестирилмей турып, судта әдалат қылыў мүмкин болмайды.

Мәселен суд кеңесинде прокурордың бар жоғы тәреп екенлигин, я суд, я прокурордың өзи мақул көрмей атырғанлығы пикиримизди тастыйқлайды, деп ойлаймыз.

Буған прокурордың бақлаў тәртибинде келтирилген протестлери Жоқары Суд Пленумынан баслап, ўәлаят ҳәм Ташкент қалалық судлары басшылығында да көрилиўи мәжбүрий екенлиги ҳаққында прцессуал тәртип бар екенлиги себеп болмақта. Бул тәртип сөзсиз суд кеңесинде тәреп сыпатында қатнасыўы керек болған прокурорға, суд қарарлары

үстинен «Бақлаў»ды поцессуал тәртипте беккемлейди. Қарап өтсек, суд мәжилисинде тең ҳуқықлы тәреп деп көрсетилген қорғаўшыға бул ҳуқық берилмеген. Қорғаўшының наразылық билдириў ҳуқықы тәмийнленген ҳалда, бул ҳүжжет мәжбүрий түрде бақлаў инстанциясында көрип шығылыўы белгиленбеген. Бул кемшиликти сапластырыў ўақты келди.

Буннан тысқары, Өзбекистан Республикасының жаңа баспадағы «Прокуратура ҳаққында» ғы нызамда (34 - статья) белгилениўи бойынша судтың ҳүкми, бийлиги, уйғарыўы ҳәм қарары нызамлы күшке кирген ҳәр қандай исти прокурор өз ўәкилликлер шеңберинде судтан талап етип алыў ҳуқықына ийе болса – да, бирақ қорғаўшыға бул дәрежеде ҳуқық берилмеген.

Республика Президенти атап өткениндей: «Суд даўамында айыплаў ҳәм қорғаўдың әмелде теңлиги тәмийнлениўи ҳәм буның ушын адвокатура мекемелериниң статусын көтериў тийис».

Улыўма алғанда, Өзбекистандағы суд – ҳуқық реформалары әўметли өтпекте, алынған бағдардың туўры екенлиги әмелиятта тастыйқланбақта. Ҳәзирги ўақытта Республикамыз реформаларының әҳмийетли басқышына – жәмийеттиң юридикалық механизмин және де жетилистириў басқышына қәдем қойды. Ерисилген нәтийжени бирдей қәлипте анализлеп барыў ҳәм реформалардың болажақ раўажланыўын белгилеў ўақты келди деп есаплаймыз.

## II Бап. ӨЗБЕКИСТАНДА ПУҚАРАЛЫҚ ЖӘМИЙЕТТИ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДИҢ КОНСТИТУЦИЯЛЫҚ – ҲУҚЫҚЫЙ ТИЙКАРЛАРЫ

### §1. Өзбекистан пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў жолында

Мәлим болғанындай, ғәрезсизлик жылларында республикада демократиялық жәмийет қурылысы институтласып баратыр, яғный:

- мәмлекетте демократиялық институтлар қәлиплести;

- көппартиялылық қәлиплести;

- ҳәкимият тармақлары (нызам шығарыўшы, атқарыўшы, суд) беккемленди;

- демократиялық жәмийетке тән жәмәатшилик қадағалаўының күшейип барыўы.

Жәмийет сиясий турмысын демократияластырыў барысында төмендеги әҳмийетли мәселелерге өз алдына итибар берилмекте.

Бириншиден, мәмлекет сиясий турмысының барлық тараўларын, мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын еркинлестириў. Бул процессте, алды менен, пуқаралардың сиясий, экономикалық искерлигин күшейтиў ҳәм инсанның өз қабылетин толық жүзеге шығарыўы ушын тийисли шәрт-шараят жаратыў;

Екиншиден, мәмлекетимиз сиясий турмысында ҳақыйқый мәнидеги көп партиялылық орталығын қәлиплестириў зәрүрлиги, ҳәр бир партия белгили жәмийетлик қатламға таянған ҳалда, оның мәплериниң қорғаўшысы сыпатында өзиниң анық ҳәрекет дәстүриине ийе болыўы кереклиги.

Үшиншиден, мәмлекетлик емес бирлеспелер, мәмлекетлик (ҳүкиметлик) емес жәмәат шөлкемлериниң, пуқаралардың өзин өзи басқарыў уйымларының искерлигин және де беккемлеў ҳәм раўажландырыў;

Төртиншиден, жәмийетте пикирлер ҳәр қыйлылығы ҳәм көзқараслардың реңбе реңлиги, оларды еркин сәўлелендириў шараятын тәмийнлеў;

Бесиншиден, инсан ҳуқуқлары ҳәм еркинликлериниң, адамлар санасында демократиялық қәдриятларды және де беккемлеў ҳәм раўажландырыў.

Президент Ислам Каримовтың Өзбекистан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжилисиндеги «Бизиң бас мақсетимиз-жәмийетти демократластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизация ҳәм реформалаў» атлы баянатында елимизде ғәрезсизлик жылларында әмелге асырылып атырған кең көлемли реформалар барысы кеңнен изертленди, турмысымыздың ҳәмме тараўларын демократияластырыў ҳәм жаңалаў барысындағы процесслерде ерисилген жеңислер улыўмаластырылды, бар болған кемшиликлер еркин, критикалық баҳаланды ҳәмде мәмлекетти модернизация ҳәм реформалаў жоллары көрсетип берилди[1].

Бул баянаттың тарийхый ҳәм методологиялық әҳмийети төмендегилерде айнықса көзге тасланады:

Бириншиден, баянатта мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған демократиялық өзгерислер додаланып, тийисли илимий жуўмақлар шығарылып, олар әҳмийетли теорияны пайда етти.

Екиншиден, баянат әмелий жақтан да үлкен әҳмийетке ийе болып, онда раўажланыўымыздың үстин бағдарлары белгиленген. Атап айтқанда, бул баянат жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизация ҳәм реформалаў ҳәмде пуқаралық жәмийетиниң тийкарларын қәлиплестириў жолындағы стратегиялық дәстүри.

Үшиншиден, баянат идеологиялық әҳмийетке де ийе болып, онда алдымызға қойылған үстин ўазыйпалар мәмлекетимиз, жәмийетимиз

[1] Ислом Каримов. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. «Халқ сўзи», 2005 йил 29 январь.

раўажланыўында халқымыз ой – пикири, дүньяқарасы, миллий қәдриятларымыз, руўхыйлық, ағартыўшылық көз – қарасынан қаншелли әҳмийетли екени ашып берилген.

Төртиншиден, баянат үлкен сиясий әҳмийетке ийе ҳәүжжет. Себеби ол негизги мәнисинде мәмлекетимиз басшысының алдыңғы шығыўларында тийкарлап берген, байытылған ҳәм раўажландырылған жәмийет турмысының ҳәмме тараўларын демократияластырыў ҳәм жаңалаўға қаратылған стратегиялық дәстүрдиң туўрыдын – туўры даўамы болып есапланады.

Ғәрезсиз раўажланыўы даўамында елимиз экономикасы, сиясий, руўхый жақтан, жәмийетте демократия принциплерин қәлиплестириў барысында үлкен тарийхый жолды басып өтти.

Президентимиз өз баянатында ҳәзирги раўажланыў басқышында айрықша итибар бериў лазым болған мәселелер ҳаққында тоқталып, «Күшли мәмлекеттен-күшли пуқаралық жәмийетке қарай» деген мәмлекетимиздиң сиясий қурылыў дәстүрин әмелде толық қолланыў ҳәм усындай жандасыў менен пуқараларымызға өз турмысы ҳәм пүткил жәмийет турмысын басқарыўда ҳәм шөлкемлестириўде белсене қатнасыў ушын имканият жаратыўда қайсы мәселелерди биринши гезекте шешиў зәрүрлигин анық белгилеп берди.

Пуқаралық жәмийетиниң ҳуқықый негизи. Уллы сәркарда ҳәм мәмлекет басшысы Әмир Темурдың «Күш-әдилликте» деген хикметли сөзлери ҳәммемизге жақсы таныс. Президентимиз Ислам Каримов бул терең мәнили сөзлерди бүгинги раўажланыў талаплары тийкарында раўажландырып, «Әдиллик – нызам үстинлигинде», деген еди. Өз – өзинен, бүгин турмыстың әне сол өмирлик принципке қатаң әмел қылып жасаўды талап етеди.

Әне сол талаптан келип шыққан халда елимизде күшли мәмлекеттен күшли пуқаралық жәмийетке өтиў процесси беккем ҳуқықый тийкар ҳәм конституциялық тийкарда әмелге асырылмақта. Бул ҳаққында ғәрезсизлик

жылларында Конституциямызға таянған ҳалда бир қанша нызамлар қабыл етилгени дыққатқа ылайық.

Атап айтқанда, бүгинги күнде әмелде болған жәмийетлик бирлеспелери, кәсиплик аўқамлар, сиясий партиялар, сиясий партияларды қаржыландырыў, ғалаба хабар қураллары, пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары, мәмлекетлик емес кәрханалары, жәмийетлик фондлары,  ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер, сайлаўлар ҳаққындағы бир қатар нызамлар, Пуқаралық ҳәм Салық кодекслери сыяқлы ҳүжжетлери мәмлекетимизде пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўдиң жетерли ҳуқықый тийкар жаратылғанынан дәлил береди. Ең әҳмийетлиси, Өзбекистанда мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳаққында нызамшылық дизими жаратылды ҳәм турмысқа кеңнен еңгизилмекте[1].

Мәмлекетимиз басшысының бул мәселеге барлық ўақытта итибар берип келип атырғанлығын айтып өтиўимиз зәрүр. Мәселен, екинши шақырық Олий Мажлистиң тоғызыншы сессиясында «Жәмийетлик бирлеспелер ҳаққында» ғы нызамға зәрүр өзгерислер киритиў, сондай – ақ, «Мәмлекетлик емес шөлкемлери ҳәм бирлеспелери ҳаққында», «Қайырқомлық искерлиги ҳаққында» ғы нызамларын қабыл етиў усынысын бериўши Президентимиз болған еди. Өз – өзинен, бундай жаңа нызам ҳүжжетлери пуқаралық институтлары ҳәм өзин – өзи басқарыў уйымларын раўажландырыў ушын зәрүр шөлкемлестириў – ҳуқықый механизмлерин, тийисли нызамшылық тийкарларын және де раўажландырыўда, әҳмийетли әмелий орын тутады. Соның менен бирге, раўажланыўымыздың ҳәзирги басқышы пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўге хызмет қылатуғын айрым нызам ҳүжжетлерин қайта көрип шығыўды талап етпекте.

[1] Ўзбекистон жамиятини демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ қилиш йўлида. Тошкент, «Академия», 2005 й.

Пуқаралық жәмийети институтлары ғәрезсизлик себепли пуқараларымыздың дүньяға көз – қарасы ҳәм ой – пикири, ҳуқықый санасы ҳәм мәденияты түптен өзгерди. Булардың социаллық – сиясий активлиги бул унамлы процесслер адамға рух бағышлайды. Себеби, биз демократия өнимлериниң тутыныўшысы болыў менен шекленип қалмастан, бәлки әне сол өнимлерди жаратыўшы актив шахслар болыўымыз бүгинги күнниң тийкарғы талапларының бири. Пуқараларымыз жәмийетте жүз берип атырған өзгерислерге бийпарўа қараўдай ески заман иллетлеринен қутылмақта.

Ўатанласларымыздың мәмлекет ҳәм жәмийет турмысында актив қатнасыўы болса, өз гезегинде, жәмийетимизди және де демократияластырыў, еркинлестириў ҳәм пуқаралық институтларын қәлиплестириў менен туўрыдан – туўры байланыслы.

Пуқаралық жәмийеттиң ең әҳмийетли институтлары қатарына мәмлекетлик емес шөлкемлери, ғалабалық хабар қураллары, мәҳәлле, шаңарақ, шахс сыяқлы субъектлер киретуғынлығын нәзерде тутқан ҳалда, соны атап өтиў зәрүр, бул процесстиң үстин бағдарларының бири – мәмлекетлик емес шөлкемлерди раўажландырыў.

Мәмлекетлик емес шөлкемлерге пуқаралық жәмийетиниң әҳмийетли элементи сыпатындағы айрықша қәсийет бағыш етиўши сыпатлар төмендегилер:

- бириншиден, олар пуқараларға конституциялық тийкарда өз – ара бирлесиў ҳуқықын шығарыўға имкан береди;

- екиншиден, олар пуқалардың социаллық – сиясий искерлигин асырыў, ҳуқықый ҳәм сиясий мәдениятын раўажландырыўдың әҳмийетли қуралы.

Адамлар санасында демократиялық қәдриятларды беккемлеўде, олардың сиясий ҳәм пуқаралық искерлигин асырыўда, мәмлекетте жүз берип атырған демократиялық өзгерислердиң көлемин кеңейттириў ҳәм тереңлестириўде бул шөлкемлердиң орны ҳәм әҳмийети уллы.

Пуқаралық жәмийетиниң әҳмийетли институтларының және бири – ғалаба хабар қураллары искерлигин еркинлестириў мәселелери бойынша тоқталып, ел басшымыз сөз ҳәм баспа сөз еркинлиги, сондай – ақ, әшкаралықты, жәмийетте өткизилип атырған реформалардың әшкаралығын тәмийинлейди, демократиялық принциплерди турмысқа кең еңгизиў – жәмийетимизди және де раўажландырыў ҳәм сапа жағынан жаңалаў барысындағы ең әҳмийетли бағдар екенлигин белгилейди.

Мәмлекетимиздиң басшысы белгилеп бергениндей, бул бағдардағы тийкарғы ўазыйпа – мәмлекетимизде реформаларды тереңлестириў процессиниң әҳмийетли қурам бөлеги болған ғалаба хабар, телевидение, радио искерлигин және де либералластырыў, олардың ғәрезсизлиги ҳәм еркинлигин әмелде тәмийинлеўден ибарат.

Еркинликсиз демократия болмайды – бул әпиўайы ҳақыйқат. Сондай екен, ғалаба хабар еркинлиги сөзде ямаса қағазда емес, әмелде тәмийнлеўге, ҳәмме ғалаба хабар қуралларына, мүлки, формасы, тиражы, қамтып алыўы ҳәмде тема бағдарына қарамастан, олардың мәмлекетимиз хабар майданында халал бәсекилик тийкарында хызмет алып барыўы ушын жақын келешекте мәмлекет тәрепинен зәрүр шәрт – шәраят жаратып бериў, бул тараўдағы нызамшылық тийкарларын және де беккемлеў керек болады.

Президентимиздиң сөз ҳәм баспа еркинлигиниң ҳеш бир нызам менен тәртипке салыў мүмкин болмаған өзине тән тәреплери – Шығыс әдеп, парасат, миннет ҳәм жуўапкершилиги ҳаққындағы, халық, Ўатан, ғәрезсизлик мәплери түсиниклери мазмуны ҳаққындағы пикирлери жүдә әҳмийетли болып есапланады. Себеби, биз ҳәмме тараўлар сыяқлы сөз ҳәм баспа еркинлигин тәмийинлеў, ғалаба хабар қуралларын демократияластырыў барысында да улыўма қабыл етилген халық аралық нормалар менен өзимиздиң көп мыңлық мәдений – руўхый қәдриятларымыз, халқымыздың турмыс ҳәм пикирлеў тәрзи бирлигине таянамыз.

Жәмийетшиликтиң бақлаўы – пуқаралық жәмийеттиң ажыралмас белгиси. Пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде мәмлекеттиң экономикалық тараўда, хожалық жүритиўши дизимлер, биринши нәўбетте, жеке меншик секторы хызметине араласыўды шеклеў ҳәмде нызамлар орынланыўы бойынша мәмлекет ҳәкимияты уйымлары үстинен жәмийетшилик бақлаўын күшейттириў менен байланыслы мәселелер айрықша әҳмийет пайда етеди.

Пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў, алдын ала, социал – экономикалық процесслер менен байланыслы, белгили мәселелерди шешиўде мәмлекет шөлкемлериниң ролин кемейттириў ҳәм бул ўазыйпаларды басқышпа – басқыш жәмийетлик бирлеспелерге өткерип барыўды нәзерде тутады.

Бундай жағдайда мәмлекет системасының искерлиги ҳәмме тараўларда хожалық жүритиўши субъектлер ортасында бәсеки орталығын қәлиплестириў ушын ҳәм ҳәммеге теңдей шәрт – шәраятлар жаратыўға қаратылыўы керек. Орайлық ҳәм жоқары мәмлекет басқарыў мекемелери ўазыйпаларын мәмлекет ҳәкимиятының төменги дүзилмелерине пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына өткерип барыў ҳәм турмысымызды еркинлестириўдиң әҳмийетли бағдарларынан болып есапланады.

Бүгинги күнде миллий нызамшылығымызда пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары тәрепинен 18 бағдарда жәмийетлик бақлаўын әмелге асырыў көзде тутылған. Бирақ ҳәзирше енгизилген жәмийетшилик системасы өзиниң әне сол бақлаў имканиятларынан жетерли дәрежеде пайдалана алмай атыр.

Айтып өтиў тийис, мәмлекетимизде пуқаралық жәмийетиниң мазмун – әҳмийети, ҳуқықый тийкарларын имкан болғанша терең үйрениў ислерине қатаң итибар қаратылмақта. Орынларда бул бағдарда илимий – әмелий семинарлар, халық аралық конференциялар, түрли оқыў курслары дүзилип атыр. Атап айтанда, Жәҳән экономикасы ҳәм дипломатиясы

университетиндеги ЮНЕСКОның инсан ҳуқықлары, демократия, тынышлық, толерантлық ҳәм халық аралық ҳуқық кафедрасында талабаларға «Пуқаралық жәмийеттиң ҳуқықый тийкарлары» арнаўлы курсы бойынша сабақ берилмекте.

Мәмлекетимизде изшил, басқышпа – басқыш әмелге асырылып атырған өмирбахш реформалар бүгинги күнде халқымыз, жәмийетшилигимиз тәрепинен қоллап қуўатланбақта. Жәҳән жәмийетшилиги ҳәм демократиялық мәмлекетлер биз таңлаған раўажланыў жолын айрықша айтып өтпекте.

Бул бийкарға емес, әлбетте. Бул реформалардың дәслепки жылларында – ақ Президент Ислам Каримов тәрепинен ислеп шығылған Өзбекистанның өзине сай ғәрезсиз раўажланыў жолы – өзбек модели туўры таңланғаны ҳәм өмирде өзин толық ақлап атырғанлығының дәлийли.

Солай етип, жоқарыдағылардың барлығын есапқа ала отырып, бул бойынша әмелдеги нызамшылыққа тийисли өзгерислер киритип барыўымыз тийис.

## §2. Өзин – өзи басқарыў уйымларының роли

Жергиликли ҳәкимият уйымлары ҳәм пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары орынлайтуғын ўазыйпалар шеңберин кеңейттириў, оларға мәмлекет ўәкилликлериниң бир бөлимин басқышпа – басқыш тапсырыў мәселеси ҳәзирги басқышта жәмийетимиз турмысында актуал болып турыпты. Ең әҳмийетлиси, халықтың кәсип ҳәм курам мәплерин толығырақ көрсетиў ҳәм қорғаўда мәмлекетлик емес жәмийетлик бирлеспелериниң ҳуқық ҳәм статусын асырыў тийис. «Күшли мәмлекеттен – күшли пуқаралық жәмийетке қарай» деген сиясий қурылыс дәстүриниң мазмуны әне сонда анық көзге тасланады. Әне сондай қатнас пуқаралардың өз турмысы ҳәм пүткил жәмийет турмысын басқарыўда ҳәм

шөлкемлестириўде кең қатнасыў ушын имканият жаратады. Бул болса пуқаралық жәмийет принциплерине толық мас келеди[1].

Және бир әҳмийетли ўазыйпа – өзин – өзи басқарыў уйымлары, мәҳәлле комитетлери ҳәм аўыллық пуқаралық жыйынларының ролин ҳәмде ўәкилликлерин әмелде күшейтириў керек.[2]

Халқымыз тарийхында жаңа дәўир басланды. Биз өз раўажланыўымыздың жаңа басқышына қәдем қойдық. Халқымыздың тарийхый үрп – әдетлери ҳәм пикирлеў тәрзине муўапық, пуқаралардың өзин – өзи басқарыўдың әҳмийетли жәмийетшилик уйымы – мәҳәлленің абройы қайта тикленди.

Елимизде мәҳәлле сыяқлы өзин – өзи басқарыўшы жәмийетлик шөлкемниң өзгеше формасы әзелден бар болған ҳәм усы күнге дейин де сақланып қалған. Бизлер ушын мәҳәлле жәмийет түсинигине қарағанда көбирек мәнини аңлатады. Мәҳәлле себепли халықтың социаллық ҳәм экономикалық искерлиги жәмийетлик әҳмийет пайда етиўи, жәмийетлик қәдриятлар ҳүрмет қылыныўы, өз – ара қатнас принциплериниң айрықша қағыйдалары сақланып қалды ҳәм раўажланды. Бул болса жәмийет алдындағы миннетлеме ҳәм мойнындағы жуўапкершилик сөзсиз орынланыўының кепиллиги. Мәҳәлле руўхы республикамызда жасаўшы ҳәрбир адам дилине сиңип кеткен[1].

Келешеги уллы Ўатанымыз - Өзбекистан Республикасында әсирлер даўамында инсаныяттың уллы тараўлары әрман еткен демократиялық – ҳуқықый мәмлекет, әдил пуқаралық жәмийети дүзилмекте. Бул уллы мақсетти әмелге асырыў процессинде шаңарақ ҳәм мәҳәлленің орны уллы.

Демократия дегенде, улыўма тәризде ҳәмменің мәплери жолында көпшиликтиң ҳәкимияты ҳәм азшылықтың қәлеўин ҳүрмет қылыў түсиниледи[2]. Кең анализ етилгенде болса демократия – халықтың өз

---

[1] Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. 7-жилд.Т.:Ўзбекистон, 1999, 389-б.
[2] Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз- жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир.Т.:Ўзбекистон, 2005, 96-б.
[1] Каримов И.А. Ватан саждогоҳ каби муқаддасдир. 3-жилд.Т.:Ўзбекистон, 1996, 271-б.
[2] Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. 6-жилд.Т.: Ўзбекистон, 1998, 156-б.

еркинлиги ҳәм ғәрезсизлигине қараслары, ҳәр бир шахс мәплери ҳәм ҳуқықлары түрли нызамсыз ҳәрекетлерден қорғаў, пуқаралардың өзин – өзи басқарыў формасы екенлиги белгили болады.

Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў мәселеси демократияның ажыралмас бөлими, себеби ол ҳәкимиятты әмелге асырыў менен тығыз байланыслы. Биз ушын пуқаралық жәмийет – социаллық мәкан. Бул маканда нызам үстинлиги болып, ол инсанның өзин – өзи жетилистириўге тосқынлық етпейди, керисинше жәрдем береди. Шахс мәплери, оның ҳуқық ҳәм еркинликлери толық әмелге асыўына жәрдемлеседи. Усы ўақытта бул мәканда басқа адамлардың ҳуқық ҳәм еркинликлери кемситилиўине жол қойылмайды. Яғный, еркинлик ҳәм нызамға бойсыныў қағыйдасы бир ўақыттың өзинде әмел қылады, бир – бирин толықтырады ҳәм бир - бирин белгилеп береди. Ҳәкимият уйымларының демократиялық мазмуны көп тәреплеме мәмлекетти басқарыўда пуқаралардың қатнасыў мәселеси қаншелли шешилгени менен белгилениўи мәлим.

Сиясий ой – пикирде, жәмийет ҳәм мәмлекет хызметкерлери искерлигинде жаңаша социаллық умтылыўлар, формалар пайда болып атырғаны демократияның турмысымыздан барған сайын беккемрек орын алып атырғанлығының дәлийли.

Өзбекистан Республикасының «Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлар ҳаққында» ғы нызам жәмийетти демократияластырыў, сиясий процесслерди еркинлестириў, пуқаралық жәмийетти қурыўда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўди әҳмийетли фактор болып хызмет етеди. Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў органлары тек ғана жергиликли әҳмийетке байланыслы болып қалмастан, бәлки Орайдағы басқарыў ўәкилликлерин басқышпа – басқыш төмен бөлимлерине бериў ҳәм орынлардағы ҳәкимиятты шөлкемлестириўде де ғәрезсиз қатнасады. Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары қурамына кирмейди ҳәм тийисли аймақта нызамда белгиленген ўәкилликлерди әмелге асырады.

Бул тараўдағы мәмлекетлик сиясаты экономикалық ҳәм жәмийетлик раўажланған демократиялық мәмлекетти қурыўдың әҳмийетли шәрти болған, пуқаралардың өзин – өзи басқарыўды раўажлантырыў ҳәм оның хызметиниң унамлылығын асырыў сыяқлы жоқары адамгершиликли мақсетлерге қаратылған. Бул мақсетке ерисиў ушын бул сиясат төмендегише бағдарланған болыўы керек:

- Пуқаралардың өзин – өзи басқарыўда пуқаралардың конституциялық ҳуқықларының әмелге асырылыўын тәмийнлеў;

- Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларының конституциялық ўәкилликлерин әмелге асырыў ушын шәраятлар жаратып бериў;

- Пуқаралардың өзин – өзи басқарыўдың мәмлекетлик кепилликлерин тәмийинлеў;

Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларының әҳмийетли хызмет көрсетиў – жәмийетти реформалаў процессине халықтың кең қаталамларының усыныс берилиўи ҳәмде халқымыздың үлкен интеллектуал ҳәм руўхый раўажланыўын мүмкин болғанша көбирек қамтыў имканиятын береди.

Бүгинги күнде пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларысыз мәмлекетлик емес шөлкемлери ҳәм жәмийетлик бирлеспелериниң бирдей системасын ҳәмде ҳуқықый пуқаралық жәмийетти қурыўды көз алдымызға келтирип болмайды. Халықтың өз усыныс берилиўи менен қурылған пуқаралар жыйынлары – жергиликли өзин – өзи басқарыўдың жәҳән әмелиятында уқсасы болмаған миллий формасы болып есапланады.[1]

Мәмлекет қурылысы ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў процесслерин еркинлестириў мәселеси ҳәм ҳәзирги басқышта үлкен әҳмийет пайда етеди. Бул бағдардағы тийкарғы ўазыйпалар ҳәкимияттың ҳәмме тармақларының бир – биринен барлық ҳалда ис жүритиў принциплерин беккемлеў. Ҳәкимият ўәкилликлерин мәмлекетлик емес ҳәм

---

[1] Халилов Э.Х. Фуқаролар ўзини ўзи бошқариш органларининг жамият ҳаётидаги нуфузининг ошиб бориши тўғрисида. Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органларига бўлажак сайловга тайёргарлик кўриш ва уни ўтказишга бағишланган республика семинар-кенгашининг материаллари.Т.: 2001, 5-б.

жәмийетлик бирлеспелерге, пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына басқышпа – басқыш өткерип барыў, олардың хақ – ҳуқықларын ҳәм еркинликлерин қорғаўды күшейттириўден ибарат.

Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин толық ҳәмде унамлы әмелге асырылыўы ушын, турақлы ҳуқықый режимин тәмийинлеў ушын бақлаў алып барады.

Пүткил мәмлекет ҳәкимияты уйымлары исиниң өнимдарлығын сақлап қалған ҳалда, ҳәкимият ўәкилликлериниң бир бөлимин орай ыхтыярынан азат етиў, оларды аймақларға, жергиликли ҳәкимият уйымларына алып барыў бүгинги күнде турмыслық зәрүриятқа айланып бармақта.

Өз гезегинде, мәмлекет ҳәкимияты жергиликли уйымлары жаңа шәраятларда өз ҳәкимият ўәкилликлери ҳәмде ўазыйпаларының бир бөлимин пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына тапсырыў жолы менен олардың ролин күшейттириў ҳәм абырай – итибарын беккемлеў имканиятына ийе болмақта.

Ҳәкимиятты орайдан әсте – ақырын орынларға узатыў принциплерине тийкарланған, жергиликли әҳмийетке тийисли мәселелерди шешиўде ғәрезсизликке ийе пуқаралардың өзин – өзи басқарыўы жергиликли ҳәм улыўма мәмлекетлик мәплериниң араласыўы ҳәмде социаллық – экономикалық потенциалының пайдалы әмелге асырылыўына жәрдемлеседи.

Өзбекистан Республикасы сиясий – ҳуқықый системасын реформалаў ҳәм еркинлестириў шәраятында мәмлекетлик басқарыў аппаратынын изертлеў мәселелери раўажланыўында тек ғана илимий емес бәлки социаллық әҳмийетке ийе принциплердиң де тийисли екенлигин айрықша белгилеп өтиў керек[1].

Сол себепли жүдә әҳмийетли социаллық машқалаларды шешиўде пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары ролин буннан былай да пүткил шаралар менен асырыў, оларды зәрүр метериаллық қураллар менен

[1] Бойдадаев М. Бошқарув тизими. Қонун ҳимоясида», 3(75)-сон, 2002, 10-бет.

исенимли дәрежеде беккемлеў талап етилмекте. Мәмлекет усы әҳмийетли социаллық мәселени шешиўде пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына пүткил шаралар менен жәрдем бериўи керек. Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў ўәкилликлери анық беккемленип қойылғаны менен ажыралып турады, онда халықтың, пуқаралар өзин - өзи басқарыў уйымларының жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерин унамлы шешиўге қаратылған ҳәрекетлери барлық ўақытта көзге тасланып турады.

Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларының ўәкилликлерин еки топарға ажыратыў мүмкин:

1. Пуқаралар өзин – өзи басқарыў уйымларының «жеке» ўәкилликлери, яғный мәмлекет тәрепинен кепиллик берилген ҳәм халықтың жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерин ғәрезсиз шешиўди тәмийинлейтуғын ўәкилликлер.

2. Пуқаралар өзин – өзи басқарыў уйымларына өткерилиўи мүмкин болған мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлери.

Пуқаралар өзин – өзи басқарыў уйымларының ҳуқықый статусы төмендеги қәсийетлерге ийе:

Бириншиден, пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары мәмлекет ҳәкимияты дизимине кирмейтуғынлығы;

Екиниден, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына мәмлекеттиң айырым бир ўәкилликлерин өткериўде, олар мәмлекет ўазыйпаларын орынлаўда қатнасыўлары мүмкин ҳәм олардың усы искерликлери мәмлекет қадағалаўы астында болады.

Пуқаралық жәмийетин қурыў бир қанша ўәкилликли ўазыйпаларды мәмлекеттен жергиликли ҳәкимият уйымларына, жәмийетлик бирлеспелерге ҳәм пуқаралардың өзин – өзи басқарыў ўйымларына басқышпа – басқыш тапсырыўды көзде тутады.

Қалған бәрше ўазыйпалар ҳәм әсиресе, биринши нәўбетте, базар реформаларын әмелге асырыў, исбилерменликти хошаметлеў, жеке меншик мүлкти раўажландырыў, халықты жумыс пенен тәмийинлеў,

тутыныўшылар базарын толтырыў, социаллық инфрадүзилмени раўажландырыў, адамлардың материаллық турақлылығын асырыў, халықты күшли социаллық қорғаў мәселелери жергиликли ҳәкимият уйымлары ҳәмде пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары тәрепинен шешилиўи керек. Әне усы жол менен биз пуқаралық жәмийеттиң беккем тийкарларын орнатыўымыз мүмкин.

Нызам көз – қарасынан алып қарағанда, жергиликли уйымлар, яғный нызамлар қабыл етилгенше, пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары ҳәм ҳәр тәреплеме усындай ўәкилликлерге ийе болды. Енди ең әҳмийетли ўазыйпа әне сол ўәкилликлерди әмелге асырыўдың тәсиршең механизмин жаратыў.

Ўәкилликлердиң орайлық мәмлекет ҳәкимияты уйымларынан төменги басқарыў уйымларына басқышпа – басқыш өткериў мәмлекет басқарыўының ықшам ҳәм нәтийжели формасын жаратыўды тәмийинлеў, жергиликли басқарыў уйымлары искерлигинде анықлықты асырған ҳалда, мәмлекет ҳәм жәмийет арасында өз – ара жақын байланысты жаратыў зәрүр. Соның менен бирге, мәлим бир ўәкилликлерди орайдан орынларға өткериў мақсет емес, бәлки халыққа хызмет көрсетиўдиң нәтийжели, арзан ҳәм тәсиршең усылларын жаратыў қуралы сыпатында қаралыўы зәрүр.

Өзбекистан Республикасы Конституциясы ҳәм «Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары ҳаққында» ғы нызамда пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин өткериў процессин, оның атқарыў ҳәм финанс ҳәмде материаллық қаржылары, соның менен бирге, олардың атқарыўы үстинен бақлаў тәртиплери жоқ. Бунда пуқаралардың өзин – өзи баскрыў уйымларына мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин өткериў тәртибин белгилеўши тийкарғы принциплерди белгилеў зәрүрлиги пайда болмақта. Бул пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымлары ғәрезсизлигиниң Конституциялық кепилликлерин тәмийинлейди.

Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин өткериў төмендеги принциплер тийкарында әмелге асырылыўы мақсетке муўапық:

- Нызамлылық;

- мәмлекет ўәкилликлерин өткериўдиң социал – экономикалық жақтан тийкарланыўы;

- тапсырылып атырған мәмлекет ўәкилликлериниң материаллық ҳәм финанслық жақтан тәмийинлениўи;

- өткерилген мәмлекет ўәкилликлериниң әмелге асырылыўы үстинен бақлаў орнатыўы.

Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин өткериў мәселесин шешиўде пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларының шөлкемлестириўши, кадр, мағлыўмат топлаў, финанслық ҳәм басқа имканиятлар инабатқа алыныўы лазым. Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына мәмлекеттиң ўәкилликлерин өткериў мәмлекет ҳәкимияты ўәкиллигине тийисли болған, соның менен бирге Өзбекистан Республикасы аймақлық бирлик, Конституциясы ҳәм нызамлар үстинлигин бузыўшы ҳәмде пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, юридикалық шахслар ҳәм пуқаралар еркинлиги ҳуқықларының аяқ асты етилиўине алып келетуғын басқа мәмлекет ўәкилликлерин өткериўине жол қойылмайды.

Базы бир алымлардың пикиринше, белгиленген нызамды ўәкилликлерди өткериўдиң улыўма тәртиби, өзгешеликлерин шәртнама белгилеў керек екен. Бул ўәкилликлерди өткериў мәселесине[1] пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларының экономикалық ҳәм социаллық раўажланыў дәрежеси ҳәм басқа өзгешеликлерин инабатқа алған халда жандасыў имканын берер екен. Айтар болсақ, ўәкилликлердиң ҳәр тәреплеме ҳәм ҳәр қыйлы өзгешеликлерин итибарға алып, мәмлекет

---

[1] Кудлинский М. Теоритические проблемы органов местного самоуправления в РФ//Информ. Бюллет. Текущего законодательства. 1998. №4. 11-15 б.

ҳәкимияты уйымлары тәрепинен пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына, нызамға тийкарланып, ҳәр бир ҳәкимият бөлиминиң өзи ҳәмде биргеликте жүритилип атырған мәселелер жүзесинен өткизилиў мүмкин болған мәмлекет ўәкилликлериниң анық дизимин белгилеп болмайды.

Мәмлекет ўазыйпаларының қайсы бирин пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына өткериў мүмкин, қайсы бирин өз – ара шешиў лазым екенлигин анықлап алыў қурамалы мәселе. Соның ушын жергиликли әҳмийетке, яғный пуқаралардың күнделикли мүтәжликлерин әмелге асырыў менен байланыслы ўәкилликлерди ғана өзин – өзи басқарыў мекемелерине өткериўди, нызамда белгилеў мақсетке муўапық болар еди. Белгили мәселелерди нызамда қарар таптырыў мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына өткериўди нызамда белгилеў мақсетке муўапық болар еди. Бул мәселелерди нызамда көрсетиў мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына өткериўдиң ҳуқықый имканиятларын жаратады.

Ҳәзирги ўақытта, социаллық жақтан, мәмлекетимиз келешеги көз – қарасынан қарағанда, мәҳәлleниң ең демократиялық басқарыў усылы ҳәм системасы сыпатында орны ҳәм тәсири мәмлекет уйымларына қарағанда күшейип ҳәм кеңейип барыўы, турмысымыздағы әҳмийети барған сайын өсип барыўы тәбиий.

Сол себепли елимизде мәҳәлле системасын және де раўажландырыўға айрықша итибар берилмекте. Өзин – өзи басқарыўдың халқымызға тийисли өзгеше усылы болған мәҳәлле жәмийетшилик қадағалаўы институтын шөлкемлестириўде ҳәм сондай имканиятларға ийе болып, биз олардан еле берин толық пайдалана алғанымыз жоқ. Бул бойынша, өз – өзинен көп ислеўимиз керек.

Мәҳәлleниң пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымы сыпатындағы роли ҳәм әҳмийетин асырыў, миллий қәдрият ҳәм дәстүрлерди, өз – ара мийрим сезимлерин беккемлеўдеги абырайын көтериў, бул система арқалы

халықты материаллық ҳәм руўхый жақтан қоллап – қуўатлаўды және де күшейттириў керек.

Бизлердиң арзу – арманларымыз, интилиўлеримиз ҳәммеге белгили халқымыздың еркин, турақлы турмысына кепиллик беретуғын, инсан ҳуқықларын үстем қәдрият сыпатында белгилейтуғын демократиялық ҳуқықый мәмлекет, пуқаралық жәмийетти қурыў[1].

Бүгин жәмийетимизди демократияластырыў, социаллық бағдарланған, раўажланған базар экономикасына ийе болған пуқаралық мәмлекетти қурыў жолынан және де алға ҳәм және де турақлырақ барыўымызды турмыстың өзи белгилеп бермекте.

Солай етип, жоқарыдағылардың барлығын есапқа ала отырып, бул бойынша әмелдеги нызамшылыққа тийисли өзгерислер киритип барыўымыз тийис.

## §3. Сиясий партиялардың пуқаралық жәмийетте тутқан роли

Мәлим болғанындай, мәмлекетлик емес комерциялық емес шөлкемлер ишинде тек сиясий партиялар ғана сиясий жумыс пенен тиккелей шуғылланыўы мүмкин. Сиясий партиялардың мәмлекет пенен халық ортасындағы түрли қатнасықларда социал қатлам ҳәм топарларының сиясий мәплерин сыпатлаўда үлкен әҳмийет талап етеди.

Сиясий мәплер деп - социаллық хызмет субъектлериниң өз жағдайын сиясий гүрес қуралында раўажландырыў ҳәмде жақсылаўдың объектив ҳәм субъектив имканиятларын түсиниўге айтылады. Сиясий мәплер субъектлери тийкарынан социал қатламлар, индивидлер ҳәм шөлкемлерден ибарат. Жәмийетлик қатламлардың класслық, этник, кәсиплик, аймақлық, демографик, мийнет шөлкеми көринисине ийе болады. Шөлкемлерде мәмлекет шөлкем бирлеспелери, конфессиялар, жәмийетлик ҳәрекетлер формасына ийе болады.

---

[1] Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. 9-жилд.Т.: Ўзбекистон, 2001, 387-б.

Мәмлекетлик емес комерциялық емес шөлкемлердиң ҳәкимиятқа тийисли мақсетлери, парламент қуралында орынланыўы лазым болған машқалаларды тек партиялар менен шерикликте орынланыўы мүмкин. Өз нәўбетинде, сиясий партиялардың ҳәм мәплер топарларысыз сайлаў компанияларында жеңиске ерисиўи, жәмийетти ақлаў қыйын кешеди.

Демократиялық жәмийеттиң әҳмийетли белгилериниң бири, бул – көппартиялық пенен бир қатарда өз ағзаларының терең сиясий мәдениятына таянған мәплер топарларының олардың жәмийет ҳәм мәмлекеттиң бәрше институтлары менен өз-ара ҳуқықлылық тийкарында актив мүнәсебетте болыўы. Себеби партиялар өз орнында мәмлекетлик емес комерциялық емес шөлкемлериниң турли мәплери жолында бул топарлардан пайдаланады ҳәм шериклик қылады.

Мәмлекетимизде демократиялық институтларды қәлиплестириў ҳәм раўажланыў процессинде реформалар тереңлесип баратыр. 2008 жылға келип Өзбекистанда 309 республикалық әхмийетке ийе жәмәәт бирлеспелери хәрекет етип тур, олардың 64 халық аралық, 48 қор (фондлар), 78 жәмийет, 4 сиясый партия, 42 федерация, 20 миллий орайлар, 48 ассоциация, 16 кәсиплик аўқамлар, 5 комитет, 22 хәр түрли жәмийетлик шөлкемлер ислеп тур. Сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасында, ўәлаятларда 2300-ден аслам жәмийетлик шөлкемлер ислеп тур. Сиясый партияларға 2004 жылы болып өткен сайлаўларда Олий Мажлис нызамшылық палатасының депутатлығына кандидатларды көрсетиў хуқықының берилиўи олардың жәмийет турмысындағы ролин күшейтиўге қаратылған еди. Хәзирги күни Өзбекистанда көп партиялық система қәлиплесип, сайлаўларды көп партиялық тийкарда өткериў демократиялық қадрият болып қалды. Пуқаралардың сиясый турмыста актив қатынасыўы хәм сиясый партиялардың сиясый процесслерде қатынасыў ушын жағдай жаратылған.

Мәмлекет уйымларының пуқаралар мәпи ҳәм мүтәжликлери, ҳуқық ҳәм еркинликлери үстинлигин итибарға алған ҳалда қарарлар қабыл етиўи

демократия талабы. Сиясий қарарлар қабыл етиўде пуқаралар алдындағы жуўапкершиликке турақлы әмел қылыў, олардың актив болыўы ушын зәрүр шәрт – шәраятлар жаратыў, қабыл етилген қарарларда ҳәмме социаллық қатламлар мәплериниң сәўлелениўи – булар пуқаралық жәмийеттиң әҳмийетли белгиси.

Мәмлекет әҳмийетине тийисли қарар қабыл етиў – аңлап жетилген ҳәм тәбиий рәўиште пайда болған стратегиялардың конкрет усыллары ҳәм изшил рәсмийлесиўи болып, олар қабыл етиўди көзде тутылған қарарлардан күтилген нәтийжелер, олардың шөлкемлестириўши бирлиги ҳәм бул қарарларды қабыл етиў техникасын да қамтып алады.

Әлбетте, мәмлекет қарарларын қабыл етиў характери басқарыў формасына да байланыслы. Демократиялық жәмийетте ҳүкимет көпшилик ҳалларда жәмийет мәплеринен келип шығып сиясий қарарлар қабыл етеди.

Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов мәмлекет қарарларын қабыл етиўдиң демократиялық принциплерине тийкарланып, мәмлекет социал – экономикалық турмысындағы аўҳалын төмендегише атап өткен еди: «Халқымыздың сиясий активлилиги екенлиги қайта – қайта айтыўға туўры келмекте. Тән алыўымыз керек: ески қалдықлардан толық қутыла алмаймыз. Ҳәмме әҳмийетли қарарлар жоқарыдан қабыл етилип, бизлерди бар жоғы исениўши атқарыўшыларға, арсында ойланбай қабыл етилген қарарлар қурбанына айландырған ҳәкимшилик – буйрықпазлық, совет дүзими иллетлеринен айырылыўымыз қыйын болып атыр. Сиясий мәдениятты раўажландырыў керек. Адамлар ҳәкимият қарарлары қандай қабыл етилиўин, олардың атқарылыўы қандай қадағаланып баратырғанлығын билиўи, бул қарарларды таярлаў ҳәм әмелге асырыўда актив қатнасыўлары керек. Басқаша айтқанда, жәмийет орайда ҳәм орынларда сайланған ҳәкимият өз тәғдирин қай тәризде шешилип атырғаны, олардың раўажланыўын қай тәризде белгиленип атырғанлығынан хабардар болып турыўлары керек. Ҳәр бир инсан

жәмийеттеги өз орнын билиўи, өзин жәмийеттиң ажыралмас буўыны деп билиўи керек».

Ҳақыйқатында да, пуқаралық жәмийетти қурыў процессинде мәмлекет қарарларының халықшыл болыўы, бул қарарлардың мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының турақлылығына тәсири пуқаралардың активлилиги ҳәм сиясий процесслерде кең қатнасыўшылығына байланыслы болады. Пуқаралар активлилиги болса олар әмел болған социаллық қатлам өз мәплерин ҳәм мүтәжликлерин қаншелли тәсирлеп билиўине байланыслы екени де айне хақыйқат. Белгилеп өтиў керек, социаллық қатлам ҳәм топарлар мәплерин қәлиплестириў, оларды интеграциялаў ҳәм қарарлар қабыл етиўге актив усыныў пуқаралық жәмийети институтлары тәрепинен әмелге асырылады. Бул институтлар ишинде ең активи, сиясий мәплерин билдириў ҳәм өткизе алыў ҳуқықлары ҳәм имканиятларына ийе болғаны – сиясий партиялар болып табылады. Соның ушын да Президент И.А.Каримов сиясий партиялардың жәмийетти демократияластырыў тараўындағы әҳмийетли ўазыйпасы сыпатында төмендеги пикирлерди билдиреди: «..сиясий партиялар ҳәм пуқаралық институтларының мәмлекет әҳмийетине тийисли ең зәрүр болған қарарларды қабыл етиўдеги роли ҳәм тәсирин түптен күшейттириў керек», сондай – ақ «усы мүнәсебет пенен партиялар халық ортасында абырой – итибар қолға киритиў мақсетинде изшил ис алып барыўы, сиясий тәжрийбе арттырыўы, сиясий жетикликке интилиўи ҳәм ең әҳмийетлиси, финанслық ғәрезсизликке ерисиў, жәмийетте өз орнын табыў ҳәм өзиниң турақлы сайлаўшыларына таяныў ушын актив ҳәрекет етиўи керек. Дәстүри ҳәм бағдарларына қарамастан ҳәмме партияларымыз мине усындай жолды басып өтиўлери керек»[1].

Бул орында Президент И.А.Каримов пуқаралық жәмийетке тән болған сиясий партиялар ҳәм олардың ҳуқықый мәмлекетти қәлиплестириў

[1] Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т.:Ўзбекистон, 2005, 39-40-бетлар.

барысындағы орнын раўажландырыў ўазыйпасын қоймақта. Себеби, демократиялық принциплер тийкарында ис алып барыўшы сиясий партиялардың қатнасыўысыз ўәкиллик демократиясы искерлигин тәмийинлеў, жәмийеттиң хуқықый мәплерин нызамлар ҳәм мәмлекет қараларында көрсетиў қыйын.

Мәмлекетте сиясий партиялар искерлигин күшейттириў раўажланған демократиялық мәмлекетлер тәжрийбеси ҳәм миллий қәдриятларымыздың биригиўи тийкарында алып барыўды талап етеди. Бул орында демократиялық қәдриятларға тийкарланған сиясий партиялар белги ҳәм сыпатларын тереңрек қабыл етиў зәрүрлигин жүзеге шығарады.

Пуқаралық жәмийетти қурыўдың дәслепки басқышларында түрли класслардың интеграцияланыўы, сондай – ақ, бул процесслерге унамлы тәсир көрсеткен мүлкдарлар қатламының кеңейип барыўы менен топар мәплерин сиясий кеңликлерде көрсетиў зәрүрлиги заманагөй сиясий партиялар қәлиплесиўин белгилеп берген еди. Бул дәўирдеги партиялар түрли социаллық топар ҳәм класслардың сиясий мәплерин көрсетип әсте – ақырын ғәрезсиз институтларға айланып барды. Әсиресе сайлаў институтларының ҳәкимият ўәкилликлерин қәлиплестириў механизми сыпатындағы орнының асып барыўы сиясий партиялардың және де раўажланыўына түртки берди. Демократиялық қәдриятлар жәмийет турмысының түрли тараўларында қәлиплесип барыўы, пуқаралық жәмийети институтларының орны ҳәм әҳмийети де раўажланып барды.

Шығыс сиясатшы алымларының айтыўы бойынша, «Сиясий партиялар – рәсмий институтласқан ҳәм мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў системасы үстинен бақлаў ушын гүресте қатнасыў мақсетлерине функционал қәнийгелескен бирлеспе». Бул мәселени изертлеген таныңлы алым Ж.Сартори партиялар искерлигине тийисли төмендеги анықлықты киритken еди: «Сайлаўларда қатнасыўшы ҳәм оның нәтийжесинде өз талабаларын мәмлекет уйымларына өткере алыўы мүмкин болған ҳәр қандай сиясий топар – бул партия». XX әсирдиң соңында Ж.Дапаламбара

ҳәм Ж.Андерсонның «Басқарыў ҳәм сиясат энциклопедиясы» мийнетинде төмендеги түсиндирме келтирилген: «Партия рәсмий статусқа ийе болыў ҳәм рәсмий шөлкем болыўы менен байланыслы, орайды шеттеги орынлар менен байланыстырыўшы ҳәм мәмлекет уйымларына өз талабаларын сайлаўлар жәрдеминде өткериў имканиятына ийе болған ҳәр қандай топар»[1].

Белгили болғанындай жәмийеттиң пайда болыў зәрүрлиги алдын ала, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў ҳәм олардың турмысында беккем ҳәм ғәрезсиз әмел қылыўын шөлкемлестириў менен байланыслы. Сол мәнисте, ҳәр қандай сиясий институт функциялары ҳәм олардың хызмет көрсетиў шеңбери пуқаралар мәплери тийкарында қабыл етилген нызамлар ҳәм қарарлар менен шегараланған болыўы керек. Демек, сиясий институтлардың хызмет көрсетиўи пуқаралардың қәлеўи тийкарында кешиўи зәрүр. Әне сол зәрүрликтен келип шығып, пуқаралық жәмийетти қурыў процесслериндеги сиясий партиялардың орнын олардың мәмлекет ҳәм жәмийеттеги функциялары белгилейди.

Бүгинги күнге келип демократиялық характерге ийе болған сиясий партиялардың тийкарғы функциялары төмендегилерден ибарат:

- айрықша алынған пуқаралар, социаллық қатлам ҳәм топарлар мәплерин бирлестирип, оларды сиясий мәплер дәрежесине көтериў;

- таянатуғын социаллық қатламлар ўәкилликлерин сиясий дизимде көрсетиў, түрли қатлам ҳәм топарлардың сиясий мақсетлерин бир дизимге келтириў ҳәм мәмлекет қарарларын қабыл етиўде жүзеге шығарыў;

- ҳәкимиятты сайлаўлар жәрдеминде қәлиплестириў процессинде актив қатнасыў;

- мәмлекет қарарларын лигитимлестириў, олардың жәмийет тәрепинен қабыл етилиўин тәмийинлеў;

---

[1] Қирғизбоев М. Фуқаролик жамияти: сиёсий партиялар, мафкуралар, маданиятлар.Т.:Шарқ, 30-32-бетлар.

- түрли дәрежедеги сайлаўлар жәрдеминде басқарыўшы кадрларының пуқаралар тәрепинен белгилениўи, олардың халқ пенен ислей алыў тәжрийбесине ийе болыўына көмеклесиў;

- төменги шөлкемлер дәстүрлери, партиялық мәжилислер жуўмақлары, ғалаба хабар қуралларындағы актив қатнасы арқалы жәмийетшилик пикирин қәлиплестириў;

- пуқаралардың сиясий санасын қәлиплестириў ҳәм сиясий мәденияты раўажланыўы ушын социаллық – сиясий орталық жаратыўға, олардың сиясат майданына шығыўына, яғный сиясий тәрептен социалласыўына жәрдемлесиў;

- пуқаралардың сиясий мәплерин уйғынластырыў, оларды партиялық шеңберге топлап, сиясий процесслерге бағдарлаў, сондай – ақ пуқаралардың бул процессте актив қатнасқанлығы ушын хошаметлеў;

- демократиялық сайлаўларда сайланған өз ўәкиллери, түрли дәрежедеги депутатлар, түрли лаўазымларды ийелеген партияласлары, сондай – ақ, партиялық фракциялары арқалы өзлериниң турақлы дәстүрлерин әмелге асырыў, халықтың көпшилигин ийелеген мақсетлеринде парламент ҳәм ҳүкиметке тәсир көрсетиў;

- сиясий мақсетлерин «мәмлекет қәлеўи» менен бирлестириў, жәмийетти раўажландырыўға тийисли дәстүрлерин ямаса оның айырым бағдарларын социаллық – сиясий ҳәм экономикалық турмысқа еңгизиў;

- халық пенен мәмлекет уйымлары ортасындағы байланыслар ҳәм қатнасықларды турақлы түрде тәмийинлеп турыў. Сайлаўшылардың сиясий кейпиятын тезлик пенен аңлаў, реформаларды тереңлестириў дәўиринде социаллық қатламлардың тәкрар топарласыў ҳәм оларды қатлам болып қәлиплесиў процессинде өзгериўшең пуқаралардың мәплери, зәрүрликлери реформаларын, тилеклерин өз ўақтында аңлап алыў ҳәм партияның мәмлекет уйымларындағы ўәкиллерине жеткерип турыў, сол ўақытта мәмлекет уйымларының қарарлар қабыл етиў, оларда

қосымша ҳәм өзгерислер киритиў процессиниң тәбиий рәўиште кешиўин тәмийинлеў[1].

Улыўма қабыл етилген қағыйдалардан бири, сиясий партиялар мәмлекеттиң ишки ҳәм сыртқы сиясатын ислеп шығыў, қәлиплестириў ҳәм әмелге асырыўда туўрыдын – туўры ҳәм анық қатнасады. Сайлаўларда жеңген партиялар өзлериниң жоқары уйымлары, парламент функциялары жәрдеминде мәмлекетлик қарарларды қабыл етиў ҳәм оларды әмелиятта қолланыў процесслеринде қатнасады. Оппозицион партиялар болса ҳүкимет қарарларына айланыўы мүмкин болған турақлы қарарлар жойбарын ислеп шығарады ҳәм алға сүреди. Сол тәризде партиялар сиясий қарарларды қабыл етиў процессине актив тәсир көрсетиў имканиятына ийе болады. Әлбетте, сиясий партиялар халықтың түрли қатламларының сиясий мәплерин көрсетип ғана қоймастан, бәлки бул мәплерди қәлиплестириўде ҳәм туўрыдан – туўры актив қатнасады. Себеби партия олардың сиясий көз – карасларын қәлиплестириў менен шуғылланбаса, пуқараларда сиясатқа карата анық көрсетилмегенлиги, топарлық мәплери дәрежесине көтерилмейтуғынлығы анық. Бунның үстине, бул сыяқлы жағдайларда сиясий мәплерде топарбазлық, ҳәкимият таласыўға болған урыныўлар үстинлик етип, олар шау – шыў, миш – миш сыяқлы бузғыншылық иллетлери сыпатында шығыўы мүмкин. Сол мәнисте, партиялардың пуқаралар ортасында сиясий мәплер қәлиплесиўи сиясий мәденият талаплары шеңберинде кешиўин айтыўшы жәмийетлик бирлеспеси сыпатында ўазыйпасы айрықша әҳмийет пайда етеди.

Сол менен бирге, партиялар пуқаралық жәмийетти ҳәм мәмлекет мәплерин бирлестириўши жалғыз күш. Демек, күшли партиялар мәмлекетти күшсизлентирмей, керисинше, олар сиясий процесслердиң жәмийетшилик бақлаўы астында кешиўин тәмийинлеўге жәрдемлеседи, мәмлекетти жәмийеттиң түрли социаллық топар ҳәм қатламлары менен

[1] Қирғизбоев М. Сиёсий партиялар нега фаоллашмаяпти? «Ҳуррият», 1999, 28 июль-3 август

байланыстырып, олар ортасындағы теңликти күшейттиреди. Керисинше, демократиялық мәмлекетлер тәжрийбесинен белгили болғанындай, партиялардың әззилиги мәмлекет уйымларының әззилигине себеп болыўы мүмкин.

Сиясий партиялар жәмийетлик бирлеспелер менен беккем байланыста болғанлығы себепли, олардың улыўма мақсетлери дәслеп орынлардағы пуқаралар менен сөйлесиўлерде қәлиплеседи. Қалаберсе, партиялардың бир – бири менен бәсеки себепли ҳәм улыўма мәплер ҳәр қандай топарлар ҳәм лаўазымлардан (олар қаншелли үлкен лаўазымларды ийелеўине қарамастан) жоқары қойылады. Сол себебли өз ўәкилликлерин тийкарсыз түрде күшейттириўге интилген мәнсапдарлар искерлигине анық шегара қойылады. Сиясий партиялардың өз искерлигин демократиялық принциплер тийкарында орынланыўының кепиллиги, бул – олардың мәмлекет уйымларынан ғәрезсизлиги. Партия өзиниң басқарыў кадрларын қәлиплестириўде, депутатлыққа талабанлар көрсетиўде, нызам ҳәм дәстүрге тийисли ҳүжжетлерин ислеп шығыўда толық ғәрезсиз болыўы керек.

Әсиресе, партия жетекшилерин альтернативлик тийкарда сайлап, олардың талабанларын төменнен көрсетилиўи партияның ғәрезсиз институт сыпатында хызмет көрсетиўиниң кепили болып есапланады. Өзбекистан Республикасы Конституциясының 58 – статьясында ҳуқықый мәмлекет принциплеринен келип шыққан, сиясий партияны жәмийет институты ҳәм жәмийетлик бирлеспелери сыпатында мәмлекет уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслардан ғәрезсиз болыўы беккемленип қойылған[1]. Әне сол ҳуқықый норманың турмысқа еңгизилиў механизмлерин ислеп шығыў ҳәм оны әмелге асырыў партиялардың жәмийеттеги орнын раўажландырыў тийкарларынан бири болып есапланады.

Партиялардың сиясий гүреси ҳәм тек ғана электорат арқалы ғана әмелге асырылыўы лазым. Улыўма, ҳәр бир партия өз дәстүри ҳәм

[1] Қараң: Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. Т. «Ўзбекистон» 2014.

мақсетлерине ийе болып, олар партия искерлиги ҳәм ишки турмыстың ажыралмас бууыны. Сиясий партиялар бир – бирине бәсекисиз жасай алмайды. Себеби, партия өз ўазыйпасын толық орынлаўы ушын оған бәсекиде болған партияның да болыўы белгиленеди. Партиялар тек ғана өз – ара бәсекиде ғана раўажлана алады. Партияның партия сыпатындағы күшин тәмийинлеўши күш – оның өз – ара бәсекиге жуўап бере алыўы, өз – ара бәсекисиз партия тек ғана жеке ҳүкимранлық орталығында ғана хызмет көрсетиўи мүмкин.

Бәсекиниң және бир унамлы тәрепи, партиялар сайлаўларда жеңиске ерискен ўақытта басқарыўды демократиялық тийкарда әмелге асырыў ушын умтылады. Болмаса оған оппозицион партияға ҳәкимиятты шөлкемлестириўди тапсырып қойыў қәўпи туўылады. Жәмийеттиң көретуғын пайдасы оппозицион партиялардың түрли раўажланыў дәстүрлери ҳәм олар ортасындағы тартыс тийкарында мәмлекетлик әҳмийетке ийе қарарлар қабыл етиў процесси анықланады.

Пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый мәмлекетте сиясий партиялардың әҳмийетке ийе болыўы, мәмлекет ҳәм жәмийет искерлигин шөлкемлестириўде олардың тәкирарланбас орны ҳаққында Президент И.А.Каримов төмендеги пикирлерин билдирген еди: «Жәмийетти демократияластырыў процесси сиясий институтлар, партиялар, мәмлекетлик емес ҳәм жәмийетлик бирлеспелерди беккемлеў ҳәм раўажландырыў менен тиккелей байланыслы. Бул гәп алдын ала, партиялар мәселесине тийисли. Сиясий партиялар ҳәм ҳәрекетлер мәмлекетимиздиң сиясий, экономикалық, руўхый турмысынан мүнәсип орын ала алмаятырғаны ҳаққында көп айтылмақта. Айтыў керек, бул критика орынлы. Сиясий партиялар, жәмийетлик бирлеспелер ҳәкимият системаларына, алдын ала, ҳәкимияттың сайлап алынып атырған уйымларынан орын алыўы ушын гүресер екен, анық мақсетлери, ҳәрекет дәстүрлери болыўы керек. Себеби бул дәстүрлердиң әмелге асырылыўы мәмлекеттеги унамлы өзгерислерге берекетли тәсир етеди.

Буның ушын, алдын ала, партия жетекшилери де, олардың тәрепдарлары да не ушын ҳәм неге қарсы гүресип атырғанлықларын анық көз алдына келтириўлери керек. Ҳәмме демократиялық мәмлекетлерде болғанындай, бизлерде де партиялардың өз – ара гүреси, идея ҳәм қарасларының бәсекилиги, керек болса, сайлаўшылар даўысы ушын гүрес болыўы тәбиий. Әлбетте, бул гүрес мәмлекетте қабыл етилген конституциялық – ҳуқықый нормалар ҳәм нызамшылық тәртип – қағыйдалары шеңберинде алып барылыўы керек»[1].

Мәмлекет әҳмийетине тийисли қарарларды қабыл етиўде пуқаралық жәмийети институтлары да әҳмийетли орында турады. Пуқаралық институтлары, яғный жәмийетшилик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлери тарийхтан жәмийеттиң өзин – өзи басқарыўын тәмийинлеў мүтәжлиги тийкарында пайда болған. XX әсирдиң орталарына келип мәмлекетлик емес шөлкемлер пуқаралық жәмийетиниң тийкарғы институтына айланды.

Жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳаққында түсиникке ийе болыў ушын, әўеле, «социаллық мәплер» түсинигин аңлаў талап етиледи. Себеби, социал – сиясий мүнәсебетлерде мәплер дизимин толық есапқа алыў, түрли қатлам ҳәм топарлардың сиясий кейпиятлары, мүтәж ҳәм мәплерин бирлестириў, олардың қандырылыў дәрежеси пуқаралық жәмийетиниң қурамаласып барыўы менен байланыслы процесс.

Гәп сонда, демократиялық мәмлекетлерде ҳүкимет айрықша алынған пуқараларға қарата олар мүнәсип болған социал топарлар қуралында тәсир көрсетеди. Бул топарларды бирлесиўге, ҳәрекет қылыўға ийтермелеўши күш бул – олардың мәпи. Пуқаралардың белгили тайпаға, топарға тийислигинен келип шығып, олардың пуқаралық институтларына бирлесиўи жүз береди. Әне сондай топарлар тәсири социал дүзилмелер қәлеўин көрсетеди. Бундай топарлар мәплерин ҳүкимет барлық ўақытта инабатқа алыўын талап етеди.

---

[1] Каримов И.А. Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда. –Т.:Ўзбекистон, 1999, 15-17 бетлар.

Пуқаралық институтлары жәмийетте бар болған мәплерди қамтып алып, оларды сәўлелендиргенде ғана, гөзленген мақсетлерине ерисиўи мүмкин.

Жәмийетте ҳәр түрли, соннан, экономикалық, социал, сиясий, руўхый, миллий, идеологиялық, мәдений, экологиялық, аймақлық сондай – ақ жәнe басқа тараўларға тийисли мәплер бар.

Мәплер топарлары, яғный, белгили топар ҳәм тайпалар мақсетлерин сәўлелендиретуғын, реал тәсирге ийе болған саламат күшлер әне сол мәплердиң сәўлелендириўшиси сыпатында пайда болады ҳәм ис жүритеди.

Мәплердиң топарлар қуралында сәўлелениўи мәмлекет әҳмийетине тийисли қарарлар қабыл етиўде жәрдем бериўден тысқары, мәмлекет ҳәм ҳүкимет уйымлары мүтәжлик сезип атырған хабарлар ҳәм басқа мағлыўматларды жеткизиўде де айрықша әҳмийет пайда етеди[1].

Демек, пуқаралық институтлары болмыс жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлер адамлардың келисимли бирлесиўи. Олар сиясий партиядан парық етип, ҳәкимиятты ийелеў, лаўазымларға талабанлар көрсетиў менен шуғылланбайды. Бирақ, соған қарамастан, олар ҳүкимет ҳәм сиясий шөлкемлерге тәсир етиўге ҳәрекет қылады. Лекин бул тараўдағы искерлик сиясий шөлкемлер қуралысыз болыўы лазым. Мәплер тийкарында бирлескен топарлардың ҳәрекет усыллары сиясий уйымларды исендириў, мәсләҳәт бериў, жәмийетшилик пикирин қәлиплестирў, сиясий басшыларға мәлим топарлар мүтәжлигин жеткизиў, өз мәплерин қанаатландырыў ушын шөлкемлестириўши ҳәрекетлер өткериў менен шегараланады[2].

Соны айрықша айтып өтиў зәрүр, социал топарлар, түрли бирлеспелер, шөлкемлердиң искерлик ҳәм ҳәрекет шеңберин үйренбей турып, пуқаралық институтларының мәмлекетлик әҳмийетке ийе қарарлар қабыл етиў процессине тәсири ҳаққында сөз жүритип болмайды.

---

[1] Основы политической науки. Част II.-М.: МГУ им. М.В.Ломоносова, 1996. с. 7-8.

[2]Ористейн Норман. Демократик жамиятда қонун чиқарувчи ҳокимият ўрни-Озодлик рисоласи:-Вена: АҚШ информация агентлиги, 1994, 8-9-бетлар.

Негизинде, классикалық демократия теорияларына қарағанда, сиясий топарлар әўеле, сиясий партиялардың мақсетлери белгили бир сиясий жолды әмелге асырыў ушын ҳәкимиятты ийелеў есапланса, мәплер тийкарында бирлескен топарлардың мақсети сиясатқа тәсир көрсетиўден ибарат. Сиясий партия, тийкарынан, ҳәр түрли сиясий мәплер, көрсетпе ҳәм бағдарларға ийе болған адамларды бирлестирсе, мәплер тийкарында бирлескен топарлар әўеле, көбирек өз ағзаларына тән мәплерди сәўлелендириў, бир ямаса бир неше машқалаларды шешиўге дыққат – итибарын қаратады. Сол мәнисте, олар өз мәплерин қорғаған ҳалда, мәмлекеттиң белгили тараўындағы сиясатты, тең салмақлылықты сақлап турыўға хызмет қылады. Сондай – ақ мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳәр бир айрықша шахсқа, сиясий жетекшиге тәсир өткезе алыўы сиясатта қатнасыў имканиятын жаратады.

Мәмлекетлик емес шөлкемлердиң ўазыйпалары ҳәр түрли. Лекин тийкарғы ўазыйпаларынан бири – түрли социал топар ҳәм қатламлар мәплерин артикуляция қылыў, яғный адамлардың бир – бирине уқсас айрықша мәплерин улыўма мақсет ямаса мәп шеңберинде бирлестиреди. Мәплер тийкарында бирлескен топарлар адамлардың түрли көз-карасларын бир дизимге келтиреди, қандай да бир жәмийетлик шөлкеминиң улыўма мәплери тийкарында оның ҳәрекет дәстүри қәлиплесиўине жәрдемлеседи. Нәтийжеде топарлар ағзаларының бөлинип алынған мәплери, мәпдар топарлар қуралында сиясий процесслерге анық, бир дизимге келтирген талаплар түринде eңгизиледи. Сондай – ақ, жәмийет ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлери көплеп түрли мәплерди ойласыўлар жәрдеминде бирлестириў ҳәм олар ортасында белгили бир мүнәсебетлер дизимин орнатыў хызметин де алып барады. Бул процессте ең тийкарғы ҳәм әҳмийетли, топар ағзаларының кең қатламлары карасларын сәўлелендире алатуғын мәплерди әмелде қоллаўдың зәрүрий шаралары көриледи.

Мәмлекетлик емес шөлкемлер тәрепинен мәлим бир социаллық топар мәплерин бир қатарға салып, оларды кең жәмийетшилик қәлеўи тийкарында мәмлекет ҳәм ҳүкимет уйымларына жеткерилиўи сиясий қаралар қабыл етиў ушын әҳмийет пайда етеди. Қалаберсе, бунда көплеп мәплер тийкарында бирлескен топарлар ҳәм социаллық қатламлар ортасында өз – ара келисиў жүз береди.

Әлбетте бундай процесстиң басқа қолайлықлары да бар. Халқтың кең мәплериниң есапқа алыныўы себепли мәмлекет ҳәм ҳүкимет уйымларының түрли дәрежеде қарарлар қабыл етиў ушын хабарлар топлаў ҳәм оларды жеткерип бериў имканияты асады. Сондай – ақ, жәмийетлик шөлкемлери искерлигинде кең қатнасыў оның ағзалары ҳуқықый ҳәм сиясий мәдениятты қәлиплесиўине, демократиялық жәмийет шәраятында жәмийет исиндеги актив қатнасқанларды хошаметлеўге хызмет қылады. Булардың барлығы пуқаралық жәмийети институтларына ҳүкиметтиң сиясий стратегиясын қәлиплестириўге өз үлесин қосыў имканиятын береди.

Дүньяның басқа раўажланған мәмлекетлериниң ҳүкиметлери ҳәм әҳмийетли экономикалық, социаллық, экология ҳәм басқға машқаларын шешиўде жәмийет системаларына, биринши нәўбетте мәмлекетлик емес шөлкемлерге таянады. Дүньяның ең раўажланған 22 мәмлекетинде ис пенен бәнт халықтың орташа 5 % туўрыдын – туўры мәмлекетлик емес тараўда мийнет етеди. Бул көрсеткиш Нидерландияда 12,4, Ирландияда 11,5, Бельгияда 10,5, Израильда 9,2, Австралияда 7,2, Уллы Британияда 6,2 % ке тең[1].

Мәмлекетимизде 2008 жыл 1 январдан күшке кирген “Мәмлекет басқарыўын жаңалаў ҳәм және де демократияластырыў, мәмлекетти модернизация қылыўда сиясий партиялар ролин күшейттириў

[1] Анхайер Х. Гражданское общество и «Третий сектор». Журнал «Deutschland”, №5, с.22-23.
[2] Хожагелдиев А.У. Политические институты Республики Узбекистан в условиях формирования гражданского общества. ҚМУ Хабаршысы. №1. 2009.

ҳаққында”ғы Конституциялық Нызам жаңа қәдем болып, демократиялық реформаларды тереңлестириў барысында шешиўши роль ойнайды[1].

Өзбекистанда мәмлекет ғәрезсизлиги жәрияланыўының дәслепки жылларынан баслап мәмлекет Президенти И.А.Каримов басшылығында мәмлекетимиз, пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурыў мақсетинен келип шығып, мәмлекетлик емес шөлкемлерди демократиялық принциплер тийкарында реформалаўға итибарын қаратып келмекте. Усы стратегиялық бағдарды И.А.Каримов Олий Мажлис Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаттың қоспа мәжилисиндеги баянатында халықтың түрли социаллық топарлардың мәплерин сәўлелендириўши, мәмлекетимизде қәлиплесип атырған пуқаралық жәмийетиниң тийкарғы институтлары болған мәмлекетлик емес жәмийетлик шөлкемлериниң абырайы ҳәм тәсирин асырыўға үлкен итибар берилип атырғанлығын айрықша айтып өтти[2].

Пикримизше, парламентимиз палаталарындағы комитет ҳәм комиссиялары искерлигинде сайлаўшылар ҳәм өз сиясый партиялары мәплерин үйренип барыўға еле де үйренип барыўды жолға қойыў керек. Әлбетте пуқаралық жәмийети институтларын раўажландырыў мәмлекет тәрепинен ҳәр тәреплеме қоллап – қуўатланып атырғаны, пуқаралардың бул институтлардағы қатнасы активлесиўи өзин ақламақта. Бул болса үстин мақсетимиз болған социал бағдарланған базар экономикасына тийкарланған күшли демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетти қурыўдан ибарат ўазыйпаларға тийисли реформалардың тереңлесип барыўы нәтийжесинде және де актуал мәселеге айланып барыўы тәбиий. Сол мәнисте, Өзбекистан мәмлекети, шахстың еркин камал табыўы ушын бәрше шәрт – шәраятлар жаратқан, жәмийеттиң ҳәмме тараўларын демократияластырыў имканиятына ийе болған, өзинде

---

[1] 2008 йил 1 январдан кучга кирган “Давлат бошқарувини янгилаш ва янада демократлаштириш, мамлакатни модернизация қилишда сиясий партиялар ролини кучайтириш тўғрисида”ги Конституциявий Қонун

[2] Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадиимиз –жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. Т.:Ўзбекистон , 2005, 40-бет.

халықшыл миллий мийрас ҳәм дәстүрлерди сәўлелендирген пуқаралық жәмийет тийкарларын қурыў жолындағы реформалардың жаңа басқышына қәдем қойды.

# III бап. ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНДА ҲУҚЫҚЫЙ МӘМЛЕКЕТ ҲӘМ ПУҚАРАЛЫҚ ЖӘМИЙЕТИН ҚУРЫЎДА ЖӘМИЙЕТЛИК ҚАДАҒАЛАЎДЫҢ ОРНЫ ҲӘМ ӘҲМИЙЕТИ

## §1. Жәмийетлик қадағалаў - ҳәкимшилик реформалардың тийкары

Ғәрезсиз Өзбекистан жәмийетлик бағдарланылған турақлы базар экономикасына, ашық сыртқы сиясатқа ийе болған күшли демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў жолынан басқышпа-басқыш раўажланып бармақта.

Мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған үлкен өзгерислер белгилеп берилген пуқта ойланған ҳәм ҳәр тәреплеме тийкарланған демократиялық реформалардың турмыста жәрияланыўы халықтың сиясий ҳәм жәмийетлик қатнасын асырыўға, пуқаралық жәмийетиниң қурамын дүзиўши демократиялық институтлар - көп партиялық система, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, мәмлекетлик емес шөлкемлер ҳәмде ғалаба хабар қуралларының актив түрде қатнасыўын тәмийинлеўге қаратылған. Усы институтлардың жумыс формалары қатарында жәмийетлик қадағалаў өзине сай әҳмийетке ийе.

Бул ҳаққында Президентимиз Ислам Каримов Республикада демократиялык өзгерислерди теренлестириў ҳәм пуқаралық жәмийети тийкарларын қәлиплестириўде мәмлекетлик қадағалаў функцияларына қарағанда жәмийетлик қадағалаў абзалырақ екенлигин тәрийплеп, -«сөзсиз мениң пикиримше депутатлар корпусы сиясий партиялар ҳәм мәмлекетлик емес, ҳүкиметлик емес жәмийетлик шөлкемлердиң жәмийетте абыройының артып барыўы дәрежесиниң беккемлениўи менен, олар мәмлекет ҳәм ҳәкимият дүзилмелери искерлиги бойынша жәмийетлик қадағалаўдың тийкарғы қуралына айланады[1]», -деп билдирген еди.

---

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислохотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик

Демократиялық қәдириятлар қарар таўып атырған базар экономикасы инфрадүзилмеси қәлиплесип атырған, турмысымыздың барлық тармақлары жедел модернизация қылынып атырған ҳәзирги жәмийетимизде жәмийетлик қадағалаў не ушын зәрүр, оның мақсет ҳәм ўазыйпалары неден ибарат?

Бүгинги күнде жәҳән тәжрийбеси соны көрсетпекте, «нызамлар орынланыўын тәмийнлеў, мәмлекетте қабылланған ҳәм әмелде болған нормативлик ҳүжжетлерди турмысқа жәрия етиўде мәмлекет ҳәкимияты уйымлары искерлиги үстинен жәмийетлик қадағалаўын күшейттириў»[1]жәмийетте Конституция ҳәм нызам үстинлигин тәмийнлеўдиң тийкарғы жөнелислеринен бири, - деп тоқталып өтеди журтбасшымыз.

Пикиримизше, жәмийетлик қадағалаўының барлығы – демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳам пуқаралық жәмийети раўажланыўының әҳмийетли шәрти есапланады. Жәмийетлик қадағалаў арқалы пуқаралар ҳәм жәмийет дүзилмелери жәмийет турмысындағы машқалалардың шешимин табыўға ериспекте. Демек, жәмийетлик қадағалаў институтын қайсыдур мәниде жәмийетлик турмыстағы кемшиликлерди сапластырыўдың, бар болған шешимин табыўдың, мәмлекет ҳәм жәмийет раўажланыўының, пуқаралық жәмийети қурыўының әҳмийетли усылы сыпатында баҳалаў мүмкин.

Жәмийетлик қадағалаўдың зәрүрлиги җәне соның менен түсиндириледи, ҳәр түрли иллетлердиң өз ўақтында алдын - алыў, сондай-ақ, нәмақул жағдайларға пүткиллей тыйым салыў ушын нәтийжели ислейтуғын изшил системаны қәлиплестириў керек[2].

---

палатаси ва Сенатнинг 12-ноябр 2010 йилги кўшма мажлисидаги маърузаси./Халқ сўзи, 2010, 13-ноябрь, №220.

[1] И.А.Каримов. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. 11-ж., Т., «Ўзбекистон», 2003, 28-б.

[2] Миракулов М. Жамоатчилик назоратида ёшлар иштироки. // Фуқаролик жамияти. Гражданское общество. Civil society. 2008 №1. 27-б.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010-жыл 12-ноябрдеги қоспа мәжилисиндеги «*Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы»* атамасындағы баянатында «Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары тәрепинен нызам ҳүжжетлериниң орынланыўы үстинен жәмийетлик, пуқаралық институтларының қадағалаўын әмелге асырыўдың системалы және нәтийжели ҳуқықый механизмин жаратыўға қаратылған "Өзбекистан Республикасында жәмийетлик қадағалаў ҳаққында"ғы Нызамды қабыл етиў ўақты келди. Нызамда жәмийетлик қадағалаўдың түрлери, формалары ҳәм субьектлерин, қадағалаў предметин, оны әмелге асырыўдың ҳуқықый механизмлерин, сондай-ақ, усы тараўда әмелдеги нызам ҳүжжетлерин орынламағаны ушын лаўазымлы шахслардың жуўапкершилиги шәртлерин белгилеп қойыў зәрүр[1]»лиги айрықша атап өтилгенлиги жәмийетлик қадағалаўды раўажландырыў жүзесинен бурылыс жасалыўына шәраят жаратты.

Елимизде пуқаралық жәмийетин жедел раўажландырыў, оның пуқараларымыздың конституциялық ҳуқықлары менен мәплерин қорғаў бағдарындағы ролин арттырыў, ҳәкимият структуралары жумысының жәриялылығын күшейтиў ҳәм басқарыў саласында қабыл етилип атырған қарарлардан халықты хабардар етиў сыяқлы мақсетлерге хызмет ететуғын «Социаллық шериклик ҳаққында», «Жәмийетлик қадағалаў ҳаққында», «Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары жумысының жәриялылығы ҳаққында» ҳәм басқа ҳуқықый-нормативлик ҳүжжетлердиң қабыл етилиўи үлкен әҳмийетке ийе[2].

---

[1] *Каримов И.А.* Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. 2010 йил 12 ноябрь – Т.: "Ўзбекистон", 2010. – Б. 41 – 43

[2] Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш-бизнинг бош мақсадимиздир. Ўзбекистон Республикаси Конституциясига 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимидаги маърузаси. –Халқ сўзи газетаси, 8-декабрь, 2012, №239.

Ҳәзирги ўақытта “Өзбекистан Республикасында жәмийетлик қадағалаў ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы нызамының жойбары ислеп шығылып, ол республика жәмийетшилиги тәрепинен кең додаланылмақта.

«Жәмийетлик қадағалаў ҳаққында»ғы нызамының қабыл етилиўи кереклиги инсан - жәмийет - мәмлекет ортасындағы тең салмақлықты тәмийнлеўге күшли өзиниң тәсирин тийгизеди.

Бул нызам ҳүжжетлери «Күшли мәмлекеттен - күшли пуқаралық жәмийетке қарай» принципиниң әмелде орынланыўына имканият береди.

Қадағалаў функциясы, әсиресе кәсиплик аўқамлар, өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм басқа пуқаралық жәмийети институтларының искерлиги көлеминде жүдә анық түрде көринеди, нызамшылық нормаларында да мәлим бир мәниде тәртипке салынған.

Атап айтқанда, Өзбекистан Республикасы Конституциясы 2-статьясы, Өзбекистан Республикасының Пуқаралық ҳәм Мийнет кодекслери, «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳаққында»[1]ғы, «Кәсиплик аўқамлар, оның ҳуқықлары ҳәм искерлигиниң кепилликлери ҳаққында»ғы, «Жәмийетлик бирлеспелер ҳаққында»ғы, «Пуқаралардың мүрәжаатлары ҳаққында»ғы, «Тутыныўшылардың ҳуқықларын қорғаў ҳаққында»ғы ҳәм басқа бир қатар нызамлары жәмийетлик қадағалаў искерлигин әмелге асырыўдың ҳуқықый тийкарын қурайды.

Бүгинги күнде пуқаралық жәмийети институты жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў арқалы пуқаралардың мәмлекет пенен өз-ара нәтийжели байланысын тәмийинлеў, адамлардың кейпиятын, мәмлекетте болып атырған өзгерислерге қатнасын анықлаўдың әҳмийетли қуралларынан бирине айланбақта.

Ҳақыйқаттанда, бүгинги күнде пуқаралық жәмийети институтларының мәмлекет басқарыў уйымлары үстинен тиккелей

[1] Ўзбекистон Республикасининг “Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари тўғрисида”ги 22.04.2013. Қонуни. –Халқ сўзи газетаси, 2013, 24-апрель.

жәмийетлик қадағалаўды алып барыўын дәўирдиң өзи талап етпекте. Буған нызамлы тийкар жаратылса, мәмлекет басқарыў уйымлары менен усы институтлардың бирге ислесиўи беккемленеди, жумыс алып барыўының көлеми кеңейеди, мәселелерге анықлық киритилиўи ҳәм әшкаралық себепли нызамсыз ҳәрекетлердиң жолы тосылады, нәтийжеде раўажланыў тезлеседи. Сонлықтан, жәмийетшилик ролин асырыўда ҳәм күшейттириўде анық бир жәмийетлик институтлар, атап айтсақ, өзин-өзи басқарыў уйымлары әҳмийетли орынға ийе. Өзин-өзи басқарыў уйымларының нәтийжели жумыс алып барыўы ушын зәрүрли болған шәраятларды жаратыў мәмлекет ҳәм жәмийет алдында турған әҳмийетли ўазыйпалардан бири есапланды.

Жәмийетлик қадағалаў жәмийеттиң бөлеги болып, онын тийкарғы функцияларының бири болып есапланады. Жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў жәрдеминде жәмийеттиң өзиниң, оның идивидлериниң, топарларының ҳәм институтларының ҳуқықый жумыс алып барыўының стандартлары қәлиплеседи[1].

Жәмийетлик қадағалаў турмыстың көпшилик тараўларында әмелге асырылады: шаңарақ қатнасықларында, мәдениятта, дәстүрлерде, мораллық этикалық қатнасықларда сондай-ақ мәмлекетлик ҳәкимияттың қәлиплесиў ҳәм дүзилиў процессинде. Ол ҳәр тәреплеме қадағалаўдың басқа формаларынан ҳәм түрлеринен ажыралып турады. Солай етип, жәмийетлик қадағалаў мәмлекетлик қадағалаўдан өзиниң функционаллық ўазыйпаларының өзгешеликлери социаллық ҳуқықый тәбияты, әмелге асырыў формалары менен ажыралып турады.

Жәмийетлик қадағалаў мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары, олардың лаўазымлы шахслары искерлиги үстинен, жәмийетлик қадағалаў субъектиниң жеке басламасы, сондай-ақ юридикалық ҳәм

[1] Общественный контроль в Российской Федерации: практика и методики \ отв. ред. П.В. Чиков. – М.:МХГ, 2005.

физикалык шахслардың мүрәжааты бойынша, жәмийетлик қадағалаў субъектиниң қарарына тийкарланып әмелге асырылады.

Жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў ҳуқықына белгиленген нызамшылық тийкарына әдиллик уйымлары ҳәм басқа мәмлекет уйымлары тәрепинен мәмлекетлик дизимнен өткен ҳәм тийисли аймақта жумыс алып барып атырған пуқаралық жәмийети институтлары ийе болады.

Мәмлекетимизде ҳуқықый демократиялық мәмлекет қурыў, «Күшли мәмлекеттен күшли пуқаралық жәмийетке қарай» принципин турмыста қолланыўдың тийкарғы ўазыйпаларының бир бөлеги пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жуўапкершилигине туўры келеди. Мәҳәлле институтының мәмлекетти демократиялық жаңалаў ҳәм модернизациялаў тараўындағы реформаларды тереңлестириўдеги, орынларда социал-экономикалық машқалаларды шешиўдеги роли барған сайын артып бармақта.

Ҳақыйқатынан да, пуқаралар жыйынлары орынларда нызамлар, Президент парманлары, соның қатарында өз қарарлары орынланыўы үстинен жәмийетлик қадағалаўын әмелге асырыўға тартылған. Атап айтқанда, пуқаралар жыйыны халық пунктлериниң жағдайы, суў тамийнаты, өрт қәўипсизлиги қағыйдаларына әмел етиў, үй-жайлар, мектеплер, лицей ҳәм коллежлердиң аймақлары абаданластырылыўы, санитария ҳәм экологиялық жағдайы үстинен қадағалаўды әмелге асырады[1].

2013-жылы 11-май күни Ташкент қаласында Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисиниң Нызамшылық палатасы ҳәм Сенаты, Инсан ҳуқықлары бойынша Өзбекистан Республикасының Миллий орайы, Әдиллик Министрлиги, Өзбекистан Республикасы Президенти жанындағы Әмелдеги нызам ҳүжжетлериниң мониторинги институты ҳәм

---

[1] Қаранг: Нурматов М. Қишлоқ ҳудудларидаги жамоатчилик назорати: тажриба ва муаммолар. // “Фуқаролик жамияти”. 2009, №2, – Б.16.

Мәмлекетлик басқарыў академиясы тәрепинен ЕҚБШның Өзбекистандағы жойбарларды муўапықластырыўшысының офиси ҳәм Конрад Аденауэр атындағы қор (ГФР) менен биргеликте Франция елшиханасының көмегинде «Парламент ҳәм жәмийетлик қадағалаў институтларын буннан былай да раўажландырыў мәселелери: миллий ҳәм Европа тәжирийбеси» темасында халықаралық дөгерек сәўбети болып өтти. Бунда қатнасқан Франция Сенатының ағзасы Натали Гуле қадағалаў институтына былайынша өз пикирин билдирди: «Еллеримиздиң парламент системалары улыўма уқсаслықларға ийе. Франция парламентинде ҳүкимет ҳәм атқарыўшы ҳәкимият уйымлары жумысы үстинен қадағалаўшы турақлы комиссиялар жумыс ислемекте. Бирақ, оның нәтийжелери мәмлекетлик уйымлар тәрепинен барлық ўақытта да есапқа алына бермейди. Сол себепли 2008-жылда парламентке, соның ишинде, қадағалаў саласында көбирек ўәкиллик бериў мақсетинде конституциялық реформалар әмелге асырылды».

Халықаралық коммерциялық емес ҳуқық орайы вице-президенти Наталья Боржелли (АҚШ) пикиринше, «Европада ҳәм АҚШта халықтың түрли қатламларының мәплерин қорғаў, бундай қадағалаўды әмелге асыратуғын жәмийетлик шөлкемлер көп. Өзбекистанда усы саладағы мүнәсибетлер бир қатар нызамлар арқалы тәртипке салынбақта. Соның менен бирге жәмийетиңиздиң раўажланыў дәрежеси жәмийетлик кадағалаў ҳаққында айрықша нызам қабыл етиўди талап етпекте».[1]

Германия бундестаги ағзасы Йоахим Пфайффер болса, «Бундестагте бирқатар парламентлик қадағалаў механизмлери қолланылады. Қадағалаў ҳуқықына парламент, айырым партия фракциялары ҳәм депутатлар да ийе. Олар қәлеген ўақтында ҳүкимет ағзасына мәлимлеме бериў ҳаққында сораў жибериўи мүмкин, ол болса буған жуўап бериўге мәжбүр. Ҳәкимиятлар тармақларға бөлингенде,

[1] «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 11-май, 2013 жыл.

судлар бийғәрез, парламент болса ҳүкимет жумысын нәтийжели қадағалаған ўақытта ғана демократия ҳүким сүреди»-деген еди.

Елимизде алып барылып атырған реформалардан гөзленген нәтийжелерге ерисиўде жәмийетлик қадағалаўын раўажландырыў үстинликке ийе ўазыйпа есапланады.

Ҳақыйқатынан да, пуқаралық жәмийетинде адамлардың белсендилиги, жәмийетлик ўақыяларға итибарсыз болмаслығы, мәмлекет уйымларында ислеп атырған ҳәр бир басшы кадрдың өз хызмети жәмийетлик қадағалаўы астында екенлигин терең сезиниўи жәмийет раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе.

Жәмийетлик қадағалаў пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары тәрепинен мәмлекет ҳәкимияты уйымларына белгили бир қарарларды қабыл қылыўы бойынша мүрәжат етиў, мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ўәкиллигине кириўши мәселелер бойынша сораўларды әмелге асырыў, сондай-ақ мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳәм мәҳәллелер аймақларындағы кәрхана ҳәм шөлкемлер басшыларының есабатларын еситиў сыяқлы формаларда жолға қойылғанлығы жақсы нәтийже бермекте.

Қалаберсе, бүгинги күнде мәмлекет дәстүрлери талапларының пуқаралар жыйыны аймағындағы орынланыўын тәмийнлеўде жәмийетлик топарларды дүзиў ҳәм үйрениў, нәтийжелери бойынша тийисли жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты уйымлары есабатларын еситиў ҳәм усы арқалы анықланған кемшиликлерди сапластырыў илажларын көриў, жергиликли мәмлекет уйымлары искерлигине көмеклесиў илажларын нәтийжели әмелге асырып келмекте. Бул болса, жәмийетлик қадағалаўдың жәмийетте социаллық әдилликтиң қарар табыўы, шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет байланысларында теңсалмақлылық, теңлик, өз-ара жууапкер ҳәм жууапкершиликке хызмет қылыўшы тийкарғы фактор екенлигинен дерек береди.

Ҳуқықый мәмлекет курыў ҳәм пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў процесинде атқарыў ҳәкимияты искерлиги жүзесинен

жәмийетлик қадағалаў механизмин қәлиплестириў әҳмийетли мәселе есапланады.

Жоқарыдағылардан келип шығып айтыў мүмкин, пуқаралық жәмийети институтлары бүгинги ҳәм ертеңги күнимизге бәрқулла жуўапкершилик пенен карайтуғын халқымыздың арзыў үмитлерин жүзеге шығарыўда әмелий ислери менен жәрдем бериўге таяр шөлкемлер жыйындысы сыпатында жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўда исенимли шерик бола алады.

Айырым илимпазлар тәрепинен жәмийетлик қадағалаў түсиниги мәмлекетте жүз беретуғын сиясий, экономикалық ҳам жәмийетлик процесслерде жәмийет турмысы ҳаққында, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары искерлиги ҳаққында мағлыўмат алыў куралы сыпатында қаралса, ал басқалар пикиринше, қадағалаў бул атқарыўшы ҳәкимият жумысына байланыслы басқарыў цикли басқышы, басқарыў функцияларын иске асырыў формасы болып есапланады.

Жәмийетти ҳуқықый аспектте үйрениў мәмлекет ҳаққындағы машқала менен өз-ара байланыслы, себеби социумды шөлкемлестириў формасы есапланады. Мәмлекет жәмийетти басқарыў институты сыпатында ҳәрекет қылады. Бунда жәмийет ҳәм мәмлекеттиң өз-ара байланыслығы юриспруденцияның ең тийкарғы машқалаларынан бири. Бунда нәтийжели усылларды ҳәм байланыс каналларын орнатыў сондай-ақ, олардың өз-ара қатнасықлық характери ҳаққында сөз етиледи. Объектив себеплерге байланыслы мәмлекетке ҳәкимият ўәкилликлеринен пайдаланыў ҳәм жәмийетке зыян келтирип, өз мәплерин әмелге асырыўға мүмкиншилик бериледи. Бундай унамсыз бағдар мәмлекеттиң мазмуны ҳәм жәмийетлик миннетлемесиниң өзгериўине алып келеди. Сондай-ақ, оның алдын-алыў ушын ҳәкимиятты шеклеў яғный қадағалаў талап қылынады.

Бул ишки қадағалаў болыўы мүмкин, бундай жағдайда ҳәр қыйлы уйымларды дүзиў жәрдеминде мәмлекеттиң өзин-өзи қадағалаўы

ҳаққында айтыў мақул болады. Бирақ жәмийеттиң мәмлекет ҳәкимияты уйымлары искерилиги үстинен қадағалаўды нәзерде тутыўшы сырткы қадағалаўды зәрүр.

## §2. Жәмийетлик қадағалаў түсиниги ҳәм оның мазмуны

Мәмлекетимизде ғәрезсизлик жылларында демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыў ҳәм әдил пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў бойынша жәмийет турмысының барлық тараўларында түпкиликли реформалар әмелге асырылып келинбекте. Усы демократиялық реформалар турмысымыздың социал-экономикалық, сиясий-ҳуқықый ҳәм руўхый-ағартыўшылық тараўларын толық өз ишине алған болып, олар улыўма тән алынған халықаралық принциплер ҳәм беккемленген ҳуқықый система тийкарында әмелге асырылмақта.

Өзбекистанның раўажланыўының ҳәзирги басқышында, социаллық-экономикалық реформаларды және де тереңлестириў шәраятларында жәмийетлик турмысты демократияластырыўдың сөзсиз шәрти, пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўдиң зәрүрли тийкары сыпатында жәмийетлик қадағалаўдың орны артады.

Мәмлекетимиз басшысы Ислам Каримов жәмийетлик қадағалаўына төмендеги анықламаны береди: "Жәмийетлик қадағалаўының түп мәниси сонда, барлық жәмийетлик шөлкемлери, мәҳәлле ақсақаллары, халық депутатлары ҳәм белсендилер, жаслар-қарыялар, ер ҳәм ҳаяллар – бәрше ўатанласлар бир жағадан бас шығарып, әмелге асырылып атырған реформалар пәтин, олардың сапасын, реформа басында турған басшылардың күш-қүдиретин, уқыплылығын қалыс түрде үйренип,

қадағалап, олардың жетискенликлерин көрсетип, кемшиликлерди ашық-айдын ашып таслаўымыз керек”[1].

Пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў, оның қурамлы дүзилмелерин изшил раўажландырыў процесслеринде болып атырған ҳәзирги шараятта мәмлекет ҳәкимияты, оның ўәкилликлери менен жәмийет ҳәмде оның социаллық мәплери ортасында пүтинликти жүзеге келтириў үлкен әҳмийетке ийе болмақта. Өйткени, жәмийет пенен мәмлекеттиң, пуқаралық жәмийети институтлары менен мәмлекет уйымларының өз-ара байланыслығы ҳәмде қатнасықлардың теңсалмақлылығын, диалектикасын, ишки тәсир ҳәм бирге ислесиў механизмлерин илимий анализлеў мәселелери оғада әҳмийетли болып, илимий - әмелий тәрептен әҳмийетке ийе.

Айтып өтиў керек, жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, мәмлекетти модернизациялаў ҳәм реформалаў процессинде алып барылып атырған реформалар жәмийетлик қатнасықлардың мазмунын белгили дәрежеде өзгертиўге алып келди. Усы орында, жоқарыдағы өзгерислердиң төмендеги үш тийкарғы бағдар бойынша жүзеге келгенлигин көрсетип өтиў мүмкин:

***биринширден***, демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қарар таптырыў, экономиканы базар қатнасықлары тийкарында шөлкемлестириў процессинде ески дүзимге тән болған жәмийетлик қатнасықлардың ыдырап барыўы;

***екиншиден***, бар болған жәмийетлик қатнасықлардың формаларының өзгериўи ҳәм олардың жаңаша мазмунды қурап атырғанлығы;

***үшиншиден***, пүткиллей жаңадан жәмийетлик қатнасықлардың жүзеге келип атырғанлығы. Усы қатнасықларды исбилерменлик тараўын раўажландырыў, пуқаралық жәмийети институтларын қәлиплестириў, жәмийетлик қатнасықларға жаңа хабар технологияларының кирип келип

---

[1] Каримов И. А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т.7. – Т., «Ўзбекистон», 1999. – Б.271.

атырғанлығы, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тийисли нызамшылықта белгилеп қойылыўы ҳәмде оларды әмелге асырыў мәмлекет ҳәм мәмлекетлик емес дүзилмелериниң искерлигинде көринип атырғанлығын айтып өтиў орынлы.

Жәмийетлик қадағалаў түсиниги ҳәм мазмуны, атап айтқанда, жәмийетлик қадағалаўдың тийисли машқалалары да юриспруденция тараўында изертлеўлер алып барып атырған көплеген илимпазлардың мийнетлеринде ҳәр тәреплеме үйренилген. Олар арасында ҒМДА мәмлекетлери илимпазларынан Н.М.Добрынин, С.А. Денисов, С.М. Зубарев, В.В. Гриб, В.Гончаров, Л.И. Ковалева сыяқлы илимпазлардың изертлеўлери айрықша орын ийелейди[1].

Ғәрезсизлик жылларында ҳуқықтаныўшы илимпазлар ҳәм әмелият искерлеринен А. Азизхўжаев, О. Хусанов, С. Одилхўжаева, Х. Одилқориев, Ш.Жалилов, А.Саидов, Д.Аҳмедов, Г.Исмайлова, Г.Маликова, У.Қодиров, Ш.Газиев, Б.Жўраев, Ш.Назаров ҳәм басқалар өзлериниң илимий ислерин усы мәселениң қандайда бир тәреплерин жарытыўға бағышлады.[2]

Жәмийетлик қадағалаўға арнаўлы түрде бағышланған изертлеўшилер мақалаларында пуқаралық жәмийети қәлиплесиўиниң айырым тәреплерин талықлаў менен байланыслы ҳалда жәмийетлик қадағалаўдың қандайда бир тәреплерин үйренгенлигин айтып өтиў зәрүр[3].

---

[1] Денисов С.А. Система социального контроля как средство противодействия коррупции в государственном (муниципальном) механизме \\ «Новая првавовая мысль». -2002. -№1.; Зубарев С.М. Понятие и сущность общественного контроля за деятельностью государственных органов \\ Административное право и процесс. 2011. №5. С.5.; Гриб В.В. Общественная палата Российской Федерации как орган общественного контроля \\ Юридической мир. 2010. №3. стр-10-16.; Гончаров В., Ковалева Л. Об институтах общественного контроля органов исполнительной власти в Российской Федерации \\ Власть 2099. №1. С. 72.; Добрынин Н.М. Общественный контроль и власть: Политико-правовые и историческое исследование \\ Российкий юридический журнал. –М., 2006. -№1

[2] Усы шығармалардың дизими изертлеўдиң пайдаланылған әдебиятлар дизиминде келтириледи.

[3] Бафаев Ш. Общестенный контроль как важный фактор построения демократического правового государства и гражданского общества// Общестенное мнение, права человека. –Ташкент,2007,№1. с. 30-35;

Исмоилов Б.И. Давлат фаолияти устидан жамоатчилик назоратини амалга оширишнинг амалий жиҳатлари//

«Ўзбекистонда фуқаролик жамияти институтларини шакллантириш масалалари: назария ва амалиёт» мавзусидаги илмий-амалий конференция материаллари. –Тошкент: ТДЮИ, 2007. –Б.113-116; Чоршанбиев Ж.Фуқаролик жамияти шаклланишида жамоатчилик назоратининг аҳамияти// Демократлаштириш ва инсон ҳуқуқлари. –Тошкент,2008. -№2. –Б. 14-16. Маматов Х. Фуқаролик

Жоқарыдағылар тийкарында айтыў мүмкин, бүгинги күнде мәмлекетимизде жәмийетлик қадағалаўдың теориялық-ҳуқықый машқалалары ҳәм оны шөлкемлестириў ҳәмде искерлик механизмин жетилистириў мәселелери комплексли түрде изертленбеген.

Жәҳән демократиялық раўажланыўы тәжирийбеси көрсетип атырғанындай, пуқаралық жәмийетиниң жетиклигин белгилеўши факторлардан әҳмийетлиси бул мәмлекет уйымлары искерлиги үстинен күшли жәмийетлик қадағалаўдың бар екенлиги есапланады. Өйткени, жәмийетлик қадағалаў–жәмийеттиң демократиялық тийкарлары беккемлигин, пуқаралық жәмийети жетиклигин, пуқаралардың ҳуқықый санасы ҳәм ҳуқықый мәденияты ҳәмде жәмийетлик белсендилиги жоқары екенлигин көрсететуғын институт есапланады. Усы себептен ғәрезсизлик жылларында усы мәселеге айрықша итибар қаратылып келинбекте.

Юридика илимлери докторы Б.И. Исмайлов жәмийетлик қадағалаў түсинигин пуқаралық жәмийети институтларының искерлиги, Өзбекистан Республикасы пуқаралары ҳәм олардың бирлеспелериниң мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳәм басқарыўы үстинен қадағалаўы есапланады[1], - деп анықлама береди.

Жәмийетлик қадағалаў бурыннан Россия илиминде илим изертлеў предмети болып табылады. Ҳәкимиятты қадағалаў машқаласы- «Хәзирги заман көшери»[2] деп бийкарға айтылмаған. Егер мәмлекетлик қадағалаў мәмлекеттиң дәстүрий функциясы[3] сыпатында ерте тарийхый тамырларына ийе болса ҳәм мәмлекет структуралары менен әмелге асырылса, онда жәмийетлик қадағалаў системасы, атап айтқанда Россия Федерациясында енди ғана қәлиплеспекте. Сонлықтан ҳуқықтаныўда

---

жамияти – жамоатчилик назорати механизми// Ўзбекистон Республикаси Олий Судининг Ахбортномаси. –Тошкент, 2008.-№4.-Б. 34-35; Миракулов М. «Жамоатчилик назоратида ёшларнинг иштироки»// Фуқаролик жамияти. –Тошкент,2008. -№1. –Б. 27-28. Мухаммедходжаева Х. Р. Ижро ҳокимияти юзасидан жамоатчилик назорати: назарий-ҳуқуқий муаммолар. Юрид. фан. ном. …дис. атореферати.-Т.,2011. –Б.27.

[1] Исмаилов Б. Давлат фаолияти устидан жамоатчилик назоратини амалга оширишнинг амалий жиҳатлари // «Ўзбекистонда фуқаролик жамияти институтларини шакллантириш масалалари: назария ва амалиёт» мавзусидаги илмий-амалий конференция материаллари. –Т., 2007. –Б. 44-49.

[2] Валадес Д. Контроль над властью.-М., 2006. -23.

[3] Колоколев Н.А. Судебная власть: о сущем феномена в логосе.-М., 2005. –с 187-188.

қолланылатуғын терминологиялық аппаратқа оны киритиў ушын усы категориядағы институционаллық-сиясий анализлеўди өткериў жүдә зәрүр[1]. Бул түсиник айырым илимпазлар тәрепинен мәмлекетте жүз беретуғын сиясий экономикалық ҳәм социаллық процесслерде жәмийетлик турмыс ҳаққында оның ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары искерлиги ҳаққында мағлыўмат алыў қуралы сыпатында қаралады.

Биринши нәўбетте жәмийетлик қадағалаўды «жәмийет ямаса оның айрым индивидлери тәрепинен бундай тәсирдиң нәтийжелилигин анықлаўшы индикатор ролинде көринетуғын олардың искерлигин жеделлестириў мақсетинде мәмлекетлик ҳәкимиятты, соның ишинде жәмийетлик институтларды қәлиплестириў ҳәм жүргизиўди есапқа алыў ҳәм бақлаўды әмелге асырыў механизми» сыпатында анықлаў мүмкин[2].

Н.М.Зубарев төмендеги анықламаны береди: «Жәмийетлик қадағалаў мәмлекетлик уйымлардың ҳәрекети нормативлик-ҳуқықый стандартларға муўапықлығын белгилеў ямаса жәмийетлик пикирине үндеў салыў көмегинде корректировкалаў бойынша ўәкилликке ийе пуқаралық жәмийет институтлары ҳәм айырым пуқаралардың системалы искерлиги болып есапланады»[3].

В.В.Гриб жәмийетлик қадағалаўдың төмендеги өзгешеликлерин ажыратып көрсетеди[4]:

-ҳуқықый бийлик характерине ийе емес;

-шәртли емес;

-мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары ҳәм жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымлары оның субъекти бола алмайды;

-жәмийетшилик ҳәм пуқаралар атынан әмелге асырылады.

---

[1] Добрынин Н.М. Общественный контроль и власть: Политико-правовые и историческое исследование \\ Российкий юридический журнал. –М., 2006. -№1.
[2] Добрынин Н.М. Общественный контроль и власть: Политико-правовые и историческое исследование \\ Российкий юридический журнал. –М., 2006. -№1.стрю19.
[3] Зубарев С.М. Понятие и сущность общественного контроля за деятельностью государственных органов \\ Административное право и процесс. 2011. №5. С.5.
[4] Гриб В.В. Общественная палата Российской Федерации как орган общественного контроля \\ Юридической мир. 2010. №3. стр-10-16.

Жәмийетлик қадағалаў жәмийеттиң қурамы болып, оның тийкарғы функцияларынын бири есапланады. Жәмийетлик қадағалаўды иске асырыў жәрдеминде жәмийеттиң өзиниң, оның индивидлериниң, топарларының ҳәм институтларының ҳуқықый искерлигиниң стандартлары қәлиплеседи[1]

Айырым илимпазлар ҳәм әмелиятшылар «жәмийет» ҳәм «социум» терминлери теңдей мәниске ийе болғанлықтан «жәмийетлик қадағалаў» ҳәм социаллық қадағалаў уқсаған түсиниклер сыпатында пайдаланады.

Ҳәзирги ҳуқықый әдебиятларда мәмлекетлик басқарыў сферасында социаллық қадағалаўдың дәстүрий концепциясы өз орнын сақлап қалған. Атап айтқанда, Д.М.Овсянконың билдирип өткениндей: «…ҳәкимият уйымлары искерлигин социаллық қадағалаў соннан ибарат, бунда ўәкилликке ийе мәмлекетлик уйымлар (нызам шығарыўшы, атқарыўшы, суд ҳәкимиятлары) ҳәм жәмийетлик шөлкемлер, шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый усыллар ҳәм қураллардан пайдаланып, қадағалаў астындағы ҳәкимият уйымлары ҳәм олардың жуўапкерли шахслары искерлигинде қандайда бир нызамшылықлардан тысқары шығып кетиў жағдайларын ашып көрсетеди, ал егер бундай жағдайлар болса, онда оларды өз ўақтында сапластырады».

Мәмлекетлик қадағалаў жәмийеттиң турақлылығын тәмийинлеўде әҳмийетли орынды ийелеп, жәмийет ҳәм шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет, мәмлекет ҳәм социаллық институтлар арасында қатнасықларды тәртиплестириўдиң тийкарғы механизмлериниң бири болып есапланады. Соның менен бирге, барлық жәмийет, оның пуқаралық институтлары ҳәм барлық пуқаралар өз қадағалаўы жәрдеминде социаллық нормативлерге, қунлы стандартларға, ҳуқықый тәртиплерге муўапық басқарыўдың айырым субъектлериниң биринши нәўбетте толық мәмлекеттиң ис-ҳәрекетин тексереди.

[1] Общественный контроль в Российской Федерации: практика и методики \ отв. ред. П.В. Чиков. – М.:МХГ, 2005.

Солай етип «жәмийетлик» ҳәм «социаллық қадағалаў» түсиниклерин бирдей деп қараў методологиялык жақтан дурыс емес болып есапланады, социаллық қадағалаў түсиниги мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик қадағалаўды өз ишине алады, яғный жәмийетлик қадағалаў социаллық қадағалаўдың бир бөлими болып табылады.

Усы көз-қарастан, биз «жәмийетлик қадағалаў» түсинигин анықластырыўға кирисемиз. «Жәмийетлик қадағалаў» түсинигин изертлеўдиң еки жолын ажыратыўымыз мүмкин:

Бириншиси, *семантикалық,* бунда изертлеўшиниң тийкарғы ўазыйпасы- анық тарийхый басқышта мәмлекетлик уйымлардың искерлигин жәмийетлик қадағалаў сыпатында түсинилетуғын қубылыстың әҳмийетли белгилерин қамтып алыў;

екиншиси *функционаллық,* бунда жәмийетлик қадағалаў мәмлекетлик емес институтлар ҳәм айырым пуқаралардың искерлигиниң бир түри сыпатында анықланады.

В.В.Гончаровта жәмийетлик қадағалаўдың өзине тән белгилерин ажыратып көрсетеди, оның пикиринше:

биринШиден, ол жәмийеттиң барлык ағзаларының мәплерин ҳәм мүтәжликлерин бирден-бир басқарыўшының еркине бириктириўши жәмийетти ҳәм оның айырым институтларын басқарыў формасы сыпатында көринеди;

екиншиден, жәмийетлик қадағалаў ҳәр кыйлы социаллық мәплери балансын тәмийинлеў ҳәм бул мәплердиң келиспеўшиликлерин болдырмаўдың тийкарғы усылынан ибарат;

үшиншиден, ол кешиктирип болмайтуғын ўазыйпаларды шешиў ушын жәмийетлик күшлерди байланыстырыў ҳәм бириктириў усылы болып табылады.

Төртиншиден, жәмийетлик қадағалаў социаллық нормалардың орынланыўына кепиллик бериўши сыпатында көринеди, себеби тәртип бузыўшылықты анықлаўға ҳәм оларды көпшилик алдында сөгис

жәриялаўдан баслап тәртип бузыўшыларға қарата мәжбүрлеў характериндеги илажларды қолланыўда көринетугын ҳуқықый жуўапкершиликке тартыўға шекемги жәмийетлик жуўапкершиликке тартыўға имканият жаратады. Ақыр ақыбетинде ол қәлеген жәмийеттиң объектив ажыралмас толық ерки ҳәм оның тийкарғы институтларының бири болып табылады[1].

Жәмийетлик қадағалаў, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары искерлигин нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм олар искерлигинде нызамлылықты беккемлеўде ҳәмде пуқаралық жәмийетиниң тийкарларын қәлиплестириўде әҳмийетли роль ойнайды.

Излениўши Ж.Чоршанбиев, пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде жәмийетлик қадағалаўдың әҳмийети ҳаққында пикир жүритип, «жәмийетлик қадағалаў жәмийетте социаллық әдиллик турақлы болыўында шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет байланысларында теңлик, жуўапкершилик болыўы ушын хызмет қылатуғын әҳмийетли усыл есапланады. Ол инсанның ҳуқық ҳәм еркинликлери тек мәмлекет тәрепинен кепиллениўин емес, ал мәмлекет уйымлары жумысында олардың үстинликке ийе болыўын тәмийинлейди.

Жәмийетлик қадағалаў пуқаралар тәрепинен әмелге асырылатуғын қадағалаў болып табылады»[2]-деп жуўмақ шығарады.

Излениўши Ш.Бафаев жәмийетлик қадағалаў ҳаққында былай деп жазады, бүгинги күнде социал-экономикалық процесслерди нәтийжели басқарыў уйымлары қарарлары қаншелли сыпатлы шығарылып, орынлаўшыларға жеткизилиўине ғана байланыслы болып қалмастан, бәлким халықтың усы социал-экономикалық қарарлардың ҳәкимият тәрепинен нәзерде тутылған шешимлерине қатнасы ҳәмде халық мәмлекет ҳәкимлик ўәкилликлерге ийе болған мәмлекет уйымлары тәсир көрсете аладыма ҳәм олардың жумысын қадағалай аладыма деген мәселелерге

---

[1] Гончаров В., Ковалева Л. Об институтах общественного контроля органов исполнительной власти в Российской Федерации \\ Власть 2099. №1. С. 72.

[2] Чоршанбиев Ж. фуқаролик жамияти шаклланишида жамоатчилик назоратининг аҳамияти // Демократлаштириш ва инсон ҳуқуқлари. –Т., 2008. -№2. –Б.14.

байланыслы. Соған байланыслы ҳалда бүгинги күн тәртибинде биринши орынға мәмлекет ҳәм ҳәкимият дүзилмелери хызмети үстинен пуқаралық жәмийети институтлары тәрепинен жәмийетлик қадағалаўды орнатыў мәселеси қойылмақта[1].

Ю.и.к. Ж.Абдуллаев «мәмлекет ҳәкимияты уйымлары үстинен күшли жәмийетлик қадағалаўдың барлығы - пуқаралық жәмийетиниң ең әҳмийетли шәртлеринен бири. Сондай-ақ пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў процессинде пуқаралардың қатнасыўы, жәмийетлик қатнасықларға бийпарўа болмаўы ҳәмде ҳәр бир мәмлекет хызметкери өз жумысының жәмийетлик қадағалаў астында екенлигин билиўи әҳмийетке ийе»[2]-деп корсетеди.

Сондай-ақ, Ж. М. Абдуллаев өзиниң монографиялық изертлеў жумысында: «Жәмийетте усы қадағалаўды арнаўлы әмелге асырыў ўазыйпасы жүклетилген белгили бир система, уйымлар, ресурслар бар болмағанлығы себепли, жәмийетлик қадағалаў институтына қарата абстракт түсиник болып көринседе, социаллық орталықта усы институтлардың роли ҳәмде әхмийети дәл пуқаралық жәмийети институтлары искерлиги арқалы белгили болады»[3] - деп, пикир жүритеди. Усы алымлардан парықлы рәўиште Г.С.Исмаилова қысқа қылып, «жәмийетлик қадағалаўы дегенде, мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлердиң арнаўлы искерлиги түсиниледи[4]»,- деп түсиндирип өтеди. Сондай-ақ, мәселеге ҳәр тәреплеме анықлық киритиў мақсетинде айрым Интернет мағлыўматларына да дыққат бөлдик. Бул системадағы қолға киритken мағлыўматларға қарағанда, **жәмийетлик қадағалаўы** – мәмлекет хызметкерлери яки мәмлекет уйымының өз искерлигин әмелге

[1] Бафаев Ш. Общественный контроль как важный фактор построения демократического правового государства и гражданского общества // Общественное мнение. Права человека. –Т., 2007. -№1. –С.30.
[2] Абдуллаев Ж.М. Фуқаролик жамиятини шакллантиришда оммавий ахборот воситаларининг роли (назарий-ҳуқуқий масалалар). Юрид. Номз. …дис. Автореферати. –Т., 2008. –Б.27.
[3] Абдуллаев Ж. М. Фуқаролик жамиятини шакллантиришда оммавий ахборот воситаларининг роли (назарий-ҳуқуқий масалалар) / Маъсул муҳаррир: юридик фанлари доктори, профессор З. М. Исломов. Ўзбекистон Республикаси Президенти ҳузуридаги Амалдаги қонун ҳужжатлари мониторинги институти, - Тошкент .:2010. – Б.81.
[4] Исмаилова Г.С. Ўзбекистон Республикасида фуқаролар ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятининг назарий-ҳуқуқий масалалари: Юрид. фан. номз…. дисс. –Т.: 2002. –Б. 123.

асырыў ўақтында конституциялық тәртип қорғаўын тәмийнлеў, әдеп-икрамлылық, ден-саўлық, пуқаралардың нызамлы ҳуқық ҳәм мәплерин ҳәмде қәўипсизлик бойынша мәжбүрий талапларын орынлаў үстинен тексериўди әмелге асырыў[1], - деп түсиник берилип өтилген.

Излениўшилер Т.Набиев ҳәм А.Солеевлардың пикиринше, «…мәмлекетимизде алып барылып атырған реформалардың гөзленген нәтийжелерине ерисиўде жәмийетлик қадағалаўды раўажландырыў актуал ўазыйпа есапланады. Жәмийетлик қадағалаўды орнатыўдың зәрүрлиги ең әўеле, мәмлекетимиздиң ҳәзирги раўажланыў басқышында Ўатанымызға қәўип салып атырған ҳәр қыйлы коррупция, дәмегөйшилик, мәҳәллешилик өз ўазыйпасынан пайдаланыў, алдаўшылық, адамлар санасын ҳәр қыйлы усыллар менен зәҳәрлеў сыяқлы қәўиплердиң алдын - алыў ҳәмде оларды жоқ кылыўға хызмет етиўи менен белгиленеди»[2].

Солай етип, жәмийетлик қадағалаўдың мазмуны, мақсети ҳәм формасы ҳаққындағы пикирлер ҳәр қыйлы болып, бул мәселеде улыўма белгиленген анық пикирлер гүзетилмейди.

Пуқаралық жәмийет институтлары тәрепинен әмелге асырылатуғын жәмийетлик қадағалаў, дәслеп жәмийетлик шөлкемлер-сиясий партиялар, жергиликли өзин-өзи басқарыў уйымлары, кәсиплик аўқамлар ҳәм басқа шөлкемлер искерлигиниң үстинликке ийе бағдары есапланады. Атап айтқанда, ҳәкимият уйымларының жәмийетлик шөлкемлери арқалы халық пенен байланысы демократиялық принциплерди қарар таптырыўда әҳмийетке ийе.

Президентимиз Ислам Каримов 2010 жылы 12-ноябрьде болып өткен Олий Мәжилис палаталарының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы»нда басқа тараўлар сыяқлы пуқаралық жәмийет институтларының жәмийет ҳәм мәмлекет

---

[1] www. taraqqiyot.uz

[2] Набиев Т., Солиеев А. Ўзини ўзи бошқариш органлари –жамоатчилик назорати субъектлари сифатида // Фуқаролик жамияти. –Т., 2008. -№2. –Б.17-23.

қурылысындағы ўәкилликлерин кеңейтириўге қаратылған нызамшылықты жетилистириў үстинликке ийе ўазыйпалардан бири екенлигин айрықша түрде атап өтти.

Пуқаралық жәмийетинде мәмлекет ҳәкимияты Конституция ҳәм нызамлар менен тығызланып, мәмлекет, оның уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслары кең жәмийетшилик қадағалаўы астында жумыс алып барады. Басқаша қылып айтқанда, мәмлекет уйымлары искерлиги үстинен ***жәмийетлик қадағалаўды*** әмелге асырыў пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўдиң зәрүрли шәртлеринен бири есапланады. Әсиресе, жәмийетти демократластырыў ҳәм жаңалаў, реформалаў ҳәм модернизациялаў, турмысымыздың барлық тараўларында либералластырыў процесслерин жеделлестириў, нызамлар орынланыўын тәмийнлеўде мәмлекет ҳәкимияты уйымлары искерлиги үстинен жәмийетлик қадағалаўды тәмийинлеў оғада әҳмийетли.

Әдебиятларда билдирилип атырған пикирлерди улыўмаластырып, қысқаша түрде жәмийетлик қадағалаўдың төмендеги анықламасын бериў мүмкин: *жәмийетлик қадағалаў* – пуқаралық жәмийетиниң ажыралмас белгилеринен болып, пуқаралық жәмийети институтлары, *кең жәмийетшилик тәрепинен* мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары, олардың лаўазымлы шахслары искерлигин нызамға муўапықлық көз-қарасынан турақлы қадағалаў ҳәм тексериўди аңлатады. Бул қадағалаў, әдетте, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары, олардың лаўазымлы шахслары искерлигин анализлеў, бул бойынша жәмийетшилик пикирин үйрениў, қәлиплестириў ҳәм тийислисинше баянлаў арқалы әмелге асырылады.[1]

Жоқарыда көрсетилген бәрше факторлар, әлбетте, жәмийетте Конституция ҳәм нызамлардың үстинлигин, тынышлық ҳәм турақлылықты тәмийнлеўге хызмет қылады.

---

[1] Қаранг.: *Хакимов Р.* Мамлакатни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамиятини барпо этишда жамоатчилик назоратини такомиллаштиришнинг долзарб масалалары. // Фуқаролик жамияти”, 2010, №3, – Б.5.

Пикиримизше, қабыл қылыныўы режелестирилген «Жәмийетлик қадағалаў ҳаққында»ғы нызамда жәмийетлик қадағалаўдың предмети,

объекти, принциплери, кепилликлерин белгилеў бойынша пуқаралардың арза ҳәм шағымларына тийкарланып яки тийисли жуўапкер уйымлардың өз басламасы менен пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплери бузылыўы анықланған жағдайда, оларды сапластырыў мақсетинде жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўшы субъектлердиң төмендеги мазмундағы ҳуқықларын да беккемлеў мақсетке муўапық болар еди:

– пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплери бузылыўы ҳаққында тийисли мәмлекет уйымы яки лаўазымлы шахсқа шешиўди сорап, арза менен мүрәжат етиў;

– қадағалаўшы субъект яки арзагөй тәрепинен бузылған ҳуқықын тиклеў ушын судқа даўа арзасы менен мүрәжат қылыўы;

– бузылған ҳуқықты тиклеў мақсетинде мәмлекет уйымы яки лаўазымлы шахстың ҳәрекети (ҳәрекетсизлиги) яки қарары жүзесинен ғәрезсиз жәмийетлик экспертизасы яки мониторингин өткизиў;

– тийисли мәмлекет уйымына инсан ҳуқықларына әмел етилиўин тәмийнлеўди жақсылаў мақсетинде пикир ҳәм усыныслар жибериў;

– тийисли мәмлекет уйымы яки лаўазымлы шахстың инсан ҳуқықларын тәмийинлеў жүзесинен жәмийетлик тексериўин өткизиў.

Жәмийеттиң мәмлекет уйымлары үстинен әмелге асыратуғын қадағалаўы ***арнаўлы субъектлер*** – яғный, пуқаралық жәмийети институтлары тәрепинен айрықша *процедура тәртиплери* тийкарында әмелге асырылатуғын тексериў болып, бунда мәмлекет басқарыўының, инсан ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине әмел етилиўиниң, социаллық қорғаў ҳәм тәмийнаттың сапасы баҳаланады.

Жәмийетлик қадағалаўдың *мазмуны– мәниси* пуқаралық жәмийети институтларының нызам менен оларға берилген ўәкилликлер көлеминде мәмлекетлик уйымлардың, кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлердиң нызамларды орынлаўы үстинен, өз ўазыйпаларын мүнәсип орынлаўы ҳәм

жәмийет мәплерине сай жумыс алып барып атырғанлығы үстинен қадағалаў (гүзетиў, тексериў) орнатылыўында анықланады.

Мәмлекетимизде пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде жәмийетлик қадағалаўдың тәсири ҳәм әҳмийетин асырыў ҳаққында пикир жүритиў менен бирге, республика көлеминде ҳәм жергиликли аймақларда жәмийетлик қадағалаўды муўапықластырыў, уйғынластырыў мәселелери де жоқарыда тилге алынған жойбары додаланып атырған нызамда өзиниң ҳуқықый шешимин табыўы лазым,- деп есаплаймыз.

Жоқарыдағы айтылғанлардан тысқары, жәмийетлик қадағалаў тәсиршең ҳәм нәтийжели әмел қылыўы ушын мәмлекетте социаллық турақлы орталық, социал тең-салмақлылық тийкарындағы жағдай, яғный халықтың социаллық кем тәмийленген қатламлары ушын күшли социаллық қорғаў, даўамлы ҳәм жетик нызамшылық системасы ҳәмде демократиялық институтлар раўажланыўына тийкарланған пуқаралық жәмийети бар болыўы зәрүр.

## §3.Жәмийетлик қадағалаўдың мақсети ҳәм ўазыйпалары

Мәмлекетимизде ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм күшли пуқаралық жәмийетин қурыўда кең көлемли жумыслар алып барылып атырған бир ўақытта жәмийетлик қадағалаўдың орны шексиз. Себеби жәмийетлик қадағалаў демократияның ең зәрүр талапларынан бири болып, ол пуқаралар, ғалаба хабар қураллары, сиясий партиялар, жәмийетлик бирлеспелер, кәсиплик аўқамлар сыяқлы пуқаралық жәмийет институты тәрепинен әмелге асырылады.

Жәмийетлик қадағалаў жәмийетте социаллық әдиллик қарар табыўы ушын шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет байланысларында теңсалмақлылық, теңлик, өз-ара жуўапкершиликке хызмет етиўши тийкарғы фактор есапланады, усы институт инсанлардың ҳуқық ҳәм еркинликлери тек мәмлекет тәрепинен кепилленгенин емес, бәлки

мәмлекет уйымлары хызметинде жоқары әҳмийетке ийе екенлигин тәмийинлейди ҳәм бунда жәмийетлик қадағалаўдын барлығы сиясий ҳәкимияттың сол мәнисте халық қолында болыўының көрсеткиши есапланады.

Жәмийетлик қадағалаўы ең алды менен мәмлекет уйымлары ҳәм лаўазымлы шахслар өз жумысында нызамларға бойсыныўы ҳәм нызамларды орынланыўы, сондай-ақ инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерине әмел етиўи жүзесинен қадағалаўға қаратылыўы керек. Ҳақыйқатында, И.А.Каримов айтқанындай, “Нызамлар орынланыўын тәмийинлеў, мәмлекетте қабыл етилген ҳәм әмелде болған норматив ҳүжжетлерди турмысқа енгизиўде мәмлекет ҳәкимияты уйымлары искерлиги үстинен жәмийетлик қадағалаўын күшейттириў үлкен әҳмийетке ийе”[1].

Жәмийетлик қадағалаў нызамның нәтийжели тәсирин, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерине ҳәм олардың қорғалыўына қарата ҳүрмет қатнасықларын тәмийинлейди, жәмийетлик шөлкемлердиң қатнасыўшыларының жуўапкершилигин асырады. Бул сыяқлы қадағалаў тийисли ҳуқықый тәмийинлеў арқалы пуқараларға өз пикир ҳәм усынысларын еркин билдириў ушын қосымша имканиятлар жаратады. Жәмийетшиликтиң қоллап-қуўатлаўын қәлеген ўәкилликли мәмлекет уйымлары пуқаралардан пуқаралық жәмийети институтларынан келип түскен усыныс ҳәм пикирлер тийкарында мәмлекетте изшил реформаларды әмелге асырыў имканиятына ийе болады.

Бундай қадағалаўдың зәрүрлиги Өзбекистан Республикасы Конституциясы мазмунынан да келип шығады: “Мәмлекет халықтың ерк-ықрарын билдиреди, оның мәплерине хызмет етеди. Мәмлекетлик уйымлар ҳәм лаўазымлы адамлар жәмийеттиң ҳәм пуқаралардың алдында

[1] Каримов И.А. Ўзбекистонда демократик ўзгаришларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти асосларини шакллантиришнинг асосий йўналишлари // Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. 11. – Т.: Ўзбекистон, 2003. – Б.28.

жуўапкерли»(2-статья)[1]. Усы конституциялық норманың әмелге асырылыўы халықтың турақлы қадағалаўында болыўы лазым.

Мәмлекет ҳәм оның уйымлары менен пуқаралық жәмийети институтларының бирге ислесиўи, социаллық шериклиги мәмлекет раўажланыўының нәтийжели кепилликлеринен бири болып есапланады. Тәбиийй, усы шериклик нызамлар шеңберинде, сондай-ақ, әдеп-икрамлылық, мәдeният, үрп-әдет ҳәм дәстүрлер тийкарында болады. Бул процессте соған итибар бериў керек, мәмлекет уйымлары менен пуқаралық жәмийети институтлары түрли мазмундағы социаллық, экономикалық, мәдений, сиясий ҳәм ҳуқықый мәселелер бойынша байланысқа кирисер екен, олар ҳуқықтың тең субъектлери сыпатында майданға шығыўы нәзерде тутылады. Бунда социаллық шериклер өз имканиятларын бирлестирип сәйкес ҳәрекет етиў менен бирге, бир-бирин өз-ара қадағалайды.

Мәмлекетлик уйымлар хызмети үстинен мәмлекетлик қадағалаў менен бир қатарда жәмийетлик қадағалаўдыда күшейттириў мәселеси айрықша әҳмийетке ийе. Тәжирийбе соны көрсетпекте, мәмлекетлик қадағалаў менен жәмийетлик қадағалаў бирге қосылып алып барылғанда ғана оның сапасы бүгинги күнниң талапларына муўапық жуўап береди. Бундағы тийкарғы итибар нызам үстинлиги, Конституция ҳәмде нызам талапларының сөзсиз орынланыўын тәмийинлеўге қаратылады. Бул ҳәрекетлер лаўазымлы шахслардың жуўапкершилигин күшейттиреди ҳәм олар жумысының сапалылығын асырады. Соның менен бирге жәмийетлик қадағалаў мәмлекет ҳәкимияты ҳәм пуқаралар ортасында өз-ара қатнасықларын жақынластырып алға илгерлеўди күшейттиреди.

Мәмлекетимиз басшысы И.А.Каримов “Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы”нда айтқанындай, “Пуқаралық институтлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери бүгинги

[1] [1] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси.- Т.: “Ўзбекистон”, 2012., 4-бет.

күнде демократиялық қәдириятлар, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплерин қорғаўдың әҳмийетли факторына айланбақта.

Пуқаралық жәмийети институтларының мәмлекет ҳәм ҳәкимият структуралары хызмети үстинен тәсиршең жәмийетлик қадағалаўын әмелге асырыўдағы роли жәмийетимизде барған сайын артып бармақта. Бүгинги күнде жәмийетлик ҳәм пуқаралық қадағалаўы институты жәмийеттиң мәмлекет пенен өз-ара нәтийжели байланысын тәмийинлеў, адамлардың кейпиятын, мәмлекетте болып атырған өзгерислерге мүнәсибетин анықлаўдың әҳмийетли қуралларынан бирине айланбақта”[1].

Жәмийетлик қадағалаўдың мақсети төмендегилерден ибарат:

- Пуқаралардың ҳуқықларын, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерине бойсынылыўын тәмийинлеў;
- Мәмлекет уйымлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары искерлигинде нызамлылықты тәмийинлеў;
- Жәмийет мәплерин қорғаў.

Жәмийетлик қадағалаўдың мақсетинен келип шығып, оның ўазыйпалары төмендегише белгиленди:

- Мәмлекет уйымлары ҳәм жәмийеттиң өз-ара тыйым салыў ҳәм мәплер тең-салмақлық системасын тәмийинлеў;
- Мәмлекет уйымлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары тәрепинен нызамларға, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери, нызамлы мәплерине бойсынылыўы ҳәм олардың тәмийинлениў аўҳалы ҳаққында пуқараларды хабардар етиў;
- Мәмлекет уйымлары ҳәм олардың лаўазымлы шахслары тәрепинен нызамга бойсынбаўшылык жағдайларын анықлаў ҳәм кен жәмийетшиликти хабардар етиў, оларды жәмийетшилик жәрдеминде

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислохотларни янада чукурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатнинг 12-ноябр 2010 йилги кўшма мажлисидаги маърузаси./Халқ сўзи, 2010, 13-ноябрь, №220.

сапластырыў, жәмийетлик әдиллик принципин қоллап-қуўатлаў ҳәм хошаметлеў;

- Пуқаралардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин тәмийинлеў тараўында пуқаралық жәмийети институтлары ҳәм мәмлекет уйымларының бирге ислесиўшилиги.

Жәмийетлик қадағалаўын алып баратуғын пуқаралық жәмийети институтларының раўажланыў дәрежеси, әйне ўақытта, жәмийеттиң демократиялық раўажланыў дәрежесине де байланыслы. "Бүгинги күнде мәмлекетимизде жәмийет турмысының ҳәр қыйлы тараўларында 6000 нан зыят мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери жумыс алып бармақта ҳәм бул көрсеткиш 2000 жылға қарағанда 2,5 есеге көп.

Пуқаралар жыйынлары ҳәм өзин-өзи басқарыў уйымлары – мәҳәллелер саны 10 мыңнан артықты қурайды. Булар қатарында "Камалат" жаслар жәмийетлик ҳәрекети, Өзбекистан ҳаял-қызлар комитети, "Саламат әўлад ушын", "Нураный" фондлары, "Ижод" фонды, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер миллий ассосациясы ҳәм басқа жәмийетлик шөлкемлерди санап өтиў мүмкин[1].

Жәмийетлик қадағалаўдың ҳукықый тийкарларын жетилистириў процессинде пуқаралық жәмийети институтларынын роли барған сайын күшейип, олар әмелге асырылып атырған реформаларға нәтийжели үлес қоспақта.

Жәҳән тәжирийбеси соны көрсетеди, бүгинги күнде "нызамлар орынланыўын тәмийинлеў, мәмлекетте қабыл етилген ҳәм әмелде болған нормативлик ҳүжжетлерди турмысқа енгизиўде мәмлекет ҳәкимияты уйымлары искерлиги үстинен жәмийетлик қадағалаўды күшейттириў" жәмийетте Конституция ҳәм нызам үстинлигин тәмийнлеўдиң тийкарғы бағдарларынан бири болып табылады.

---

[1] Каримов И.А. Демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини шакллантириш – мамлакатимиз тараққиётининг асосий мезонидир. Т.19. –Тошкент: O`zbekiston, 2011.– Б.90.

Жәҳән әмелиятынан белгили, жәмийетлик қадағалаўдың тийкарғы мақсети – мәмлекет уйымлары ҳәм жергиликли басқарыўдың нәтийжелигин күшейттириў, мәмлекет сиясатын белгилеў ҳәм әмелге асырыўда лаўазымлы шахслар тәрепинен нызамға әмел қылыўы, сондай-ақ пуқаралар, шөлкемлер ҳәм лаўазымлы шахслардың нәтийжели жумыс алып барыўы ушын көмеклесиўден ибарат. Жәмийетлик қадағалаў тек мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымларының ғана жумысын емес, сондай-ақ, мәмлекетлик емес тармақты да өз ишине алады. Соның менен бирге, бундай формадағы жәмийетлик қадағалаў мәмлекетлик қадағалаўды әмелге асыратуғын мекемелер үстинен де алып барылады.

Мәселен, ғалаба хабар қураллары ҳуқық қорғаў уйымлары пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қай дәрежеде тәмийинлеп атырғанлығын анализлейди. Усы тәризде бул уйымлар хызмети нәтийжелигине тәсир өткереди. Бақлаўдиң бул түринде хабардың әшкаралығы пуқаралық жәмийети институтларына усы уйымлар үстинен бақлаў өткериў имканиятын туўдырады. Өз гезегинде, мәмлекетлик қадағалаў уйымлары жумысының әшкаралығы системаның бюрократия ҳәм коррупциядан қутылыўына, нызам үстинлигине тийкар жаратады.

Мәмлекет уйымлары, соның қатарында ҳуқық қорғаў уйымлары искерлиги үстинен жәмийетлик қадағалаўды күшейттириў:

1) пуқаралардын, мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлердиң, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының мәмлекет ҳәм жәмийетти басқарыўда қатнасыўды;

2) мәмлекет уйымлары лаўазымлы шахслары зорлығы ҳәм коррупцияның алдын-алыўды;

3) пуқараларда мәмлекетке, оның уйымларына болған исениминиң беккемлениўи;

4) жәмийетте бәршениң Конституция ҳәм нызамларға бойсыныўын, нызамлылықты тәмийнлеўде, бар болған иллетлер, соның қатарында

жынаятшылыққа қарсы гүресте пуқаралардың мәмлекет уйымлары менен бирге ислесиў имканиятын және де кеңейиттириўди тәмийнлейди.

Мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары үстинен күшли жәмийетлик қадағалаўы пуқаралық жәмийетиниң әҳмийетли шәрти болып есапланады. Адамлардың белсендилиги, социаллық ўақыяларға анық мүнәсибети, ҳәр бир мәмлекет хызметкериниң өз искерлиги жәмийетлик қадағалаў астында екенлигин терең сезиўи пуқаралық жәмийетинде әдилликтиң үстин болыўына хызмет етеди.

Демократиялық раўажланыў жолынан турақлылық пенен алдынлап барыўымызда жәмийетлик қадағалаўыниң зәрүрлиги және соның менен белгиленеди, жәмийетлик келиспеўшиликлердиң өз ўақтында алдын-алыў, сондай-ақ, қолайсыз жағдайларды пүткиллей сапластырыў ушын нәтийжели ислейтуғын избе-из қадағалаў системасы ҳәм механизмлерин қәлиплестириў лазым.

Айтып өтиў керек мәмлекетимизде демократиялык реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў концепциясы орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде қабылланған Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2011 жыл 14-январьдағы Ф-3562 санлы бийлиги тийкарында пуқаралық жәмийетин қәлиплестириў ҳәм раўажландырыў тараўында әмелге асырыў лазым болған жумыслар бойынша илажлар Дәстүри ислеп шығылып, оған көре, «Жәмийетлик қадағалаў ҳаққында»ғы нызамды ислеп шығыў бойынша 23 адамнан ибарат эксперт топары дузилди. Эксперт курамында Олий Мәжилис Нызамшылык палатасы депутатлары ҳәм Сенатынын ағзалары, Әдиллик Министрлиги, Бас прокуратура ҳәм ишки ислер системасы қәнийгелери, мәмлекетлик емес коммерциялык емес шөлкемлер ҳәм басқа пуқаралық жәмийети институтлары ўәкиллери, илимий изертлеў институтлары ҳәм юридикалық жоқары оқыў орынларынын жетекши қәнийге илимпазлары ҳәмде ғалаба хабар қураллары ўәкиллери бар.

Айрықша атап өтиў керек, бундай нызамшылык нормативлик ҳүжжеттиң қабыл қылыныўы мәмлекет пуқараларын басқарыў процесслерине қатнастырыў арқалы, олардын пуқаралық жәмийети институтлары жумысларында тиккелей қатнасыўы менен бирге мәмлекет уйымлары ҳәм мекемелери жумысын қадағалап барыў имканиятын да береди. Нызамның қабылланыўы жәмийетлик қадағалаўдың ўазыйпаларын анық белгилеп береди, сонлыктан нызам жойбарында пуқаралық институтлары тәрепинен инсан ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерин тәмийинлеўге бағдарланылған нызамшылық ҳүжжетлеринин мәмлекет ҳәкимияты ҳәм олардың лаўазымлы шахслары тәрепинен орынланыўын қадағалаў, халықты ҳәм айрықша социал топарларды мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары ҳәмде ҳуқық қорғаў уйымлары тәрепинен инсанның конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлериниң тәмийинлениўи ҳәм оларға бойсыныўы жағдайы ҳаққында хабардар қылыў, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары олардың лаўазымлы шахслары тәрепинен әмелдеги нызамшылық нормаларына бойсынбағанлық жағдайларын анықлаў, бул ҳаққында кең жәмийетшиликти хабардар етиў оның себеплерин кен жәмийетшилик жәрдеми менен сапластырыў, жәмийетте жәмийетлик әдиллик принципин хошаметлеў, мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымлары жумысының ашық турде екенлигин тәмийинлеў сыяклы мәселелерди өз ишине алған. Нызам жойбары пуқаралық жәмийети институтлары мәмлекет пенен өз ара байланысларына тийисли қатнасықларды анық ҳәм айдын турде белгилеп берди. Бул бир тәрептен пуқараларга мәмлекет ҳәм лаўазымлы шахслар үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыў имканиятын берсе, екинши тәрептен мәмлекет уйымлары искерлиги тараўына тәртипсиз араласыўлардың алдын-алады ҳәм мәплер тен салмақлығын тәртипке салыўды нәзерде тутады.

Өзбекистанда еркин әдил пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде оның тәсиршең институты болған пуқаралардың өзин-өзи басқарыў

уйымларының орны ҳәм әҳмийети үлкен. Бул төмендеги жағдайларда: – мәмлекет тәрепинен пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары искерлигин ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлап атырғанлығында; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының мәмлекет ҳәм жәмийетти басқарыў бойынша ўәкилликлери де, жуўапкершиликлери де басқышпа-басқыш кеңейип барып атырғанлығы; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекет ҳәкимияты уйымлары системасын қәлиплестириўде қатнасыўлары ушын бәрше шараятлардың бар екенлигинде; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳәм оның лаўазымлы шахслары үстинен жәмийетлик қадағалаўын әмелге асырыў ушын бәрше имканиятларға ийе екенлиги; пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары (соның қатарында мәҳәллелер) халқымыздың ески үрп-әдетлери ҳәм дәстүрлери, қәдириятларымызды сақлаў, беккемлеў ҳәм келешек әўладқа жеткериўдиң тийкарғы дереги екенлигинде; жасларға үгит-насият, жеке өрнек, меҳир-мүриўбет, ғамхорлық көрсетиў ҳәм миллети, расасы, социаллық келип шығыўына қарамастан, бәршени аўызбиршиликке шақырыўшы мәскан екенлигинде; мәҳәлле халықтың, оның бәрше қатламларының минез-кулқына күшли тәсир ете алатуғын жәмийетшилик пикирге ийе екенлигинде; шаңарақта, қоңсылар, туўысқанлар ортасында жүзеге келетуғын ҳәр түрли келиспеўшилик ҳәм қарама-қарсылықларды әдил ҳәм руўхый өлшемлер тийкарында сапластырыў имканияты ҳәм қәбилетинде екенлиги; халықтың руўхый, мораллық, ҳуқықый ҳәм ҳәттеки сиясий мәдениятын қәлиплестириў ҳәм жоқарылатыў, олардың пуқаралық белсендилигин асырыў бойынша жүдә үлкен имканиятларға ийе екенлигинде анық көринбекте.

Улыўмаластырып айтқанда, жәмийетлик қадағалаўын әмелге асырыўда пуқаралық жәмийети институтлары айрықша орынға ийе. Олардың бул бойынша имканиятларын туўры баҳалаў ҳәм оннан нәтийжели пайдаланыўға ерисиў лазым. Пуқаралық жәмийети институтлары да жәмийетлик қадағалаўын нәтийжели жолға қойыў арқалы

инсан ҳуқықлары бойынша мәденияттың жетилисиўи, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери толық тәмийнлениўинен, мәмлекетимизде ҳуқықтың үстинлигине ерисиўден, мәмлекетимиздиң ҳәр тәреплеме жетилисиўи ҳәм раўажланыўынан мәпдар.

Мәмлекетте жумыс алып барып атырған жәмийетлик шөлкемлердиң изертленип атырған темадағы белсендилиги де еле кеўилдегидей емес. Мәселен, кәсиплик аўқамларына пуқаралардың мийнет қатнасықлары тараўындағы ҳуқық ҳәм мәплерин қорғаў, жумыс бериўшиниң мийнет нызамшылығына әмел етиўи үстинен қадағалаў алып барыў сыяқлы ўәкилликлер берилген. Бирақ, соңғы жылларда кәсиплик шөлкемлериниң бул тараўдағы белсендилиги сезилмей атыр. Демек, бул жерде шешиўди талап ететуғын анық машқалалар бар. Олардың шешими үстинде, сондай-ақ усы хызметти жолға қойыўдың нәтийжели ҳуқықый механизмлерин жаратыў ҳаққында ойлаўымыз керек.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Өзбекистан Республикасы суверенитетине ерискеннен кейин, ҳәзирги ўақытқа дейин қысқа тарийхый дәўирде әҳмийети ҳәм қамтып алыўы жағынан үлкен ислерди әмелге асырмақта. Өзбекистан өз раўажланыўының анық ҳәрекет дәстүрин ислеп шығып, еркин базар экономикасын, ашық сиясатқа тийкарланған күшли демократиялық мәмлекет ҳәм әдалатлы пуқаралық жәмийетти қурыўға қарай жаңалаў ҳәм раўажланыўымыздың өз шәраятымызға тән ҳәм мас жолын белгиледи. Таңланған жолдың туўрылығы, алдынға қойылған мақсетлердиң реаллығын турмыстың өзи тастыйқлады, себеби Өзбекистан халқының пәраўан турмысын, оның хақ – ҳуқықлары ҳәм еркинлигине кепиллик бериў, миллий дәстүр ҳәм мәденияттың қайта тиклениўи, шахс сыпатында инсанның руўхый – мораллық камал табыўын тәмийинлеў демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм әдил пуқаралық жәмийеттиң әҳмийетли шәртлеринен бири болып есапланады.

Усы илимий жумыс бойынша төмендеги жуўмақ ҳәм усыныслар алға сүрилди:

-қәнийгелестирилиўди және де жетилистириў мақсетинде жаңа баспадағы «Судлар ҳаққында» ғы нызамда (36 - статья) белгиленген ҳәкимшилик ислер бойынша судьялар мәселесин сондай – ақ, салық, транспорт ҳәм басқа тараўлардың қәнийгелестирилген судларын шөлкемлестириў мәселелери шешилиўи тийис.

-Суд ғәрезсизлигин тәмийнлеўде коллегиялық, яғный халық мәсләҳәтшилерин таңлаў ҳәм оларды суд кеңесининдеги қатнасыўшылар менен байланыслы машқала бар. Сыр емес, халық мәсләҳәтшилери жынаят исиниң суд кеңесинде судьяның қәлеўи бойынша шөлкемлестириледи. Айырым халық мәсләҳәтшилери пүткил сайланған ўәкиллик мүддети даўамында санаўлы исте қатнасады ямаса улыўма қатнаспайды. Айырымлары болса, судьяның «турақлы» мәсләҳәтшисине айланып

қалады. Себеби, қайсы мәсләҳәтшилерди усыныў субъекттиң қәлеўине байланыслы.

-Халық мәсләҳәтшилери жынаят ислери бойынша судлаў процессинде судья менен тең қатнасса да бирақ олар ис нәтийжеси бойынша ҳеш қандай жуўапкер болмайды. Халық мәсләҳәтшилери институтын тоқтатыў ямаса оны әҳмийетлилик тәрепинен жаңалаў керек деп есаплаймыз.

-Судлар тәрепинен әдалатлы ҳүкм шығарыўға ерисиўде және әҳмийетли мәселе – суд процессинде тәреплердиң ҳуқық ҳәм миннетлерин теңлестириў арқалы тартысыў ҳәм бәсекениң болыўын тәмийнлейди. Атап айтқанда, суд процессинде прокурор ҳәм адвокатлардың ҳуқықлары ҳәм миннетлери теңлестирилмей турып, судта әдалат қылыў мүмкин болмайды.

Мәселен суд кеңесинде прокурордың бар жоғы тәреп екенлигин, я суд, я пркурордың өзи мақул көрмей атырғанлығы пикиримизди тастыйқлайды, деп ойлаймыз.

Буған прокурордың бақлаў тәртибинде келтирилген протестлери Жоқары Суд Пленумынан баслап, ўәлаят ҳәм Ташкент қалалық судлары басшылығында да көрилиўи мәжбүрий екенлиги ҳаққында прцессуал тәртип бар екенлиги себеп болмақта. Бул тәртип сөзсиз суд кеңесинде тәреп сыпатында қатнасыўы керек болған прокурорға, суд қарарлары үстинен «Бақлаў»ды поцессуал тәртипте беккемлейди. Қарап өтсек, суд мәжилисинде тең ҳуқықлы тәреп деп көрсетилген қорғаўшыға бул ҳуқық берилмеген. Қорғаўшының наразылық билдириў ҳуқықы тәмийнленген ҳалда, бул ҳүжжет мәжбүрий түрде бақлаў инстанциясында көрип шығылыўы белгиленбеген. Бул кемшиликти сапластырыў ўақты келди.

-Өзбекистан Республикасының жаңа баспадағы «Прокуратура ҳаққында» ғы нызамда (34 - статья) белгилениўи бойынша судтың ҳүкми, бийлиги, уйғарыўы ҳәм қарары нызамлы күшке кирген ҳәр қандай исти прокурор өз ўәкилликлер шеңберинде судтан талап етип алыў ҳуқықына

ийе болса – да, бирақ қорғаўшыға бул дәрежеде ҳуқық берилмеген. Бундай ҳуқыққа қорғаўшынында ийе болыўы мақсетке муўапық деп ойлаймыз.

-Пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларының ўәкилликлерин еки топарға ажыратыў мүмкин:

1. Пуқаралар өзин – өзи басқарыў уйымларының «жеке» ўәкилликлери, яғный мәмлекет тәрепинен кепиллик берилген ҳәм халықтың жергиликли әҳмийетке ийе мәселелерин ғәрезсиз шешиўди тәмийинлейтуғын ўәкилликлер.

2. Пуқаралар өзин – өзи басқарыў уйымларына өткерилиўи мүмкин болған мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлери.

3. Мәмлекет ўазыйпаларының қайсы бирин пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына өткериў мүмкин, қайсы бирин өз – ара шешиў лазым екенлигин анықлап алыў қурамалы мәселе. Соның ушын жергиликли әҳмийетке, яғный пуқаралардың күнделикли мүтәжликлерин әмелге асырыў менен байланыслы ўәкилликлерди ғана өзин – өзи басқарыў мекемелерине өткериўди, нызамда белгилеў мақсетке муўапық болар еди. Белгили мәселелерди нызамда қарар таптырыў мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына өткериўди нызамда белгилеў мақсетке муўапық болар еди. Бул мәселелерди нызамда көрсетиў мәмлекеттиң айрықша ўәкилликлерин пуқаралардың өзин – өзи басқарыў уйымларына өткериўдиң ҳуқықый имканиятларын жаратады.

-Пикримизше, парламентимиз палаталарындағы комитет ҳәм комияясиялары искерлигинде сайлаўшылар ҳәм өз сиясый партиялары мәплерин үйренип барыўға еле де үйренип барыўды жолға қойыў керек.

-«Жәмийетлик қадағалаў» түсинигин изертлеўдиң еки жолын ажыратыўымыз мүмкин:

Биринshиси, семантикалық, бунда изертлеўшиниң тийкарғы ўазыйпасы- анық тарийхый басқышта мәмлекетлик уйымлардың искерлигин жәмийетлик қадағалаў сыпатында түсинилетуғын қубылыстың әҳмийетли белгилерин қамтып алыў;

екиншиси функционаллық, бунда жәмийетлик қадағалаў мәмлекетлик емес институтлар ҳәм айырым пуқаралардың искерлигиниң бир түри сыпатында анықланады.

-жәмийетлик қадағалаў пуқаралық жәмийетиниң ажыралмас белгилеринен бири есапланады. Лекин мәмлекет басқармалары, сол есаптан, атқарыўшы хәкимият уйымлары үстинен әмелге асырылатуғын жәмийетлик қадағалаўының механизми қандай? Пикиримизше, алдын-ала, усы механизм статикалық ҳәм динамикалық жағдайда тийисли қурамлық элементлерден ибарат болыўына итибар қаратыў лазым.

Биринши ҳалатта жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўшы субьектлер системасы (булар пуқаралық жәмийети институтлары: яғный сиясий партиялар, инсан ҳуқықлары бойынша Омбудсман, жәмийетлик ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, түрли фондлар, бирлеспе ҳәм ассоциациялар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, ғалаба хабар қураллары ҳәм басқалар).

Екинши ҳалатта усы субьектлердиң искерлиги, усы искерлик формалары, усыллары ҳәмде пуқаралық жәмийети институтлары ортасындағы байланыс қатнасықлары нәзерде тутылады.

Солай етип, жоқарыдағылардың барлығын есапқа ала отырып, бул бойынша әмелдеги нызамшылыққа тийисли өзгерислер киритип барыўымыз тийис.

Қулласы, пуқаралық жәмийети жеке ҳәкимлилик режимине, өзбасымшалыққа, класслық келиспеўшиликке, тоталитаризмге, адамлар үстинен зорабанлыққа орын болмаған, нызам, ҳуқық, морал, инсаныйлық ҳәм социаллық әдиллик принциплерин ҳүрмет ететуғын ҳәмде инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқықлары, еркинликлериниң хақыйқый қорғаны еңгизилетуғын еркин, демократиялық ҳәм ҳуқықый цивилизацияласқан жәмийет.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

## 1.Президент И.А.Каримовтың илимий мийнетлери

1.1. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т.7. – Тошкент: Ўзбекистон, 1999. – 413 б.

1.2. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. Т.8. – Тошкент: Ўзбекистон, 2000. – 525 б.

1.3. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз масъулмиз. Т.9. – Тошкент: Ўзбекистон, 2001. – 439 б.

1.4. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т.10. – Тошкент: Ўзбекистон, 2002. – 432 б.

1.5. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т.11. – Тошкент: Ўзбекистон, 2003. – 320 б.

1.6. Каримов И.А. Тинчлик ва хавфсизлигимиз ўз куч-қудратимизга, ҳамжиҳатлигимиз ва қатъий иродамизга боғлиқ. Т.12. – Тошкент: Ўзбекистон, 2004. – 400 б.

1.7. Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т.13. – Тошкент: Ўзбекистон, 2005. – 448 б.

1.8.Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. «Халқ сўзи», 2005 йил 29 январь.

1.9. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқ ва эркинликлари – олий қадрият. Т.14. – Тошкент: Ўзбекистон, 2006. – 280 б.

1.10. Каримов И.А. Жамиятни эркинлаштириш, ислоҳотларни чуқурлаштириш, маънавиятимизни юксалтириш ва халқимизнинг ҳаёт даражасини ошириш – барча ишларимизнинг мезони ва мақсадидир. Т.15. – Тошкент: Ўзбекистон, 2007. – 320 б.

1.11. Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва иқтисодиётимизни барқарор ривожлантириш йўлида. Т.16. –Тошкент: Ўзбекистон, 2008.

1.12. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. –Т.: Ўзбекистон, 2008.

1.13. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш бизнинг олий мақсадимиз. Т.17. – Тошкент: Ўзбекистон, 2009. – 280 б.

1.14. Каримов И.А. Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамияти барпо этиш – устувор мақсадимиздир / Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 28 январь.

1.15. Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси // Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг 2010 йил 12 ноябрь Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси. – Тошкент: Ўзбекистон, 2010.

1.16. Каримов И.А. Мамлакатимизни модернизация қилиш йўлини изчил давом эттириш – тараққиётимизнинг муҳим омилидир. // Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 18 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси. // Халқ сўзи. 2010 йил 8-декабрь.

1.17. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиши останасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011.

1.18. Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш – бизнинг бош мақсадимиздир. 07.12.2012 // http://www.press-

service.uz/uz/news/4933/

1.19. Каримов И.А. Амалга ошираётган ислоҳотларимизни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти қуриш - ёруғ келажагимизнинг асосий омилидир. 06.12.2013 // http://www.press-service.uz/uz/news/4533/

1.20. Каримов И.А. Мамлакатимизни демократик янгилаш ва модернизация қилишга қаратилган тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириш – бош мақсадимиздир/ Президент Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Конституцияси қабул қилинганининг 22 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузаси // Халқ сўзи. 2014 йил 6-декабрь.

1.21. Ўзбекистон Республикасининг Президенти И.А.Каримовниг 2015 йил 23-январьдаги Олий Мажлис Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маърузаси. //Халқ сўзи 2015 йил 24-январь.

1.22. Ислом Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Президенти лавозимига киришиш тантанали маросимига бағишланган Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи // http://www.gov.uz/uz/news/view/1336.

## 2. Норматив – ҳуқықый ҳүжжетлер:

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. Т.: «Ўзбекистон», 2014.

2. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. Н.: «Билим», 2014.

3. Ўзбекистон Республикасининг «Референдум якунлари ҳамда давлат ҳокимияти ташкил этилишининг асосий принциплари тўғрисидаги Конституциявий қонуни.-Т.: «Ўзбекистон», 2002.

4.Ўзбекистон Республикаси Олий Мажилисининг «2002 йил 27 январдаги Референдуми якунлари юзасидан қонунчилик ишларининг асосий йўналишлари тўғрисида»ги қарори.-Т.: «Ўзбекистон», 2002.

5. Ўзбекистон Республикасининг «Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий суди тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2014 й., 4-сон, 45-модда, 20-сон, 222-модда.

6. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий судининг регламенти. ЎзР Конституциявий судининг Ахборотномаси.-Т., «Шарқ»,1998.2-сон.

7. Ўзбекистон Республикасининг янги таҳрирдаги «Судлар тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг Ахборотномаси, 2014 й., 4-сон, 45-модда.

8. Ўзбекистон Республикасининг «Прокуратура тўғрисида»ги Қонуни (янги таҳрири). Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2012 й., 38-сон, 433-модда.

9.Ўзбекистон Республикасининг Фуқаролик процессуал кодекси.-Т., «Адолат», 2014.

10. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят процессуал кодекси.-Т., «Адолат», 2014.

11. Ўзбекистон Республикасининг Хўжалик процессуал кодекси.-Т., «Адолат», 2014.

12. Ўзбекистон Республикасининг «Ўзбекистон Республикасида жамоат бирлашмалари тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2014 й., 50-сон, 588-модда.

13. Ўзбекистон Республикасининг «Нодавлат нотижорат ташкилотлари тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2014 й., 50-сон, 588-модда.

14. Ўзбекистон Республикасининг «Нодавлат нотижорат ташкилотлари фаолиятининг кафолатлари тўғрисида»ги Қонуни.

Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2008 й., 51-сон, 500-модда.

15. Ўзбекистон Республикасининг «Касаба уюшмалари, уларнинг ҳуқуқлари ва фаолиятининг кафолатлари тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2002 й., 1-сон, 20-модда.

16. Ўзбекистон Республикасининг «Ижтимоий шериклик тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2014 й., 39-сон, 488-модда.

17. Ўзбекистон Республикаси Президентининг «Фуқаролик жамияти институтларини ривожлантиришга кўмаклашиш борасидаги қўшимча чора-тадбирлар тўғрисида»ги Қарори. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2013 й., 51-сон, 660-модда.

18. Ўзбекистон Республикасининг «Давлат ҳокимияти ва бошқаруви органлари фаолиятининг очиқлиги тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2014 й., 19-сон, 209-модда.

19. Ўзбекистон Республикасининг «Сиёсий партиялар тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2014 й., 4-сон, 45-модда.

20. Ўзбекистон Республикасининг «Жисмоний ва юридик шахсларнинг мурожаатлари тўғрисида»ги Қонуни. Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2014 й., 49-сон, 578-модда.

21. Ўзбекистон Республикасининг «Фуқароларнинг ўзини ўзи бошқариш органлари тўғрисида»ги Қонуни (янги таҳрири). Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2013 й., 17-сон, 219-модда.

## Арнаўлы әдебиятлар:

1. З.М. Исломов. Давлат ва ҳуқуқнинг умумназарий муаммолари: ҳуқуқни тушуниш, ҳуқуқий онг ва ҳуқуқ ижодкорлиги. Тошкент 2005.

1. Қирғизбоев М. Фуқаралик жамияти: сиёсий партиялар, мафкуралар, маданиятлар.Т.:Шарқ.

2. Основы политической науки. Часть II.-М.: МГУ им. М.В.Ломоносова, 1996.

3.Ористейн Норман. Демократик жамиятда қонун чиқарувчи ҳокимият ўрни-Озодлик рисоласи:-Вена: АҚШ информация агентлиги, 1994.

4. Анхайер Х. Гражданское общество и «Третий сектор». Журнал «Deutschland", №5.

5. Ўзбекистон жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ қилиш йўлида. Тошкент, «Академия», 2005 й.

13. Левитин Л., Карайл Д. Ислам Каримов- Президент нового Узбекистана.-Т.: «Ўзбекистон», 1996.

14. Левитин Л. На историческом повороте. Критические заметки сторонника Ислама Каримова, М.: Вега, 2001.

15. Левитин Л. Ўзбекистон тарихий бурилиш палласида.-Т.: «Ўзбекистон»,2001.

19. Шодиев Н. Ўзбекистон миллий тикланиш босқичида.-М.:Вега, 1999.

20. Миллий давлатчилик, истиқлол мафкураси ва ҳуқуқий маданият тўғрисида.-Т.: ИИВ Академияси, 1999.

21. Давлат ва ҳуқуқ назарияси: Олий ўқув юртларининг ҳуқуқшунослик мутахасисилиги бўйича таълим олаётган талабалар учун. // Бапоев Ҳ.Б. ва б. Масъул муҳарир Ҳ.Б. Бапоев, Ҳ.Т. Одилқориев.-Т.: Иқтисодиёт ва ҳуқық дунёси, 2000.

22. Муҳитдинова Ф. Референдум - демократиянинг зоҳир булиши.// Халқ сўзи, 2002йил 20 февраль.

23. Шарифхўжаев М. Становление открытого гражданского общества в Узбекистане.-Т.: Мир экономики и права, 2002.

24. Шарифхўжаев М. Ўзбекистон: янги ғоялар, янги ютуқлар.-Т.: «Шарқ», 2002.

25. Шарифхўжаев М. Годы, равные векам.-Т.: ТФИ,2002.

26. Саидов А. Жузжоний А. Шарқ ва инсон ҳуқуқлари.-Т.: 1998.

27. Ўринов С. Фуқаролик жамияти. // Мулоқот, 1999, 2-сон.

28. Локк Д. Избранные философские произведения.Т.2.-М 1960.

29. Абдусаломов М. Ўзбекистон Республикаси хўжалик судлари.-Т.: «Шарқ» 1998.

30. Мингбоев У.Қ. Суд шундай ҳокимиятки…-Т.: «Шарқ», 1999,288.

31. Монтескье Ш. Избранные прозведения-М.: 1995.

32. Суд- ҳуқуқ сохасидаги ислоҳотлар (амалий қўлланма)-Т.: 2002.

33 Савицкий В.М. Организация судебной власти в Российской Федерации.-М., 1996.

34. Таджиханов У., Одилқориев Х., Саидов А. Ўзбекистон Республикасининг Конституциявий ҳуқуқи.- «Шарқ», 2001.

35. Миршоҳид Мирҳамидов. Ўзбекистон: демократик ҳуқуқий давлат ва фуқаролик жамияти қуриш йўлида. Тошкент, «Университет», 2003.

36. Қаюмов Р., Мирҳамидов М. ва бошқалар. Ўзбекистон Республикаси Конституциясини ўрганиш курси.-Т., «Ўзбекистон»,2001.

37. Ҳусанов О. Ўзбекистон Республикаси давлат органлари.-Т., «Шарқ», 1996.

39. Гегель. Философия права.-М.: 1990.

40. Шершенович Р.Ф. Общая теория права.-М.: Политиздат, 1990.

41. Саидов А., Тожихонов У. Давлат ва ҳуқуқ назарияси.-Т.: «Адолат»,2001.

42. Мингбоев У. Демократик жараёнлар ва суд-ҳуқуқ ислоҳоти.// Қонун номи билан. 2001 йил, 1-сон.

43. Таджиханов У. Ҳуқуқий ислоҳотлар: муаммолар ва ислохотлар.// Ҳуқуқ.2000 йил, 1-сон.

44. Муҳитдинов Ф. Суд ислоҳотига оид мулаҳазалар.// Ҳаёт ва қонун.

йил, 6-сон.

45. Бобоев Ҳ. Ривожланган мамлакатларда суд ҳокимияти. // Қонун номи билан. 2000 йил, 1-сон.

46. Никольсен Р.Д. Какой должна быть судебная власть.// Ҳуқуқ. 1999 йил, 3-сон.

47. Ражабов М. Суд - ҳуқуқ тизимини ислоҳ қилиш муаммолари. «Ҳуқуқ» . 2000 йил, 2-сон.

48. Баҳриев К. Демократия ва суд ҳокимияти.// Ҳаёт ва қонун. 1997 йил, 12-сон.

49. Саидов А. Фуқаролик жамияти ва сиёсий ислоҳотлар. // Мулоқот. 2000 йил 5-сон.

50.Саидов А. Фуқаролик жамиятини шакллантириш йўлида. // Халқ сўзи. 2002 йил 11 сентябрь.

51. Одилқориев Ҳ. Конституция ва фуқаролик жамият.-Т: «Шарқ», 2002.

57. Шораҳметов Ш.Ш. Ўзбекистон Республикасининг хўжалик процессуал ҳуқуқи.-Т. Адабиёт жамғармаси, 2001.

58. Г.Юлдашева, М.Махаматов. Инсон ҳуқуқлари умумжахон декларацияси ва Ўзбекистон Республикасида инсон ҳуқуқларини ҳимоя қилишнинг миллий тизими. Т. ТДЮИ. 2008 й.

59. Ҳ.Б.Бобоев, Е.Д.Қутыбаева, М.А.Утемуратов, С.Б.Танирбергенов. Сиясий ҳәм ҳуқықый тәлийматлар тарийхы. Т. ТДЮИ. 2009.

60. Танирбергенов С.Б. Ўзбекистонда ҳуқуқий давлат ва фуқаролик жамиятини шакллантиришнинг ҳуқуқий асослари ҳақида. ҚМУ Хабаршысы. №1. 2009.

61.Хожагелдиев А.У. Политические институты Республики Узбекистан в условиях формирования гражданского общества. ҚМУ Хабаршысы. №1. 2009.

62. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының жәмийетлик қадағалаў системасында тутқан орны. Е.Қутыбаева, З.Реймова, М.Адилова, Б.Дауменов, Ғ.Низаматдинов. Н.: «Qaraqalpaqstan», 2014.

**Интернет материаллары:**

1. http://lex.uz
2. http://www.press-service.uz
3. http://www.gov.uz
4. http://www.ksu.uz
5. http://www.minjust.uz
6. http://ziyonet.uz
7. http://uza.uz